



## **ICKL – ITECA – PAJ – PAPDA – SAKS – SOFA**

---

**Mwayen patisipasyon sitwayen ayisyen yo nan lavi politik peyi a:  
tèren batay ak rapò fòs.**

**EDISYON 2023**

## PLAN DOKIMAN AN

Alapapòt.....	4
1 Dimansyon fondamantal nan konstriksyon rapò fòs .....	6
1.1 Kisa rapò fòs la ye? .....	6
1.2 Kisa ki bay rapò fòs yo mwayen enfliyans yo?.....	6
1.3 Pèspektiv .....	7
1.3.1 Sentèz rapò 3 atelye sou kapasite enfliyans mouvman sosyal ak popilè yo .....	7
1.4 Diskisyon ak kòmantè .....	8
2 Prezantasyon rezilta travay yo.....	16
2.1 Pwopozisyon ki soti nan kad echanj travay atelye yo.....	18
2.1.1 Pwopozisyon final.....	19
2.2 Diskisyon ak kòmantè .....	20
3 Kapasite enfliyans fòs pwogresis ayisyen yo nan konjonkti sosyal ak politik jounen jodi a: inisyativ ki ap devlope yo. ....	22
3.1 Kisa yon konjonkti ye?.....	22
3.2 Fòmasyon sosyal Ayisyèn nan.....	22
3.3 Lyen ant estrateji ak konjonkti .....	23
3.4 Èske genyen yon fòs pwogresis nan peyi a? .....	24
3.5 Defi ki lye taktikman pou yon fòs pwogresis parèt.....	24
3.6 Ki pèspektiv ki kapab pèmèt nou konprann epi ranmase defi sa a?.....	25
3.7 Diskisyon ak kòmantè .....	26
4 Chanjman nan rapò ekonomik mondyal yo : ki opòtinite pou Ayiti ?.....	30
4.1 Presizyon sou konsèp mondyalizasyon .....	30
4.2 Gran peryòd mondyalizasyon kapitalis la .....	30
4.3 Konsekans mondyalizasyon kapitalis la sou planèt la .....	33
4.4 Ayiti nan pwosesis mondyalizasyon kapitalis la .....	35
4.5 Refleksyon pou redefini Ayiti parapò ak sistèm mondyal la.....	36
4.6 Diskisyon ak kòmantè .....	38
5 Reyòganizasyon lit revandikatif yo ann Ayiti: defi ak opòtinite jounen jodi a .....	43

5.1	Enpòtans aksyon nan batay nou ap mennen yo.....	43
5.2	Divizyon kòm feblès mouvman popilè a .....	43
5.3	Posibilite pou batay yo te relanse .....	43
5.4	Opòtinite Akò Montana a te ofri .....	44
5.5	Konsta echèk Leta a .....	44
5.6	Diskisyon ak kòmantè .....	45
6	Bès lit revandikatif yo ak mank enfliyans aktè/aktris mouvman sosyal ak popilè yo : ki leson?	48
6.1	Èske se mank enfliyans aktè mouvman sosyal ak popilè yo ki lakòz bès lit revandikatif yo? Ki kote mank enfliyans aktè sa yo soti? .....	48
6.2	Klas sosyal ak mòd pwodiksyon .....	48
6.3	Diskisyon ak kòmantè .....	51
7	Vid enstitisyonèl ak degradasyon pouvwa piblik yo : defi ak opòtinite pou mouvman sosyal ak popilè yo kreye nouvo rapò fòs .....	54
7.1	Destriktirasyon total Leta a .....	54
7.2	Defisi yon altènativ politik.....	55
7.3	Èske vid la se yon defi?.....	55
7.3.1	Lòt aspè enpòtan ki fè vid la se yon defi: .....	55
7.4	Èske vid la pa pote opòtinite ? .....	56
7.5	Diskisyon ak kòmantè .....	57
8	Ki pwojè politik pwogresis devan vid enstitisyonèl ak degradasyon pouvwa piblik yo nan peyi a ?	62
8.1	Kisa yon pwojè politik osnon yon pwojè sosyete ye ?.....	62
8.2	Ki pwojè politik ki ap aplike nan peyi a/kisa ki nannan pwojè politik sa a ? .....	63
8.3	Konsekans pwojè politik sa a sou peyi a globalman, sou mas yo ak sou enstitisyon yo	64
8.4	Lit ki mennen kont pwojè sa a .....	64
8.5	Pou yon pwojè politik altènatif .....	65
8.5.1	Nou dwe klè sou kalite pwojè nou vle pote a .....	65
8.5.2	Estriktiki pou pote pwojè a .....	65
8.5.3	Metè kanpe yon pwogram politik .....	65
8.6	Diskisyon ak kòmantè .....	66
9	Chapant ekonomi peyi a .....	72

9.1	Kisa ekonomi an ye .....	72
9.2	Peryòd Nomad yo.....	72
9.3	Peryòd sedantè yo.....	72
9.4	Relasyon sosyal pwodiksyon yo .....	73
9.4.1	Kijan nou kapab etidye relasyon sosyal pwodiksyon yo .....	73
9.5	Analiz sistèm ekonomik.....	73
9.6	Mak fabrik ekonomik peyi Dayiti .....	74
9.7	Konstriksyon altènativ ekonomik .....	77
9.8	Diskisyon ak Kòmantè .....	78
10	Konstriksyon altènativ ekonomik yo: nan kad ki pwojè politik global.....	80
10.1	Kisa ki yon altènativ?.....	80
10.2	Kisa nou idantifye kòm eksperyans nan òganizasyon yo ki se altènativ ki ap boujonnen ? .....	81
10.3	Pèspektiv ki kapab pèmèt altènativ n ap mennen yo deplòtonnen epi enpoze yo kòm modèl ekonomik.....	83
10.4	Kijan fòs politik pwogresis yo kapab ranmase altènativ ekonomik yo pou entegre yo anndan yon pwojè politik global ? .....	83
10.5	Diskisyon ak kòmantè .....	84
	Pou fini.....	88

## Alapapòt

Inivèsite Popilè a se yon inisyativ Enstiti Kiltirèl Karl Lévêque (ICKL), Enstiti Teknoloji ak Animasyon (ITECA), Pwogram pou yon Altènativ Jistis (PAJ), Platfòm Ayisyen ki ap fè Pledwaye pou yon Devlopman Altènatif (PAPDA), Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal (SAKS) ak Solidarite Fanm Ayisyèn (SOFA). Se yon espas echanj, fòmasyon ak diskisyon ant yon ansanm aktè, òganizasyon ak mouvman sosyal ak popilè ayisyen yo pou pote lide, bati konesans ansanm epi defini yon seri estrateji pou mennen yon seri aksyon ansanm.

Se yon inisyativ ki egziste depi plis pase 20 lane. Depi 2014, nou pran abitud òganize yon pwogram sou twa (3) lane. Ane 2023 sa a, nou nan twazyèm ane yon pwogram ki te kòmanse an 2021 ki ap dewoule anba yon tèm jeneral ki se: *Demokrasi ak mouvman sosyal ann Ayiti*. Anndan tèm jeneral sa a, toujou genyen yon tèm espesyal ki soti chak lane. Tèm pou edisyon ete 2023 a se : *Mwayen patisipasyon sitwayen yo nan lavi politik peyi a: tèren batay ak rapò fòs*. Diskisyon yo ap fèt sitou sou ki tèren nou goumen, nou abitye goumen, ki kalte rapò fòs nou kreye epi kòman nou kapab kreye nouvo rapò fòs ki kapab kòlte ak defi nou ap viv jounen jodi a.

Pou ane 2023 sa a, parapò ak kontèks kote deplasman moun vin pi difisil, nou te oblije jwenn yon fòm travay ki mache ak reyalyte a. Anvan sesyon manch long lan, nou te òganize twa (3) atelye nan twa (3) gran rejyon nan peyi a kote se menm kontni diskisyon yo ki fèt nan tout atelye yo. Premye a te fèt nan Sid 30 ak 31 me, li te reyini òganizasyon ki soti nan Sid, Sidès, Nip, Grandans ak yon pati nan Lwès la ki se Tigwav. Dezyèm nan te fèt 24 ak 25 jen nan Plato Santral pou òganizasyon ki soti nan Gran Nò yo. Dènye a te fèt 7 ak 8 jiyè nan Lwès espesyalman nan Pòtoprens.

Travay sa a fè yon ranmase sou tout kontni diskisyon ki te fèt nan kad edisyon 2023 Inivèsite Popilè a. Nou espere li ap ede moun ak òganizasyon ki ap travay pou konstwi yon peyi ki garanti libète ak patisipasyon sitwayen yo, yon peyi ki granmoun tèt li epi ki garanti aksè ak byen ak sèvis ki fondamantal pou tout moun viv nan diyite.

**MOMAN TRAVAY ANSANM**

# 1 Dimansyon fondamantal nan konstriksiyon rapò fòs

---

Entèvenan : Kepler Aurélien

## 1.1 Kisa rapò fòs la ye?

Rapò fòs la se yon relasyon konfli (ouvè oubyen kache) ant plizyè pati oubyen klas sosyal ki genyen enterè depaman. Parapò ak zam oubyen zouti pati ki an konfli yo genyen yo, relasyon konfli sa a pwodui yon kapasite enfliyans debalanse pou aji sou konjonkti a osinon sou eleman ki mete pati yo an kontradiksyon. Genyen moman kote relasyon enfliyans debalanse a konn ranvèse oubyen eleman ki sèvi zam enfliyans la chanje, lè sa a genyen nouvo rapò fòs ki parèt. Pou nou konprann pi byen, nou ap fè konsiderasyon sou twa egzanp nan listwa peyi a kote rapò fòs yo te chanje.

- Nan eleksyon 16 desanm 1990 yo, fòs enperyalis yo pa t rive mete Marc Bazin sou pouvwa a.
- Epizòd 6 ak 7 jiyè 2018 la te fè gouvènman an kanpe sou desizyon pou te monte pri gaz la.
- Depi fen lane 2019 gang ak zam yo (sitou avèk kreyasyon *G9 an fanmi ak alye* nan lane 2020) rive kase mouvman kontestasyon ki t ap mande « *Kot kòb Petwòkaribe a ?* ».

Men li enpòtan tou pou nou gade kisa ki te rann nouvo rapò fòs sa yo posib. Nan sans sa a, fòk nou gade kisa jeneralman ki te sèvi mwayen enfliyans nan rapò fòs yo.

## 1.2 Kisa ki bay rapò fòs yo mwayen enfliyans yo?

Nan mwayen enfliyans yo, genyen ki estriktirèl konsa tou genyen ki konjonktirèl.

- Lopinyon piblik (mwayen kominikasyon, pwodiksyon lide san rete, figi moun ki respekte, rapò ankèt òganizasyon dwa moun yo)
- Kapasite pou bòykòt (sa lye ak kapasite pou pwodui yon kontestasyon vyolan pou fè advèsè a fè bak sou yon desizyon)
- Kontrent jiridik ak enstitisyonèl nan nivo nasyonal kou entènasyonal (sa mande yon prezans enfliyan nan aparèy Leta a ak enstitisyon entènasyonal yo, sitou nan pòs ki genyen mwayen sanksyon yo)

- Represyon (lapolis, lame, gwoup sivil ame, vyolans popilè elt.)
- Resous materyèl ak finansye
- Rezo relasyon avèk òganizasyon, notab, lidè kominotè ki rive tabli yo (pou devlope enfliyans nan lit revandikatif ak eleksyon).

Kilès nan mwayen enfliyans sa yo (oubyen lòt nou pa site la) ki te dominan nan chak egzanp nouvo rapò fòs nou te pran pou gade kisa rapò fòs la ye ? Jeneralman se plizyè mwayen ki konbine ansanm avèk youn ki dominan.

### **1.3 Pèspektiv**

Ki mwayen enfliyans fòs pwogresis yo genyen jounen jodi a ? Ki nouvo rapò fòs nou kapab konstwi jounen jodi a ak mwayen enfliyans sa yo ? Kisa nou kapab chanje avèk nouvo rapò fòs sa yo ? Pou nou reponn kesyon sa yo, nou ap prezante yon sentèz sou twa atelye (atelye nan Nò, atelye nan Sid ak atelye nan Lwès) ki te fèt nan kad pwogram inivèsite popilè 2023 a. Fòk nou presize nan kad atelye sa yo, patisipan yo te analize kapasite enfliyans òganizasyon pwogresis yo sou baz eksperyans yo fè nan nivo lit revandikatif ak konba lopinyon piblik, nan enstitisyon Leta yo, nan konba elektoral ak nan aktivite ekonomik.

#### **1.3.1 Sentèz rapò 3 atelye sou kapasite enfliyans mouvman sosyal ak popilè yo**

Mouvman sosyal ak popilè yo genyen anpil angajman nan lit revandikatif ak konba lopinyon piblik (manifestasyon, sitin, nòt pou laprès elt.) : batay kont dappiyanp sou tè, batay kont pwojè eksplwatasyon min, batay kont koripsyon ak lavi chè. Men angajman sa yo pa rive konstwi rapò fòs ki chanje sityasyon yo nou ap konbat la. Nou nan rezistans san rete ki pa janm rive debouche sou yon pwosesis chanjman.

Òganizasyon ki te patisipe nan atelye yo pa rive idantifye anpil rezo enfliyans yo plante nan nivo diferan sektè aktivite sa yo rele « *sosyete sivil la* ». Yo pa genyen anpil eksperyans nan patisipe nan konsiltasyon ki ap fèt nan komin yo, nan depatman yo sou yon seri dosye kle. Kidonk, malgre anpil angajman yo genyen nan lit revandikatif ak batay lopinyon piblik la, yo pa rive jwenn rekonesans kòm enpòtans pou di mo pa yo sou yon seri dosye tankou pwojè refòm nan sektè piblik la, sekirite kominote yo, konstriksyon nouvo enfrastrikti nan kominote yo, chwa moun pou monte Biwo Kominal Elektoral (BEK) ak Biwo Elektoral Depatmantal (BED).



Kanta enfliyans nan enstitisyon Leta yo, nou kapab konte sou dwèt grenn eksperyans òganizasyon nan mouvman sosyal ak popilè yo fè nan sans sa a, kit se nan pòs nominatif nan administrasyon piblik la, kit se nan pòs elektif yo. Genyen kèk grenn eksperyans nan edikasyon, nan domèn asirans vyeyès. Men anpil fwa se kèk manm òganizasyon yo ki fè yon eksperyans pèsònèl, san se pa òganizasyon an ki oryante manm li yo sou baz ajennda li. Men eksperyans pèsònèl sa yo kapab itil òganizasyon yo selon jan yo konsidere eksperyans sa yo. Nan pòs elektif yo, genyen kèk grenn eksperyans nan palman an (ki pa anpil) epi genyen eksperyans nan kolektivite teritoryal yo. Eksperyans sa yo pa ede òganizasyon yo pote gwo chanjman nan reyalite mouvman sosyal ak popilè yo ap konbat yo, ni yo pa ede yo chanje vizyon sou posiblite konstriksyon nouvo rapò fòs anndan enstitisyon Leta yo. Atelye yo te montre yon tandans majoritè ki ale nan sans ditans ak aparèy Leta a, yon tandans pou repwoche moun ki al fè eksperyans anndan Leta a san se pa fòs pwogresis yo ki rive pran Leta a nan tout nivo.

Eksperyans Ekonomi Sosyal Solidè (ESS) yo rete prensipalman aktivite pou reziste kont lamizè. Yo pa pote gwo chanjman ni nan lavi moun ak òganizasyon ki ap pote yo ni nan kominote kote yo ap dewoule yo. Nan grenn ka kote eksperyans sa yo rantab sou plan finansye ak sosyal, rekonesans sa a bay òganizasyon ki ap mennen inisyativ sa yo nan kominote a pa rive antre nan yon estrateji pou tabli rezo enfliyans nan zòn yo. Anpil fwa tou, eksperyans ekonomi sosyal ak solidè òganizasyon yo ap mennen yo separe ak batay òganizasyon yo ap mennen sou teren lit revandikatif yo. Se nan kèk grenn ka lajan eksperyans sa yo rapòte yo kontribye nan sipòte konba òganizasyon yo ap mennen nan kominote yo. Kontribisyon sa yo rete limite paske anpil eksperyans Ekonomi Sosyal ak Solidè ki ap fèt nan peyi a rete nan kad ti echèl. Sa vle di yo rete nan seksyon kominal yo, nan komin yo men yo pa rive tabli nan yon nivo ki plis laj.

Globalman, rezilta 3 atelye yo montre mouvman sosyal ak popilè ayisyen yo pa devlope gwo kapasite enfliyans pou dekonstwi nouvo rapò fòs nan sans ajennda yo bay tèt yo.

## **1.4 Diskisyon ak kòmantè**

Nan diskisyon sou eksperyans nan Leta a, genyen youn nan atelye yo patisipan yo te mete anpil aksan sou patisipasyon mouvman sosyal ak popilè yo nan Leta a. Genyen nan yo ki te klè sou pozisyon sa a : chanjman nou ap chache yo pa posib andeyò Leta a. Pami tout pèspektiv ki te sòti yo, genyen youn ki te mete aksan sou kijan li enpòtan pou nou menm militan fè yon refleksyon sou tèt nou epi gade ki modèl rapò nou dwe genyen ak Leta. Nan sans sa a, li enpòtan pou nou kontinye gade pèspektiv sa a nan echanj ak diskisyon nou yo.

***Kijan nou eksplike vyolans popilè a kòm yon represyon ?***

Vyolans popilè a kòm represyon, se kapasite mas popilè yo pou itilize fòs pou kraze inisyativ osinon pwojè klas dominan yo anndan soyete a. Kidonk vyolans popilè a se ekspresyon ki ranmase revandikasyon klas ki eksplwate osinon domine yo nan soyete a. Vyolans popilè a tou se yon repons osinon reyaksyon mas popilè yo parapò ak represyon osinon vyolans Leta ap fè sou popilasyon an.

***Nan sentèz ki fèt sou twa (3) atelye yo, genyen youn nan lide yo ki di mouvman sosyal ak popilè yo angaje yo nan lit revandikatif san rete men yo pa bay gwo rezilta. Nou rete kwè lit revandikatif yo p ap janm kanpe menmsi se sektè pwogresis yo ki pran pouvwa a. Nan dinamik pou nou ranfòse gany nou te rive fè yo osinon pou nou toujou kenbe sa nou genyen kòm valè, lit revandikatif yo ap toujou genyen plas yo.***

Efektivman lit revandikatif yo p ap janm kanpe, genyen kèk eksperyans ki montre lè genyen yon tandans pou fè lit revandikatif mouvman sosyal ak popilè yo ap pote yo fè yon sèl avèk ekip pwogresis ki pran pouvwa a, anpil fwa li kase kapasite kreyativite ekip ki sou pouvwa a. Nan lide nou te pataje sou lit revandikatif san rete yo, se pa t yon kritik. Men se te pito yon konsta ki montre menmsi lit revandikatif yo konn bese, men se yon teren batay mouvman sosyal ak popilè yo toujou enplike yo ladan li. Limit ki genyen an, anpil fwa mouvman sosyal ak popilè yo se sèlman lit revandikatif yo rive kontwòle kòm teren batay, yo pa chache kontwòle lòt teren batay yo.

Pou kontinye ak lide lit revandikatif yo p ap janm kanpe a, nou kapab pran eksperyans lè Aristid te monte sou pouvwa a nan lane 1990, kote lit revandikatif yo te bese anpil nan peryòd sa a. Pèp la te konprann depi se moun pa yo ki sou pouvwa a, yo pa t bezwen fè presyon sou li. Men moun yo pa t rive konprann sistèm mafya a te genyen kapasite pou bwè moun sa a si yo pa kanpe pou bay moun sa a bourad.

Parapò ak sa nou te wè kòm mwayen enfliyans yo, anpil ladan yo genyen kèk limit. Tankou lopinyon piblik la, anpil fwa figi ki ap pote diskou yo konn fè wout kwochi. Nan sans sa a, genyen nesosite pou se konviksyon ki mete nou ansanm pou nou pa tonbe nan sitiyasyon sa a.

Kapasite pou bòykòt la kòm youn nan mwayen enfliyans yo genyen limit tou. Anpil fwa nou chwazi deranje yon seri bagay ki tabli nan sosyete a, pandanstan nan mitan nou menm òganizasyon pwogresis yo manke solidarite. Nou genyen kòm egzanp 19 etidyan rektora a te mete deyò nan Inivèsite Leta Ayisyen an, kote anpil aktè nan sektè pwogresis la te chwazi fè silans, konsa tou genyen yon lòt kategori ki te apiye desizyon sa a. Kidonk, chak fwa genyen yon pozisyon pou bòykòt yon seri inisyativ, genyen yon tandans nan mitan nou menm pou nou pa pote kole ak aktè ki pran pozisyon sa a.

Nou dwe goumen pou nou defann pwojè pou genyen bon jan relasyon nan mitan sektè pwogresis yo. Men anndan sosyete sa nou ap goumen pou nou chanje a, relasyon yo pa ale nan menm sans epi figi yo pa genyen menm pwa nan sosyete a sou baz yo pa genyen menm istwa, menm angajman, menm resous ak kapasite diskou. Nan diferan konba yo kit se konba lopinyon piblik, nou menm aktè pwogresis yo, lè nou ap gade sa nou genyen kòm potansyalite, nou dwe gade ki moun nan mitan nou ki genyen kapasite pou fè moun tande li, epi ki kapab pote pwojè nou yo tou. Fòk nou pa genyen okenn konplèks sou sa a, menmsi figi sa yo tou konn tounen sèl espas desizyon osinon sèl entèlokite sou pwojè yo, yo konn fè sa yo vle. Se yon risk li ye vre, men figi ki ap pote pwojè yo enpòtan nan konba lopinyon piblik la.

Nou te plis pale sou bòykòt la tankou yon kapasite pou bloke tout bon vre yon seri aktivite. Nan plizyè konjonkti elektoral, nou menm kòm aktè pwogresis nou genyen pozisyon pou bòykote eleksyon yo, men eleksyon yo rive fèt kanmèm. Mete sou sa tou, nou konn jwenn kèk ka kote dirijan nasyonal yo konn pa dakò eleksyon yo, men moun yo rive patisipe nan eleksyon nan rejyon yo kanmèm. Li lè li tan pou nou gade tèt nou pou nou di kijan nou ap manyen kesyon sa a.

***Nou wè lapolis ak lame kòm fòs represyon ki se youn nan mwayen enfliyans nan rapò fòs yo. Parapò ak sitiyasyon nou ap viv jounen jodi a, nou kapab konsidere gang yo tou kòm fòs ki ap fè represyon. Nan sans sa a, ki rapò ki genyen ant gang yo, lapolis epi lame a ?***

Gang ak lapolis pa diferan vre, yo tou de (2) ap travay pou menm mèt. Aktè ki ap jere lapolis la, se yo menm ki ap jere gang yo tou. Se vre gang yo pa yon enstitisyon anndan Leta a menm jan ak lapolis ak lame, men li se yon pwolonjman enstitisyon yo. Malgre tout represyon lapolis ak lame konn abitye fè, yo pa t janm rive anpeche mas popilè yo pran lari men gang yo rive kase mobilizasyon yo. Kidonk gang yo genyen plis pouvwa pase enstitisyon sa yo.

***Anpil fwa se nou menm ki chwazi absan anndan modèl Leta sa a nou genyen an paske li pa mache ak sa nou ap pote kòm diskou.***

Koneksyon ki ta dwe genyen nan mitan òganizasyon pwogresis yo ki wè tèt yo kòm yon fòs nan peyi a pa rive tabli. Òganizasyon pwogresis yo mennen batay yo lib, se tankou enterè nou ap defann yo pa kolektif. Pèspektiv ki sòti nan sentèz twa atelye yo montre enterè yo kolektif, kidonk nou dwe mete tèt nou ansanm pou nou batay.

***Kijan nou wè Leta a? Èske fòk nou fin chanje Leta a anvan nou antre ladan li ? Osinon fòk nou genyen yon nivo patisipasyon nan Leta a pou nou chanje li ? Nan sans sa a, genyen yon nesite pou nou di kisa ki Leta a menm.***

Genyen yon vizyon jeneral aktè pwogresis yo genyen sou Leta a ki sòti nan fason nou ranmase konsepsyon teyorik maksis sou kisa ki Leta a. Anjeneral nou wè Leta a kòm yon senp zouti ki anba men klas dominan yo, men Leta pa sa sèlman, li plis pase sa. Genyen yon lòt diskou tou ki di Leta se nou, diskou sa a pa chita sou enterè depaman ki genyen yo.

Youn nan teyorisyen maksis ki gade Leta a nan tout fasèt li, se yon filozòf franse ki rele Nicos Poulantzas. Nicos konsidere Leta tankou yon rapò fòs ant klas ak divizyon klas yo, men rapò fòs sa a pran fòm li anndan yon seri enstitisyon ki genyen yon seri fonksyon. Rapò fòs sa a se yon rapò konfli nan mitan diferan klas sosyal yo sou kijan richès yo ap pwodui epi separe anndan yon sosyete. Anndan rapò fòs sa a, se klas dominan yo ki ap domine men genyen anpil kontradiksyon ak fay ki bay klas domine yo posiblite pou yo kapab fè yon seri chanjman. Menm jan genyen yon seri eksperyans ki ap fèt nan Amerik Latin nan, kote nan yon premye moman yon gwoup moun chita ansanm pou reflechi sou fay ki genyen anndan rapò fòs sa nou ap pale a, epi yo gade kijan yo kapab pwofite pou yo aji. Enstitisyon sa yo ki sèvi baz materyèl rapò fòs ant klas sosyal yo genyen yon jan yo chapante. Nan yon pwosesis revolisyonè kote lòd ki tabli a kaba, epi klas dominan yo nan yon sityasyon difisil, nou dwe rekonstwi enstitisyon Leta yo tou, defini pouvwa

yo yon lòt jan epi ba yo lòt misyon. Nou dwe sispann ak diskou lagoon ki di si yon moun antre nan Leta, li ap bwè li. Diskou sa a se yon eritaj ki sòti nan eksperyans Ti Komite Legliz yo. Nan sans sa a, li enpòtan pou nou gade kisa nou menm aktè pwogresis yo genyen kòm fòs ak kapasite pou nou aji alafwa anndan ak deyò Leta a.

Batay yo dwe fèt alafwa anndan ak deyò Leta a. Tankou sa te konn fèt sou rejim makout yo, genyen moun ki anndan Leta a epi an menm tan ki ap pwovoke lòt moun ki andeyò Leta a pou yo leve kanpe.

Sou premye manda Preval la, sektè pwogresis yo te genyen okazyon pou yo te kapab mete kèk moun anndan lapolis. Men sa pa t vrèman enterese yo. Jounen jodi a, lapolis se yon enstitisyon kraze zo ki toujou kanpe kont enterè mas popilè yo. Si fòs pwogresis yo te rive genyen enfliyans nan lapolis la, jounen jodi a parapò ak plizyè leve kanpe ki genyen nan peyi a, nou te kapab ranmase mouvman yo epi ale pi lwen avèk yo. Menmsi sa genyen anpil risk ladan li tou.

Genyen yon vizyon opòtinis ki ap devlope sou kesyon Leta a, lè nou di pou kèk moun nan sektè pwogresis yo rive okipe kèk pòs nan Leta a. Pa bliye Leta a se yon estrikti ki chaje batay ki ap fèt anndan li epi ki an favè klas dominan yo. Leta pa t toujou egziste, li parèt nan yon moman nan listwa kote pwopriyete prive te parèt tou. Kidonk toutotan pwopriyete prive kontinye egziste se toutotan Leta ap an favè klas dominan yo.

Antre anndan Leta a dwe fèt nan yon manyè òganize avèk fòmasyon osinon yon travay revolisyonè bò kote pèp la pou yo pran pouvwa a, ranvèse klas dominan yo epi chanje nati Leta a. Se pa jounen jodi a kesyon eleksyon an ap bay pwoblèm nan kan revolisyonè a. Eleksyon an se yon zouti klas dominan an genyen anba men li pou li kontwòle mas popilè yo. Klas popilè yo kapab sèvi ak menm zouti sa a nan rapò ale vini ki genyen nan mitan rapò fòs yo, pou ranvèse yo. Li enpòtan pou nou goumen pou nou antre anndan Leta a paske lè li pa sou kontwòl mas yo, se deside yo deside pou mas yo.

***Nan tout echanj ki fèt yo, nou remake genyen yon melanj ant Leta, gouvènman ak pouvwa. Nan sans sa a, li enpòtan pou nou fè diferans yo parèt yon fason pou nou konnen kijan pou nou abòde kesyon an nan dinamik refleksyon ki ap fèt yo.***

Soti 1804 pou rive jounen jodi a, nou genyen yon Leta ki genyen divès kalite gouvènman ki pase ladan li. Gouvènman an se yon zouti klas dominan yo mete pou reponn ak enterè li ap defann yo.

Gouvènman an se yon zouti konjonktirèl fas ak yon Leta ki se yon zouti estriktirèl epi ki genyen yon relasyon ale vini nan mitan yo. Pouvwa a se pa zafè kèk grenn moun li ye men se pito yon fòs dirije ki mande analiz ak refleksyon. Se kont Leta dominan sa a nou dwe kontinye batay pou nou chanje li, avèk yon pouvwa popilè kote se mas popilè yo ki genyen pouvwa a nan men yo.

Kijan nou ap rive ranvèse pouvwa sa a epi konstwi pouvwa popilè a ? Lè nou konsidere sitiyasyon jounen jodi a kote moun prèske pa kapab fè pwojè sou lavi yo nan peyi a, yo ap kouri kite peyi a. Parapò ak yon sitiyasyon konsa, genyen yon kesyon fondamantal pou nou poze tèt nou : kisa nou genyen kòm kapasite piti kou li ye jounen jodi a epi ki gany nou kapab fè avèk li pou nou konstwi fòs ki pou bay pi gwo gany pi devan ? Se vre pandan plizyè fwa nan echanj yo, nou di fòk nou antre nan Leta a nan yon manyè ki òganize. Men pou sa rive fèt, genyen kèk reflèks ki dominan nan sektè pwogresis yo nan rapò nou avèk Leta a nou dwe kòmanse kase yo, paske sa lakòz nou pa janm pote atansyon nou sou yon seri sitiyasyon ki prezante epi gade kijan nou te kapab ranmase yo pou nou fè kèk gany ki te kapab mennen nou rive pi lwen.

Ayiti genyen yon patikilarite tou parapò ak rèz Amerik Latin nan ak Karayib la. Nan sitiyasyon malouk nou ap viv jounen jodi a, pa genyen anpil siy ki montre rekonstriksyon fòs yo. Lè nou ap poze pwoblèm eksplwatasyon ak dominasyon nan nivo Ayiti avèk lòt peyi atravè mekanis tankou komès elatriye, li fondamantal pou nou gade koneksyon ki genyen avèk ekonomi global la. Lè nou konsidere anpil nan nou kòm pwofesyonèl ti boujwa viv apati pwojè ONG yo, epi anpil enstitisyon nan peyi a ap fonksyone apati pwojè ONG yo, nou dwe gade kòman pou nou kase yon seri bagay tou nan peyi a si nou vle konstwi fòs sosyal ak politik pou nou rive nan konba kont eksplwatasyon ak dominasyon.

Nan konba politik yo, nou pa menm rive poze konstrikasyon zam pou nou fè peyi a sispann yon peyi kote moun ki nan boujwazi lokal la ap achte pou revann, epi pou ti boujwazi a menm sispann repwodui lavi li atravè koulwa ONG. Nou pa menm kapab poze konstrikasyon fòs pou fè peyi a fè anpil ensvestisman ak pwodiksyon pou kase chomaj la, epi kote moun kapab fè pwojè lavi yo nan peyi a. Nou pa kwè sa yo kapab fèt nan yon demach kote chak grenn eleman nou site yo ap fèt youn aprè lòt, ni tou nou pa kwè listwa prale sou yon liy dwat san pa genyen chanjman. Paske menm Ayiti sa a, genyen moun ki te panse mas popilè yo plonje tèt bese nan reziyasyon, men an 2018 genyen yon jefò soulèvman ki te parèt men ki pa t pran tan pou li te kase. Lè nou ap diskite sou konstrikasyon pouvwa popilè a, fòk nou gade kijan nou ap konstwi mas kritik pou sa tou, kijan

nou ap pran inisyativ konkrè ki kapab mennen nou rive atenn objektif nou yo. Fas ak anviwònman kraze zo nou genyen la ki pa ankouraje pou inisyativ altènatif yo sòti tèt yo ditou, rive okipe kèk espas kle anndan aparèy Leta a ki pou kanpe fas ak fòs ki ap kraze inisyativ altènatif yo vrèman enpòtan.

Nan jan nou abòde kesyon Leta a, nou gade li tankou yon espas batay sèlman, men genyen yon kesyon fondamantal nou ta dwe gade tou se kijan nou ap konstwi lavi.

# **Travay Atelye**



## 2 Prezantasyon rezilta travay yo

---

Nan dinamik pou se tout moun ansanm ki patisipe nan pwodui lakonesans lan, tout patisipan aktivite a te chita ansanm pou reflechi sou de (2) kesyon. Nan repons yo te rive bay yo, genyen kèk pèspektiv ak pwopozisyon ki te sòti tou.

*Ki inisyativ konkrè nou dwe pran pou nou konstwi nouvo rapò fòs nan nivo politik : lit revandikatif yo ak pran pouvwa a ?*

### Rezilta gwoup 1

- Akonpaye peyizan yo nan fè edikasyon politik yo nan kad batay elektoral yo.
- Ranfòse rezo aktè ak òganizasyon yo peyizan, etidyan ak popilè yo.
- Konstwi epi ranfòse tout fòm mobilizasyon sou yon seri teren batay fondamantal.
- Akonpaye viktim nan katye popilè yo parapò ak revandikasyon yo ap mennen yo, pou yo konnen dwa ak devwa yo yon fason pou yo genyen plis detèminasyon nan batay yo ap mennen yo.
- Òganizasyon politik pwogresis yo dwe mete tèt yo ansanm nan kad batay yo ap mennen yo, epi defini pèspektiv konkrè ki marande ak enterè mas popilè yo.
- Prepare yon seri emisyon radyo sou gany ki fèt nan mobilizasyon mas popilè yo epi pataje yo nan rezo radyo kominotè yo.
- Aktyalize tout dokiman ki ranmase revandikasyon yo epi reyalize yon bidjè popilè.
- Konstwi yon rezidans pèmanan nan depatman yo pou reyalizasyon aktivite òganizasyon pwogresis yo.
- Konstwi yon gwo fòs politik pwogresis ki genyen yon pwogram politik ki ranmase revandikasyon popilè yo. Nan sans sa a, li enpòtan pou nou kreye yon komisyon pou mete kanpe gwo fòs politik pwogresis la apre inivèsite popilè a.
- Devlope relasyon ak òganizasyon pwogresis nan nivo entènasyonal la.
- Konekte tout medya pwogresis yo ansanm.

### Rezilta gwoup 2

- Ranfòse kapasite medya kominotè yo ak medya ki sou entènèt la pou sèvi kòm kanal pou sektè pwogresis la.
- Idantifye ak ranfòse koneksyon ant òganizasyon pwogresis yo ki dwe fèt sou yon baz fòmasyon politik ak ideyolojik.
- Mete kanpe yon veritab fòs politik dominan nan lit revandikatif yo, nan dyalòg politik ak nan konba elektoral yo.

### **Rezilta gwoup 3**

- Fòk genyen yon kesyon sosyal (yon dosye mobilizatè) epi idantifye moun nou kapab fè konfyans pou pote li.
- Mete kanpe yon estrateji ak yon mwayen komunikasyon pou konsyantize mas popilè yo.
- Kreye yon espas nimerik pèmanan ki kapab mobilize moun.
- Òganizasyon yo dwe aktif, kreyatif epi reyaji san pèdi tan sou yon seri dosye.
- Transfòme baz militans yo an baz elektoral.
- Mache kontre ant òganizasyon politik ak òganizasyon sosyal.
- Se militan politik pwogresis yo ki dwe pote pwosesis elektoral la.

### **Rezilta gwoup 4**

- Mete kanpe yon gwo mouvman politik revandikatif kanpe ki genyen kòm objektif konba elektoral ak evaliyasyon inisyativ ki te la deja yo.

***Ki inisyativ nou dwe pran pou nou konstwi nouvo rapò fòs nan eksperyans aktivite ekonomik altènatif nou ap fè yo?***

### **Rezilta gwoup 1**

- Peyizan yo dwe jwenn akonpayman pou aktivite ekonomik yo ap reyalize yo kapab pi rantab.
- Devlope yon bank kominotè pou mityèl yo sispann sere lajan nan bank kapitalis yo epi devlope ekonomi nou pou konbat sistèm kapitalis la.

- Konekte aktivite Ekonomi Sosyal Solidè yo ak lit politik yo, epi mete yon kès disponib pou batay nou ap mennen yo.
- Kreve aktivite ak anbyans pou moun kapab konsome sa nou ap pwodui yo, yon fason pou nou antre lajan.
- Reyalize fòmasyon sou jesyon lajan mityèl solidarite yo.
- Regwoupe militan ki ap mennen aktivite ekonomik pèsònèl yo nan yon atelye.

### **Rezilta gwoup 2**

- Envesti lajan nan aktivite Ekonomi Sosyal Solidè yo pou nou kapab devlope agrikilti, elvaj ak lapèch.
- Mete sou pye antrepriz transfòmasyon agrikòl.

### **Rezilta gwoup 3**

- Lanse yon fowòm ak lòt fòm mobilizasyon kont antreprenè kriminel yo ki fè dappiyanp sou lajan ONA a epi ki ap benefisye franchiz ladwàn.

### **Rezilta gwoup 4**

- Ranfòse mityèl solidarite yo epi mete sou pye yon kès popilè pou apiye agrikilti a.

## **2.1 Pwopozisyon ki soti nan kad echanj travay atelye yo**

- Mete kanpe yon komisyon pou travay sou reyalizasyon fòs politik pwogresis la.
- Diskite avèk aktè pwogresis yo ki genyen eksperyans elektoral, ki enterese vin kandida oubyen nou wè ki kapab vin kandida.
- Reflechi sou yon seri eleman fondamantal pou monte yon pwogram politik.
- Mete kanpe yon komite suivi ki pou idantifye òganizasyon pwogresis yo nan diferan rejyon yo, yon manyè pou nou diskite sou ansanm pwopozisyon ki soti nan inivèsite popilè a pou fasilite mete kanpe fòs politik pwogresis la.
- Elabore yon zouti fòmasyon edikasyon politik ak ideyolojik pou manm òganizasyon yo. Nan pèspektiv sa a, nou ta dwe konsakre de (2) premye jounen nan lòt edisyon inivèsite

popilè ki ap vini yo pou fòmasyon politik ak ideyolojik delege òganizasyon yo ki ap patisipe yo.

### **2.1.1 Pwopozisyon final**

Kòdinasyon inivèsite popilè a pral reyalize yon seri deba refleksyon avèk òganizasyon pwogresis yo, yon fason pou nou rive mete kanpe yon komisyon, avèk kèk tach espesifik pou travay sou fòs politik pwogresis la. Nan sans sa a, kòdinasyon inivèsite popilè a pral òganize yon seri atelye refleksyon ki ranmase tout pwopozisyon ki fèt yo, yon fason pou fasilite mete kanpe komisyon an.

## 2.2 Diskisyon ak kòmantè

Parapò ak kesyon aktivite ekonomik altènatif yo, pandan nou ap reyalize yon seri aktivite ekonomik kote nou ap pwodui byen ak sèvis nan yon modèl espesifik ki diferan ak modèl kapitalis la, nou dwe ankouraje popilasyon an konsome byen ak sèvis nou ap pwodui yo.

Eksperyans aktivite ekonomik altènatif yo montre yo rankontre yon seri defi. Youn nan pi gwo defi yo, se difikilte ki genyen pou fè konkirans ak antreprenè ki jwenn franchiz, sibvansyon ak kredi sou baz zanmitay politik. Alòske jounen jodi a, parapò ak sanksyon entènasyonal la kont yon seri ajan ekonomik kriminel, se yon okazyon pou nou mete yon seri aktè deyò sou teren politik ak ekonomik la epi relanse yon seri inisyativ parapò ak dega ekonomi kriminel la fè anndan peyi a. Se yon okazyon tou pou nou konstwi yon lòt rapò fòs pou kreye yon lòt anviwònman ekonomik, kote se altènativ ekonomik sa yo ki ap benefisye yon seri sibvansyon epi kase nivo konkirans sa yo.

Parapò ak entèvansyon ki fèt la yo, malerezman nan gwoup 4 la nou te genyen yon apwòch pi fò moun pa te dakò avèk li. Si nou dominan, nou nan yon inisyativ konkrè, fòk nou gade ak kiyès nan ajan ekonomik ki pa nan kouran pwogresis la nou kapab fè alyans. Genyen yon reyalite anpil moun nan kouran pwogresis la pa vle dakò, ni Lula ni Chavez te fè alyans ak yon seri ajan ekonomik ki pa t nan kouran pwogresis la. Feblès ki genyen nan tout inisyativ sektè pwogresis yo reyalize anndan peyi a, nou manke mwayen ekonomik. Se sendika yo ki te kapab ede sektè pwogresis yo, men yo pa genyen mwayen sa a. Nan sektè pwogresis la, fòk nou gade ak ki pati nan laboujwazi a nou kapab fè alyans ekonomik.

Nou remake nan kad rezilta travay atelye yo pa genyen nouvo inisyativ ki soti, se toujou menm bagay yo ki repete. Nou wè se yon seri lide tou fèt sou yon seri ansyen inisyativ ki te parèt. Nou dwe reflechi plis sou yon seri nouvo inisyativ. Evite tonbe nan parès entèlektyèl, politik ak ideyolojik ki ap anpeche nou degaje yon seri lide nouvo nan pèspektiv pou chanje pratik tradisyonèl yo.

Sektè pwogresis la toujou genyen gwo feblès pou li ranmase mouvman revandikatif yo nan pèspektiv pou pran pozisyon kòm yon veritab aktè sou teren batay politik la. Se parapò ak feblès sa yo ki fè nou pa t rive dominan anndan akò Montana a. Malgre nou rekonèt enplikasyon FPP nan yon seri mouvman nan diferan rejyon anndan peyi a, men sa pa t genyen ase fòs. Parapò ak konsta

feblès sa a, nou pwopoze pou nou konstwi yon vrè fòs politik ki ap pèmèt nou dominan nan lide pou nou pran pouvwa.

Lide konstriksyon fòs politik la te vini se nan dinamik pou genyen koneksyon ant òganizasyon pwogresis yo. Koneksyon sa a pral pèmèt òganizasyon sa yo jwenn yon espas rankont pou brase lide sou yon seri kesyon fondamantal.

### **3 Kapasite enflyans fòs pwogresis ayisyen yo nan konjonkti sosyal ak politik jounen jodi a: inisyativ ki ap devlope yo.**

---

**Entèvenan: Jean Henold Buteau**

#### **3.1 Kisa yon konjonkti ye?**

Li enpòtan jounen jodi a pou nou mande kisa konjonkti a ye, oubyen kisa ki yon konjonkti? Yon konjonkti se ansanm kondisyon ki se makfabrik yon moman nan mouvman global panse istorik la. Nan sans sa a, se tout kondisyon sikolojik, politik, sosyal, ekonomik ak materyèl. Nan yon lòt sans, konjonkti a se fòm manifestasyon ekspresyon batay ant diferan aktè nan yon moman detèmine. Pou nou pale sou konjonkti, fòk nou mete diferan moman ki konsène konjonkti a, dabò fòmasyon sosyal la, evènman yo, aktè yo, rapò fòs yo ak atikilasyon estratejik konjonkti yo.

Nan analiz nou ap fè sou konjonkti a, nou pa dwe mete sou kote lide oubyen pwojè oligachi a avèk alye li yo fè nan nivo nasyonal tankou entènasyonal. Sa vle di gade ki pwojè ki an fas pwojè nou genyen an.

#### **3.2 Fòmasyon sosyal Ayisyèn nan**

Fòmasyon sosyal ayisyèn nan se yon fòmasyon sosyal kapitalis periferik, sa vle di li antre nan modèl kapitalis la, men li an reta pa rapò ak sa ki fè makfabrik kapitalis peyi santral yo. Sa pa vle di peyi periferik yo pa sibi chanjman mond lan te konnen pandan 30 dènye lane sa yo. Okontrè yo sibi yo avèk plis mizè, anpil moun ki ap kite peyi a, chomaj pi plis, lide nou manke fòs, nou pa kapab fè anyen.

Lè nou ap analize konjonkti a, fòk nou gade kisa ki evènman dominan an. Jounen jodi a ensekirite a se pwoblèm fondamantal tout aktivite yo, genyen kriz politik la tou. Pou nou rezoud tout kriz sa yo, fòk kontradiksyon prensipal yo rezoud. Konsa tou, militan politik yo dwe konstwi diskou nan batay yo ap mennen yo. Aktè yo anpil men nou kapab rezime yo nan twa kategori: entènasyonal la ansanm ak alye li yo, gouvènman Ariel Henri a ansanm ak alye li yo, epi ansanm pati ki konpoze opozisyon an. Entènasyonal la ak oligachi a kont tout fòm pwogrè politik ak sosyal, se sa ki pi gwo defi a.

Aprè Jean Claude Duvalier te fin pati ann egzil, sektè popilè a te prezan sou sèn politik la. Rejim Lavalas la te reprezante yon moman nan imajinè popilè a. Se sa ki te fè enperyalis la pa t pran tan pou yo te fè koudeta kont rejim Lavalas la. Depi 1991 jiska 2010, sektè popilè a ap eseye kenbe bradsou bradsa nan konba politik yo. Men oligachi a ap eseye tabli yon fòm demokrasi kote pa genyen okenn sijè ki konsène kesyon politik, sosyal ak ekonomik nan sosyete a. Plan entènasyonal la se mete sou kote tout eleman popilè yo sou sèn politik la.

### **3.3 Lyen ant estrateji ak konjonkti**

Lè nou ap pale sou batay, fòk nou fè yon lyen ant estrateji ak konjonkti, paske se sa ki pral detèmine ki batay nou pral fè. Kounye a kèlkeswa konjonkti a, yon militan pwogresis dwe idantifye kijan aktè yo pozisyon, ki estrateji yo, ki alyans yo fè elt. Nan sans sa a, premye eleman fondamantal pou sektè popilè ak pwogresis la se inite fòs popilè yo, dezyèm eleman an se bay tèt nou kapasite pou nou kreye nouvo kondisyon, men tou avèk prezans òganizasyon lagoch yo nan mitan mas yo. Konbat kouran revizyonis lan, sa vle di lè moun ladwat pran pawòl lagoch pou pote bò kote mas popilè yo, epi itilize yo pou defann kòz politik yo. Kidonk li enpòtan pou nou defini yon estrateji pou nou mennen lit la. Mete sou sa, batay la dwe yon batay global paske goumen kont rejim PHTK a se goumen kont blan an ak oligachi a. Men fòk nou pa idantifye yon grenn moun nan PHTK epi nou di se li ki pwoblèm nan, se avèk li sèlman pou nou goumen. Fòk nou anpeche machin sa a repwodwi tèt li sou pouvwa a. Men pou sa rive fèt, premye eleman fondamantal pou fòs pwogresis yo se yon antant ant fòs popilè yo. Nou pa di konferans nasyonal paske li genyen yon danje ladan li, klas yo pa genyen menm enterè, menmsi se li ki chwal batay akò Montana a.

#### **Entèvenan: Chenet Jean-Baptiste**

Genyen twa (3) eleman fondamantal ki chita sou yon analiz maksis ki se analiz konkrè reyalite konkrè a. Si nou pa kapab fè sa, nou p ap kapab avanse nan batay la. Premye eleman an se yon kesyonman pa rapò ak sa nou rele fòs pwogresis la. Ki lè nou kapab pale sou fòs? Èske reyèlman genyen yon fòs pwogresis ki egziste nan peyi a? Dezyèm eleman an se defi ki lye taktikman pou yon fòs pwogresis kapab parèt. Twazyèm eleman an se ki pèspektiv ki kapab pèmèt nou konprann epi ranmase defi sa a.



### **3.4 Èske genyen yon fòs pwogresis nan peyi a?**

Pa genyen fòs politik menmsi se ta yon fòs pwogresis ki egziste pou kont li osinon endepandan. Tout fòs politik, menmsi se yon fòs pwogresis se alafwa ekspresyon ak rezilta yon seri rapò. Jounen jodi a nou pa kapab di nou genyen fòs pwogresis ki genyen alafwa yon vizyon, yon pwojè politik, ki genyen yon kapasite pou mobilize, pwovoke, pale pawòl mas yo epi kote mas yo idantifye yo avèk li epi mache avèk li. Fòs pwogresis makonnen ak de (2) eleman: li egziste pa rapò ak defi pouvwa, sa vle di poze pwoblèm pou pran pouvwa a; li egziste tou pa rapò ak yon dinamik kontestatè, sa vle di li angaje li nan kontestasyon, manifestasyon, grèv elt. De (2) eleman sa yo genyen yon relasyon alevini nan mitan yo. Fòk genyen yon kote nou ap rezoud pwoblèm aksyon kolektiv yo pa rapò ak kontestasyon sosyal, politik ak ideyolojik yo, yon lòt kote nou ap foubi zam nou pou nou pran pouvwa a.

Si nou ap konsidere konjonkti aprè Duvalier yo, poko genyen okenn moman kote òganizasyon ak mouvman sosyal, mouvman popilè, menm nan moman kote nivo mobilizasyon an te wo, ki te fè yon pa pou pran pouvwa a. Menmsi nou ta konsidere eksperyans Lavalas 1990 la, li pa genyen anyen pou li wè avèk yon eksperyans pouvwa kote se fòs pwogresis yo ki te genyen kontwòl li.

### **3.5 Defi ki lye taktikman pou yon fòs pwogresis parèt**

Genyen yon kesyon fondamantal pou nou poze: se kòman pou nou soti nan mouvman popilè yo pou nou pase nan mouvman popilè a? Se yon teyori Pablo Gonzáles Casanova, Daniel Camacho avèk Rafael Menjívar te elabore kote yo montre se lè nou soti nan kontestasyon pou ale nan yon pwojè politik se lè sa nou kapab di genyen yon mouvman popilè<sup>1</sup>. Nou pa t genyen sa kòm objektif. Genyen kèk difikilte tou nou ap fè fas ki fè lit sosyal yo fè bak. Anpil fwa genyen kontestasyon, mobilizasyon nou ap fè oubyen nou patisipe, nou pa menm vle kesyone limit nou.

Genyen yon defi taktik ki lye ak konjonkti a ki kapab alafwa kondisyon epi enposiblite pou yon fòs pwogresis parèt. Defi taktik sa a lye ak eleksyon ki genyen pou fèt yo, paske li se youn nan eleksyon ki pi enpòtan nan konjonkti aprè Duvalier yo. Se eleksyon sa yo ki pral detèmine,

---

<sup>1</sup> - Gonzáles Casanova Pablo, Camacho Daniel, Menjívar Rafael, *Los movimientos populares en America-Latina*, Mexico, Siglo XXI, 1989, 560 p.

konfime, ranfòse triyonf total fòs mafya yo nan sa yo genyen kòm ekspresyon nasyonal ak plizyè branch nan entènasyonal la. Konsa tou eleksyon sa a kapab kraze pou yon bon bout tan tout pèspektiv chanjman sosyal yo. Kidonk fòs sosyal, òganizasyon ki lye ak transfòmasyon sosyal yo pa kapab fèmen je yo sou eleksyon ki ap vini an. Fòk nou gade eleksyon an pa rapò ak konjonkti moman an, fòk nou gade li tou pa rapò ak sa nou genyen kòm revandikasyon demokratik fondamantal. Paske nou pa fouti rive nan transfòmasyon sosyalis la si pa genyen kèk chanjman demokratik.

### **3.6 Ki pèspektiv ki kapab pèmèt nou konprann epi ranmase defi sa a?**

Fòk nou poze revandikasyon demokratik yo nan yon alyans politik ak elektoral ki laj. Anpil fwa nou abandone chimen lit taktik yo, nou konprann batay la ap mennen sèlman nan lide. Poutan pou yon ideyoloji pran chè, fòk li anrasinen sou teren batay ki alafwa sosyal, politik, ekonomik ak enstitisyonèl. Lòt eleman nan batay taktik la, si nou ta rive kreye yon jiridiksyon ki kont koripsyon epi goumen pou se pwogresis ki ale ladan li, se t ap yon gwo avansman nan batay la. Nou rive nan yon moman kote fòk nou poze kesyon yo, analize yo epi pou nou deside aji yon manyèr konkrè. Se sèl fason nou kapab pèmèt yon fòs pwogresis parèt, epi li ap fòs tout bon paske li ap rive kontwole espas pouvwa yo.

### 3.7 Diskisyon ak kòmantè

*Sektè pwogresis la fèb nan yon nivo. Nan sans sa a konferans nasyonal la se yon analiz alabaz ki kapab pèmèt nou kase ren sektè mafya a. Kamarad Buteau bay yon lide ki kontrè, nou ta renmen li fè yon ti reyaji sou sa.*

Konsèp konferans nasyonal la soti ann Afrik nan lane 1990. Li genyen yon valè pou demobilize. Nou pa mete tèt nou ansanm pou nou fè anyen, men nou mete tèt nou ansanm paske nou fèb. An nou sipoze sou plan administratif, konferans nasyonal la fèt epi li reyisi, genyen plis posiblite pou se klas dominan yo ki kontwole li. Mas yo pa kapab nan konferans nasyonal, se batay pou yo batay. Genyen yon diskou zombifikasyon entènasyonal la mete kòm obstak ak devlopman peyi a kòm kwa nou pa kapab oubyen nou pa vle mete tèt nou ansanm. Malerezman, san nou pa rann nou kont, nou antre nan diskou sa a. Kidonk se gwoup ki ap sibi dominasyon ak eksplwatasyon yo ki dwe mete tèt yo ansanm.

Konferans nasyonal la se yon koze kredi. Konsèp la pran nesans ann Afrik lè yon seri sektè lagoch te genyen pán ideyoloji. Reyalite Lafrik la diferan parapò ak Ayiti kote tout moun pale menm lang nan. Nou nan batay pou defann enterè popilè ak batay klas. Tout moun p ap janm kapab mete tèt yo ansanm. Se nan batay politik nou ap rive chanje kondisyon lavi mas yo.

*Sektè pwogresis yo pa genyen yon dimansyon konvokasyon reyèl nan lit revandikatif yo, men genyen yon seri gany ki fèt nan kèk rejyon. Nan konjonkti elektoral jounen jodi a, èske fòs pwogresis yo ta dwe gonfle fòs yo pou goumen kont pouvwa oligak yo ak tout enperyalis la oubyen ale nan eleksyon kont Ariel Henri?*

Nou pa kapab di nou fè gany si nou pa nan espas pouvwa yo. Kapasite mobilizasyon yo toujou enpòtan, men se lè nou nan espas desizyon yo nou kapab di nou fè gany.

Si nou ap pale sou gany lan nan yon sans ki pi laj, si sektè popilè yo rive mete plis grandon deyò sou tè yo epi okipe tè sa yo, nou kapab konsidere sa yo kòm yon gany tou. Li pa sèlman nan nivo politik.

Pa genyen yon separasyon ant ekonomi ak politik. Nou pa kapab fè gany ekonomik si li pa chita sou gany politik.

***Pa rapò ak kou sektè pwogresis la ap pran souvan nan yon seri alyans li ap fè, èske nan kontèks jounen jodi a li posib pou li fè yon alyans politik ak elektoral ki laj?***

Depi aprè konjonkti aprè Duvalier a, sektè pwogresis la poko fè okenn alyans, menm nan mitan yo.

***Nan kontèks difisil nou ye jounen jodi a, peyi a chaje ak gang epi se sektè mafya yo ki kontwole gang yo. Yo genyen mwayen ekonomik epi yo kontwole aparèy elektoral yo. Parapò ak kontradiksyon ki genyen nan mitan sektè lagoch la, èske nou kapab gonfle fòs nou vrèman pou nou ale nan eleksyon?***

Se pa yon pwoblèm si genyen kontradiksyon nan mitan sektè pwogresis la, li nòmal. Pwoblèm nan se paske se pa kontradiksyon prensipal yo ye. Fòk nou kapab jwe sou kontradiksyon prensipal yo nan mitan nou lè pou nou fè chwa ki pou pèmèt lit mas yo, lit demokratik popilè yo vanse.

***Èske nou kapab mete jiridiksyon ki kont koripsyon an sou pye an deyò sistèm mafya a?***

Nou kapab mete jiridiksyon ki kont koripsyon an sou pye men fòk nou genyen kontwòl pouvwa a nan men nou, menmsi nou pa genyen kontwòl tout pouvwa a, nou dwe genyen li piti kou li ye. Fòk nou kapab mete yon pakè finansye ki genyen yon karaktè nasyonal, kèk jij ki kont koripsyon ki genyen yon konpetans nasyonal. Fòk genyen militan pwogresis nan yon seri espas pouvwa pou mennen batay taktik la.

Goumen kont PHTK se goumen kont blan, kont oligak. Li nesèsè pou nou ta mete lide sa a pi klè, paske nou pa kapab evolye poukont nou. Genyen nesèsite pou nou chèche koneksyon avèk yon seri aktè, gwoup aktè, menm yon seri gouvènman pwogresis nan lòt peyi.

Lè nou di blan an nou fè referans ak puisans dominan oksidantal yo.

***Nou te di tout fòs pwogresis se ekspresyon ak rezilta yon seri rapò. Èske pa genyen lòt kesyon pou nou ta gade? Premye kesyon an lye ak fòm ekspresyon yo. Èske pa genyen espas manifestasyon ak fòm ekspresyon inisyativ òganizasyon sosyal ki pral rive nan fòs pwogresis yo, èske nou pa ta dwe abòde kesyon sa yo?***

Batay pou pouvwa ak lit revandikatif yo lye, yo genyen yon relasyon alevini ant yo. Si Akò Montana a te rive mete pou pi piti 50 mil moun kanpe devan palè aprè yo te fin chwazi prezidan ak premye minis yo a, sa te kapab pase yon lòt fason.

Pa rapò ak pwa oubyen sa inisyativ òganizasyon sosyal yo reprezante, nou pa kapab di pa genyen yon fòs pwogresis vre, nou kapab di genyen yon fòs pwogresis ki la piti piti.

***Eksperyans dènye moman sa yo montre òganizasyon pwogresis yo pa kapab mete moun deyò pa rapò ak konfyans yo pa fè yon seri aktè. Ki mwayen oubyen estrateji nou kapab itilize pou fè moun yo re pran konfyans ?***

Se nòmal pou òganizasyon pwogresis yo pèdi kapasite mobilizasyon yo, paske mouvman sosyal ak lit popilè yo fè bak. Pou nou abòde pwoblèm sa a, fòk òganizasyon pwogresis yo kapab kreye nouvo kondisyon. Nouvo kondisyon sa yo lye ak tèren yo, kontèks yo, chwa yo ak lidèchip la elt.

Pa rapò ak alyans politik ak elektoral laj la, genyen yon seri defi konjonkti a mete devan nou. Genyen yon ansanm òganizasyon pwogresis, karakteristik enpòtan yo se yon ankraj teyorik. Genyen yon kantite òganizasyon ki Pòtoprens ki nan lit revandikatif, poutan defi elektoral la se ki nivo ankraj nou genyen nan yon seri tèritwa espesifik kote anndan alyans laj sa a nou kapab montre kapasite nou sou plan elektoral. Lè nou ap gade òganizasyon pwogresis yo, anpil nan yo pa genyen yon ankraj tèritoryal. Kijan nou kapab abòde defi sa yo? Lè nou ap abòde defi pou nou pran pouvwa a, nan eta fòs pwogresis yo ye nan moman an, avèk sa nou genyen kòm referans, jan nou abòde yon seri kesyon, li prèske enposib pou nou jwenn yon inite popilè. Se yon ti ponyen moun ki kwè yo kapab rive jwenn yon alyans ak tout riks li kapab fèb.

Sou kesyon inite popilè a li pa sifi pou de (2) moun, yo chak reprezante yon òganizasyon epi yo di an nou pale. Sa ki pi enpòtan an se kisa nou kapab fè epi kisa nou kapab pwopoze kòm òganizasyon. Nou kapab lanse yon mesaj bay mas yo. Sa ki pi enpòtan an se bloke yon seri inisyativ revizyonis anndan òganizasyon pwogresis yo

***Nan kad yon alyans politik elektoral, si toutfwa gwoup pwogresis yo pa rive fè fòs pou yo ale nan eleksyon, oubyen yo antre nan yon alyans yo pa dominan tou èske nou p ap toujou pran nan kou trèt?***

Si nou te kapab dominan nan yon alyans, nou pa t ap bezwen fè alyans. Nou pa kapab dominan nan yon alyans. Sa ki enpòtan an se taktik nou bay tèt nou an. Nou te kapab rale souf, kreye epi avanse sou yon seri revandikasyon sosyal ki pou fè mas yo repran konfyans. Nou pa genyen fòs pou nou dominan, ni fòs òganizasyonèl, ni fòs ekonomik. Pa genyen okenn silabè pou lit, se kondisyon konkrè yo ki pèmèt lit yo òganize epi avanse. An nou kreye alafwa yon panse politik, yon panse revolisyonè, an nou fè chwa politik, revolisyonè, pwogresis ak demokratik ki koresponn avèk rapò fòs yo, an menm tan sa nou genyen kòm kapasite, paske toujou genyen opòtinite nan lit yo.

## 4 Chanjman nan rapò ekonomik mondyal yo : ki opòtinite pou Ayiti ?

---

Entèvnan : Camille Chalmers

### 4.1 Presizyon sou konsèp mondyalizasyon

Ideyoloji dominan an ak medya yo itilize tèm globalizasyon an pou fè kwè mond lan se yon sistèm global, yon nouvote epi se rezilta tout teknoloji lane 1970 yo, ki pote avantaj ak pwogrè pou tout pèp. Men listwa montre mondyalizasyon an pa yon bagay nouvo vre. Globalizasyon an kòmanse pran chè sitou nan moman twoup ewopeyen yo te fè dappiyanp sou kontinan Amerik la nan lane 1492.

Nou pito di mondyalizasyon kapitalis paske pwosesis mondyalizasyon an anba kontwòl pwopriyete kapital la, epi se yo menm ki ap jwi tout richès yo. Sou pwen ideyolojik, nou wè genyen anpil reklam ki ap fèt pou echanj lib, se tankou nou nan yon mond kote tout sosyete yo lib. Alòske se sèl kapital la ki lib vre epi ki kreye kondisyon pou kraze yon seri fwontyè pou li sikile jan li vle. Moun pa kapab sikile lib menm jan ak kapital la. Kidonk se yon pwosesis moun ki genyen kapital la kontwole, se sa ki fè nou pito di mondyalizasyon kapitalis.

Mondyalizasyon kapitalis la kreye yon mond ki debalanse, kote tout peyi pa genyen menm pouvwa. Nan sans sa, li enpòtan pou nou konsidere konsèp *ekonomi mond* la ki vle di genyen yon pakèt pwosesis nan mond lan ki ap fèt anndan yon nouvo reyalye, epi ki genyen nouvo koneksyon nan mitan yo. Si nou pran egzanp premye globalizasyon/mondyalizasyon ki te fèt nan lane 1492 la, se yon pwosesis kote kapital la sòti ann Ewòp, yo pran travayè yo ann Afrik pou ale nan Amerik avèk yo. Sa vle di twa kontinan diferan konekte ansanm men yo chak bay faktè pwodiksyon pa yo. Koneksyon twa kontinan sa yo fèt nan yon ajennda sistèm kapitalis la byen monte ki ale nan sans enterè li yo.

### 4.2 Gran peryòd mondyalizasyon kapitalis la

- 1492-1814

Se yon gwo moman nan akselerasyon mondyalizasyon an, menmsi nou konnen tou avan kolon yo, te gentan genyen kontak ant afriken yo ak kontinan lamerik. Genyen anpil

nouvo rechèch ki montre te genyen etyopyen yo ki t ap viv sou teritwa Ayiti. Kidonk peryòd 1492 la se yon moman pwosesis mondyalizasyon te vrèman ap pran chè. Nan peryòd sa a, mondyalizasyon an te sou kontwòl kapitalis machan an, ki monte yon ajènnda ki te chita sou de (2) fenomèn enpòtan anpil : esklavaj ak kolonizasyon. Sistèm kapitalis la te chanje mòd òganizasyon planèt la ak esklavaj epi kolonizasyon. Zak sa yo te charye dèyè yo anpil mechanste san parèy, yo te asasinen plis pase 20 milyon endyen, plis pase 10 milyon afriken te mouri tou. Sistèm kapitalis la kraze yon pakèt sivilizasyon pou yo te kapab enstale yon nouvo lòd mondyal ki ap domine jiskaprezan.

- **1814-1945**

Gwo revolisyon ayisyen 1804 la genyen anpil gwo konsekans sou peryòd sa a. Revolisyon ayisyen an se yon koupe fache ak lòd mondyal la, kote yon pèp esklav kanpe pou kraze sistèm esklavaj la epi li fè yon revolisyon ki kont sistèm kolonyal la, sistèm esklavaj la ak rasis la. Revolisyon 1804 la se yon kokennchenn fenomèn istorik ki te boulvèse lòd mondyal la epi ki te lakòz anpil chanjman. Sendomeng te prensipal sous richès sistèm kapitalis la, li t ap bay 60% nan pwodiksyon sik li ak 50% nan pwodiksyon kafe pou voye vann nan peyi Lafrans. Se plis pase 25% franse ki t ap viv apati pwodui ki te fèt Sendomeng yo. Men revolisyon 1804 la kraze sous richès sa a. Sistèm kapitalis la vin defini estrateji global kolonizasyon an yon lòt fason, kote yo te kòmanse ap fè dappiyanp sou kontinan afrik la nan kòmansman lane 1814 yo. Relasyon sistèm kapitalis la ak kontinan afrik la te chita sou esklavaj. Yo separe anpil teritwa kontinan afrik la, chak pisans ewopeyen an te chwazi ki peyi pou yo te okipe. Gras ak Revolisyon ayisyèn nan, genyen anpil peyi nan Amerik Latin ki te sòti nan esklavaj tou, parapò ak kout men Ayiti te bay nan pwosesis endepandans lan. Sòti 1814 pou rive nan fen peryòd dezyèm gè mondyal la, se yon fòm tranzisyon kote Etazini pwofite gè mondyal ki te genyen yo ak ansanm chanjman nan karayib la pou deklare tèt li kòm gran pisans ekonomik.

- **1945 – 1970**

Nan peryòd sa a, mondyalizasyon kapitalis la vini ak modènizasyon kòm nouvo pwogram yo. Mondyalizasyon kapitalis la kreye yon mond debalanse kote tout peyi nan mond la pa genyen menm pouvwa. Sa bay yon sistèm mondyal ki chita sou enterè gran



pisans mondyal yo ak transnasyonal yo. Sa lakòz vin genyen yon pakèt peyi yo rele peyi domine, peyi tyè mond, peyi Sid ki ap soufri konsekans mondyalizasyon sa a. Genyen yon teyori ki te parèt nan peryòd lane 1950, se teyori modènizasyon an, ki di peyi pòv yo kapab vin sanble ak peyi kapitalis yo si yo fè yon seri aktivite ekonomik ansanm. Sistèm kapitalis mondyal la te itilize yon pakèt estrateji devlopman ki te sou kontwòl yon seri enstitisyon tankou Bank Mondyal, pou piye tout peyi pòv yo.

Apati lane 1955, te genyen yon gwo evenman ki se konferans Bandung lan, kote peyi tyè mond yo te reyini pou mete yon nouvo ajennda epi entwodui sou sèn mondyal la nouvo lòd ekonomik mondyal ki pral domine deba yo 1970 pou rive jis nan kòmansman lane 1980. Se yon anbyans kote yon pakèt ekonomis sektè lagoch osinon pwogresis t ap fè kritik sou lòd mondyal la. Peryòd sa a tou se yon peryòd gran konba politik kote Etazini t ap eseye mete Linyon Repiblik Sosyalis Sovyetik la sou kote pou kraze tout mouvman kominis ak sosyalis.

- **1980-1970**

Se yon peryòd kote politik baryè lib yo t ap triyonfe. Apati lane 1982, genyen yon lòt doktrin ki te parèt ki pa t chita sou menm refleksyon ki t ap fèt sou nouvo lòd ekonomik mondyal la. Politik baryè lib la abandone tout eleman kritik parapò ak lòd mondyal la epi enpoze yon ajennda estriktirèl ki kont Leta, pou pèmèt tout ekonomi sou latè genyen relasyon depandans ak ekonomi santral yo nan avantaj miltinasyonal yo ak gran pisans mondyal yo. Politik sa a te chita sou tout chanjman ki te fèt nan nivo ekonomi mondyal la. Se nan fen peryòd sa a, Linyon Repiblik Sosyalis Sovyetik kraze. Apati lane 1989, Etazini te kwè se yo menm ki sèl gwo pisans sou latè, yo pran kontwòl tout nasyonzini. An jeneral, lè yon pisans enstale li kòm dominan, sa dire plizyè syèk men dominasyon Etazini an te dire 10 lane konsa. Rapò fòs yo chanje rapidman nan nivo sèn entènasyonal la, parapò ak Lachin, blòk peyi Sid yo ki te parèt kòm nouvo fòs.

- **1990-2007**

Nan fen peryòd 1990 yo, genyen plizyè fenomèn nouvo sou plan politik ki pral modifye sèn entènasyonal la, espesyalman nan Amerik Latin nan. Nou jwenn mouvman zapatis yo, eleksyon Chavez nan lane 1998 ak 1999, gouvènman sektè pwogresis yo ki t ap

mete ankesyon dominasyon santral Etazini genyen sou kontinan an. Sektè pwogresis yo te pwopoze nouvo enstriman entegrasyon sosyal ki chita sou baz jistis ak respè dwa moun : Linyon peyi Amerik Sid yo (UNASUR nan lang panyòl), Kominote Leta Latino Ameriken ak Karayib (CELAC nan lang panyòl), Alyans Bolivaryen Amerik (ALBA nan lang panyòl) Genyen yon chanjman radikal nan rapò fòs yo nan nivo mondyal kote Lachin vin yon nouvo pisans ekonomik mondyal.

- **2007 pou rive jodi a**

Se yon nouvo etap nan sistèm mondyal la ki chita sou yon kriz san parèy. Anpil ekonomis konsidere kriz sa a pi grav pase kriz 1929 la pou jan li souke sistèm nan. Soti 2007 pou rive jounen jodi a, kapitalis la pa rive jwenn okenn solisyon pou kriz sa a paske se yon kriz estriktirèl ki makonnen ak jan sistèm kapitalis la bati. Se yon nouvo peryòd kote Lachin kontinye ap pwogrese kòm pisans ekonomik mondyal ak yon seri nouvo alyans ki ap parèt ak fòs tankou *BRICS*, yon alyans peyi Brezil, Larisi, End, Lachin ak Afrik Sid. Alyans sa a reprezante 31,5% PIB mondyal. Sa vle di *BRICS* la poukont pa l peze plis pase G7. Se yon lòt reyalite tou kote ekonomi ameriken an ap pran kou, dola ameriken an ki te prensipal lajan nan tout echanj ak tranzaksyon komèsyal nan mond lan ap bese. Jounen jodi a, aprè afwontman OTAN ak LaRisi epi sanksyon ekonomik yo pran kont Larisi yo, vin genyen yon sistèm finansye ki ap pran pye pou sòti anba dominasyon dola a kote yon seri peyi siyen akò pou tranzaksyon ak echanj yo sispann fèt an dola ameriken. Tranzaksyon komèsyal ant Brezil ak Lachin yo pa fèt an dola ankò, tranzaksyon sa yo te genyen yon valè 150 milya dola ameriken chak lane. Reyalite sa vle ateri ak pwojè Chavez te genyen pou yon souvènte finansye nan mete Bank Sid la kanpe, pou pèmèt echanj ak tranzaksyon komèsyal yo fèt nan valè lajan peyi yo.

### **4.3 Konsekans mondyalizasyon kapitalis la sou planèt la**

Mondyalizasyon an pa pote avantaj pou pèp yo jan medya dominan yo vle fè kwè sa. Li genyen anpil move konsekans sou lavi moun ak sou planèt la.

Mondyalizasyon an bay yon polarizasyon san parèy ki pèmèt richès planèt la anba kontwòl yon ti gwoup moun. Sa vle di nou nan yon mond ki sou kontwòl kèk antrepriz, kote tout richès ak

pouvwa anba kontwòl gran pisans ak transnasyonal yo. Sa lakòz apovrisman, dezespwa, mizè ak chomaj majorite pèp sou planèt la. Se yon polarizasyon anndan peyi yo kote rich yo ap vin pi rich chak jou, epi pòv yo ap efondre nan mizè. Polarizasyon sa fèt tou ant peyi yo konsidere kòm peyi rich ak peyi yo konsidere kòm pòv yo. Se yon polarizasyon ki konekte youn ak lòt ki genyen yon seri move konsekans sou lavi moun. Nan planèt la nou genyen kapasite pou nou bay 12 milya moun manje 3 fwa pa jou, pandan nou anviwon 8 milya moun sou planèt la epi genyen 885 milyon moun ki ap mouri grangou. Nan lane 1880 yo, peyi ki rich sou latè yo te 3 fwa pi rich pase peyi pòv yo. Nan lane 2000, diferans lan pase nan yon nivo 60 epi li kontinye ap grandi jounen jodi a. Pou polarizasyon sa a fèt, mondyalizasyon an mete yon seri mekanis an plas ki pou asire emoraji san fen pou travayè yo voye tout richès ak valè yo nan sant sistèm kapitalis la. Mekanis li itilize yo se dèt, komès, envestisman nan peyi etranje ak migrasyon fòse pou fè moun kite peyi a.

Mondyalizasyon an kreye mizè, grangou, povrete, dezespwa, chomaj epi li kreye yon mond miwo miba kote mond lan ap fonksyone pou 1 milya moun anviwon epi nou jwenn anviwon 7 milya moun ki nan majinalite ak grangou. Nan sans sa a, genyen yon kontradiksyon fondamantal mondyalizasyon kapitalis la Karl Marx defini. Pou sistèm kapitalis la a kapab grandi, genyen de (2) masak pou li fè : masak sou travayè ak lanati. Li kraze sivilizasyon, pèp yo, ak lanati epi li menm mete an danje repwodiksyon lavi sou planèt la. Konsekans mondyalizasyon yo pa kapab rezoud avèk yon seri pwogram refòmis sistèm kapitalis la mete sou pye ki fè kwè pwoblèm yo kapab rezoud si nou transfòme lanati kòm machandiz. Sèl fason nou kapab rezoud konsekans mondyalizasyon kapitalis la, se kraze sistèm kapitalis la, kreye yon mòd òganizasyon sosyal ki pa chita sou pwofit kapitalis ki respekte dwa moun epi ki chita sou jistis ak egalite. Pandan mondyalizasyon kapitalis la ap deplwaye zèl li depi 1492 pou rive 2023, pèp yo pa janm sispann reziste atravè yon seri pwosesis batay. Youn nan pwosesis batay ki te plis make, se gwo revolisyon 1804 la ki te chita sou prensip tout moun se moun. Genyen revolisyon peyi Lachin te fè a tou, kote nan 28 lane sèlman pati kominis chinwa a reyisi kreye yon nouvo sosyete ki te genyen anpil gang, grangou t ap touye moun, yo fè li vin premye pisans ekonomik mondyal. Se yon seri eksperyans ki montre nou kapab rive konbat sistèm kapitalis la paske solisyon yo la. Nou dwe chache konnen eksperyans sa yo.

Sa n ap viv la a kòm reyalyte montre globalizasyon an pa pote avantaj pou tout pèp vre paske sa bay yon polarizasyon ki pa t janm genyen nan listwa limanite. Yon ti gwoup moun

kontwole 70%ekonomi mondyal la, yo genyen tout richès yo nan men yo epi yon lòt bò majorite moun nan planèt la menm pa kapab viv.

#### **4.4 Ayiti nan pwosesis mondyalizasyon kapitalis la**

Ayiti pran nesans anndan vant mondyalizasyon kapitalis la menm, paske lè panyòl yo debake nan lane 1492, nan anviwon 30 lane se anviwon 1 milyon tayino yo te touye. Aprèsa, yo te vini ak afriken yo sou tè a yo te fè yo tounen esklav. Sa vle di popilasyon an pran nesans ak pwosesis komès ki genyen twa (3) ang lan, ki se youn nan fòm mondyalizasyon konkrè kapitalis la. Nan 18èm syèk la, Sendomeng te vin sant kote pwofi kapitalis la te chita menm.

Nan kontestasyon sistèm kapitalis la, Ayiti genyen yon wòl fondamantal avèk gran revolisyon 1804 la. Revolisyon sila te genyen yon gwo konsekans sou Ayiti kote li mete li sou kote, poukont li nan sistèm mondyal la. Ayiti pa t genyen okenn gwo pisans ekonomik ki te vle rekonèt revolisyon an epi tout pèp Ayiti te ede pran endepandans yo sitou nan Amerik latin nan, te vire do bay eksperyans Ayiti a. Peyi sa yo te wè Ayiti kòm yon menas paske tout nan fen 19èm syèk la esklavaj potko kaba lakay yo.

Izolman sa a te vin ranfòse avèk lokipasyon militè 1915 la ki te bloke pwosesis konstriksyon nasyonal la pou tabli yon rapò depandans total nan peyi a. Sòti 1915 pou rive 2023, se depatman leta Ameriken ki chwazi ki moun ki ap dirije peyi a, sèl Jean Bertrand Aristid men yo te ranvèse li sou pouvwa a nan kèk mwa. Pandan tout 19èm syèk la, Ayiti te kontinye genyen lyen depandans ak sistèm mondyal la, epi yo t ap kontinye piye richès peyi a. Ayiti t ap fè 40 pousan ekspòtasyon nan Karayib la, voye vann 21 milyon dola kafe chak lane. Avan 1915, Ayiti te voye plis machandiz vann nan peyi Lafrans pase li te ache nan men yo. Okipasyon ameriken yo te kraze balans komèsyal sa a avèk yon gwo kriz agrè, kote pi fò peyizan ayisyen yo te kite peyi a pou ale Kiba ak Repiblik Dominikèn. Se okipasyon ameriken 1915 la ki kraze ekonomi ayisyen an, epi yo òganize yon depandans total peyi an fas ak peyi enperyalis yo ak transfè richès peyi a nan peyi enperyalis yo. Youn nan zouti yo itilize anpil se te migrasyon kote Ayisyen kite peyi a pou yo al travay nan lot chan kann tankou esklav. Pandan tout 20èm ak 21èm syèk la, Ayiti kontinye ap jwe wòl bay mendèv nan pri piyay la, yo reyini tout kondisyon pou rann peyi a pòv pou moun kapab kite li.

Yo fè piyaj la tou nan debwazman forè peyi Dayiti, genyen rechèch ki fèt pou montre ki kantite bwa nou voye vann bay Etazini ak kontinan Ewòp pandan preske 200 lane. Jounen jodi a, piyaj yo ap pran chè pi plis toujou nan kontwòle richès anba tè ki genyen nan peyi a.

Nan dimansyon jewopolitik la, prensipal batay Etazini ap mennen se kont Lachin pou limite prezans li nan Karayib la. Pou yo menm se t ap yon katastwòf pou genyen yon alyans politik nan mitan peyi sa yo : Ayiti, Kiba ak Venezyela. Paske se revolisyon kibèn yo ak bolivaryèn nan ki fè Etazini pa rive kontwòle rejyon Karayib la nèt. Si alyans politik sa a ta fèt, rapò fòs yo ap chanje nan nivo Karayib la. Se sa ki fè Etazini bay priyorite nan kontwòle sèn politik la ann Ayiti epi asire yo pa genyen okenn gwoup lagoch osinon pwogresis ki pran pouvwa a pou poze kesyon sou dominasyon yo nan peyi a. Jounen jodi a, Ayiti se yon eleman santral sou pwèn jeyopolitik parapò ak kontwòl karayib la.

#### **4.5 Refleksyon pou redefini Ayiti parapò ak sistèm mondyal la**

Nou dwe sispann dakò ak rapò depandans yo bay Ayiti nan sistèm mondyal la, epi nou dwe reflechi sou yon lòt rapò radikal ki diferan epi ki konekte ak idantite istorik ak kiltirèl peyi a. Sa vle di, nou dwe pran pozisyon pou montre lòt pèp yo Ayiti se granmoun tèt li. Revolisyon 1804 la dwe yon baz fondamantal nan prezans nou nan sistèm mondyal la. Nan sans sa, chaje potansyalite nou kapab itilize, pandan medya dominan yo ap vann yon imaj peyi a pou di Ayiti se yon pèp ki pa kapab dirije tèt li, nou dwe bay lòt lekti sou kilti ayisyen an pou pèmèt nou genyen diferan koneksyon ak lòt pèp. Nou ta dwe chache genyen koneksyon avèk pèp latino-ameriken yo, parapò ak jan Ayiti te bay anpil kontribisyon pou te ede yo nan batay pou endepandans yo.

Nan ventyèm syèk la, te genyen koneksyon ak mouvman nwa ameriken yo. Se koneksyon sa a ki te oblije ameriken yo sispann ak okipasyon ann Ayiti a nan lane 1934. Anpil sektè pwogresis nan peyi Etazini te denonse vyolans lame ameriken t ap fè ann Ayiti nan peryòd okipasyon an. Genyen yon mouvman ki te rele Mouvman Renesans pèp Nwa yo nan Etazini, ki te konsidere Ayiti kòm sous enspirasyon ki te pèmèt yo fè gany sou dwa moun kòm pèp nwa. Genyen nan yo ki te vizite Ayiti epi ki te genyen kontak dirèk ak kèk ayisyen tankou Jacques Roumain. Nan sans sa a, kontribisyon nou bay yo ta dwe sèvi kòm baz travay pou rekiperasyon diyite pèp nwa yo. Genyen koneksyon ki kapab fèt ak afwo ameriken yo, nwa Amerik Latin yo ki se pèp yo plis eksplwate osinon rann plis pòv menm jan ak Ayiti. Menm si enperyalis la itilize koneksyon sa yo tou nan

enterè li, jan li te fè ak minista yo pandan yo te fè kwè se te yon koperasyon ant peyi ki prèske genyen menm kondisyon sosyo ekonomik. Jodi a se menm bagay yo enperyalis la ap fè avèk Kenya, Rwanda pou di se koperasyon pèp nwa. Parapò ak gwo chanjman ki ap fèt nan kontinan Afrik la, kote anpil peyi ap pouse do enperyalis la, mouvman ayisyen yo ta dwe konekte ak dinamik sa a ki kapab louvri chimen pou avni peyi a.

Nan kad konba pèp yo ap mennen yo kont mondyalizasyon an, malerezman pèp yo pa dakò mete tèt yo ansanm pou konstwi yon fòs rejyonal. Sa ki t ap pèmèt yo prezan nan mache mondyal la pou yo defann enterè yo. Nan sans sa a, ta dwe genyen yon priyorite sou yon koneksyon ant Ayiti ak kontinan Karayib la, kote genyen yon pwosesis reparasyon ki ap pran chè. Nan pwosesis sa, yo akize twa (3) gwo pisans ewopeyen : Lafrans, Peyi ba ak Almay pou di yo te fè gwo krim nan esklavaj. Se Ayiti ki ta dwe kanpe pou pouse revandikasyon sa pi lwen paske nou chaje eleman pou nou mande reparasyon sou yo. Pou nou rive mande reparasyon sa yo, fòk genyen nouvo relasyon ant Ayiti ak Karayib la.

#### 4.6 Diskisyon ak kòmantè

*Nou ta renmen ou bay eksplikasyon sou yon seri konsèp tankou kriz pwodiksyon ki depase, kriz akimilasyon ak finansyalizasyon.*

Sistèm kapitalis la chita sou yon mòd pwodiksyon dominan ki bay pouvwa ak mèt kapital la. Sa vle di nan yon ekonomi, desizyon sou kisa ki ap pwodui nan ekonomi an se nan men pwodiktè yo oubyen konsomatè yo li ye. Nan yon ekonomi sosyalis, ajennda ekonomik pwodiksyon an chita sou bezwen popilasyon an. Ajennda ekonomik pwodiksyon sistèm kapitalis la menm chita sou bezwen pwofi. Pou sistèm kapitalis la anpeche pwofi li yo bese, fòk li pwodui anpil menm si pa genyen demand pou kantite pwodui yo. Yo kreye kondisyon kredi pou fè moun achte pwodui yo, paske yo bezwen pwofi yo ogmante.

Finansyalizasyon an se kapitalis la ki genyen twa (3) sektè ki konekte youn ak lòt : sektè mache a, sektè endistriyèl ak sektè finansye a. Nan premye globalizasyon ki te fèt soti lane 1492 pou rive 1814 la, se kapital mache a ki te dominan. Men nan fen lane 1970 yo, se kapital finansye a ki te vin dominan.

*Parapò ak nouvo alyans ki ap parèt yo tankou BRICS la, aktè nan mouvman sosyal ak popilè ann Ayiti yo vle pran distans ak koperasyon sa yo. Aktè yo souvan di peyi sa yo se enterè yo ap defann, menm si se pa nan nivo Etazini. Genyen yon seri eskperyans Lachin ak Larisi ap fè ak yon seri peyi nan kontinan Afrik la ki enteresan anpil, menmsi yo genyen limit yo. Nou wè kijan peyi afriken sa yo rive genyen yon seri enfrastrikti lakay yo. Li ta enteresan pou nou gade dinamik BRICS la ak limit li. Menm si yo genyen limit vre, men parapò ak rezilta sa bay nan peyi afriken yo, li enpòtan pou nou gade Ayiti nan chanjman sa yo. Nou dwe gade kisa ki dwe fèt pou konstwi yon lòt modèl pouvwa politik ak ki kapasite nou kapab devlope nan dinamik batay nou yo. Lè nou ap reflechi sou altènativ ekonomik nou yo, li enpòtan pou nou gade kòman aktè ki ap pote inisyativ sa yo kapab pwofite chanjman ki genyen nan rapò ekonomik yo nan nivo mondyal la.*

Lè nou konsidere relasyon diplomatik Lachin rive konstwi ak Repiblik dominikèn, malgre se yon ekonomi ki chita sou envestisman kapital, li enpòtan pou nou gade anplis de rapò politik yo, kisa ki bloka nan mekanis akimilasyon ki genyen anndan peyi a. Modèl ekonomi ki chita sou pwofi ann Ayiti a, bay bloka anndan dinamik ekonomik yo ki rann relasyon diplomatik sa yo difisil.

BRICS la pa yon pwojè ki kont sistèm kapitalis la, menmsi anndan li genyen aktè tankou Lachin ki genyen vizyon kont sistèm kapitalis la. Depi 15 lane konsa, Etazini idantifye Lachin kòm lenmi prensipal. Yo devlope anpil pwopagann pou montre Lachin se yon peyi ki antre nan lojik pou dechèpiye pèp yo.

Nan peyi afriken yo, genyen anpil dappiyanp ki fèt sou tè peyizan ak resous ki anba tè yo pou pwojè chinwa. Fòk nou gade èske modèl chinwa a pa antre nan menm lojik sistèm kapitalis la.

Nan refleksyon nou te wè pou redefini rapò Ayiti ak sistèm mondyal la, genyen yon lide ki chita sou eksperyans yon seri enstitisyon genyen ak yon seri òganizasyon ki nan lòt peyi. Nou konstate genyen yon seri òganizasyon nan lòt peyi ki te kapab fè alyans ak dinamik òganizasyon nou yo, men ki plis enterese ak enstitisyon ki nan Leta yo. Se yon obstak nou ta dwe reflechi sou li. Mete sou sa tou, anndan peyi a gen yon seri òganizasyon ak enstitisyon ki genyen relasyon ak lòt peyi men ki pa koupe fache ak sistèm dominasyon an.

***Nou te wè mondyalizasyon an pa nouvo vre, li te gentan kòmanse depi nan 15èm syèk la. Nou di revolisyon 1804 la te lakòz anpil peyi ann ewòp yo te chache anvayi kontinan afriken yo. Ki enpak revolisyon an genyen sou kontinan afriken an konkrèman ?***

Revolisyon 1804 la pa genyen gwo enfliyan sou kontinan afriken an paske yo pa konnen l. Jiskaprezan anpil moun nan mond lan pa konnen revolisyon 1804 la. Se yon konplo pou fè silans sou eksperyans revolisyon an. Nou genyen responsablite pou nou fè moun konnen kisa revolisyon 1804 la te ye.

***Parapò ak dola ameriken an ki ap pran gwo kou sou mache mondyal la, nou wè nan ka pa Ayiti a dola a vin difisil pou moun jwenn, labank limite kantite lajan yon moun kapab pran. Èske se pa yon estrateji pou kenbe nou nan yon depandans ak dola a epi pou detounen atansyon nou sou lòt alyans ki ap kreye yo ? Oubyen se tèlman dola a ap pran kou ki fè li vin difisil pou moun jwenn ?***

Genyen anpil fenomèn ki eksplike difilite pou moun jwenn dola a. Sanksyon yo pran kont Ayiti nan limite enpòtasyon dola a, kote bank komèsyal yo pa kapab enpòte dola a. Genyen fenomèn konjonktirèl la tou ki lakòz kantite enpòtasyon yo diminye nan peyi a. Genyen tou valè echanj dola a tou sou mache a.



*Nou wè genyen yon tandans pou devlope alyans ak Lachin osinon Larisi. Fòk nou pa bliye se pisans ekonomik yo ye tou, yo ap chache elaji dominasyon yo tou. Nou vle yo ede nou soti anba enperyalis ameriken yo. Èske rapò sa yo p ap antrave souverènte nou kòm pèp ?*

Yon pèp pa dwe janm abandone souverènte li. Tout pèp genyen obligasyon pou defini pwojè li, epi li kapab fè alyans ak lòt pèp ki konekte ak pwojè ki defini yo. Lachin ak Larisi kòm pisans ekonomik diferan ak Etazini epi yo pa genyen menm diskou sou sèn mondyal la. Jounen jodi a, sistèm kapitalis la plonje nan yon kriz san parèy. Nou nan yon peryòd tranzisyon pisans dominan, genyen anpil previzyon ki montre anvan 2050, Lachin ap premye pisans ekonomik mondyal nan tout dimansyon. Prezans Lachin nan nivo mondyal pa sanble ak Etazini ditou. Si n ap analize koperasyon Lachin ak anpil peyi nan Amerik Latin nan, n ap wè nan yon peryòd tan ki pa long peyi sa yo fè anpil pwogrè sou plan enfrastrikti. Koperasyon sa yo bay anpil gwo rezilta. Menmsi Lachin genyen devlopman yon klas mwayèn ki antre nan menm chema konsomasyon sitèm dominan an. Li ap chache eksplwate matyè premyè anpil nan Amerik Latin nan. Men fòs pwogresis yo te kapab negosye ak Lachin sou yon plan rejyonal ki diferan ak rapò dominasyon Etazini an.

Genyen yon tandans pou nou wè kòman nou kapab devlope ak Lachin. Men relasyon sa yo se an favè klas dominan yo pral ye. Batay pou nou mennen an se pou relasyon yo devlope ak fòs pwogresis yo.

BRICS la se yon eleman enpòtan nan chanjman ki ap fèt yo la. Youn nan kesyon m ap poze tèt mwen se parapò ak nivo investisman Lachin nan mond la, poukisa li pa fè yon seri investisman Kiba pou ede li rale yon souf ak anbago a. Genyen yon seri eksperyans altènativ ki ap fèt nan Amerik Latin nan ki pi radikal pase yon seri peyi nan BRICS la ap fè. Se vre investisman Lachin yo limite anpil, men li bay posiblite pou konstwi rapò fòs ki kapab pèmèt nou reziste. Lè nou sèlman gade si se altènativ nou ap chache a Lachin kapab ofri, se yon blokaj. Pou nou sòti nan blokaj sa a, nou dwe sa nou genyen kòm kapasite, kisa nou reprezante pou pisans sa yo, kisa nou kapab pwofite pandan nou pa bliye ki kote nou vle ale. Jiska jounen jodi a, anpil sektè pwogresis toujou konsidere Lachin kòm pisans kapitalis, yo pa bezwen fè alyans avèk li. Nou rete kwè se refleksyon sou tout posiblite yo ki ap pèmèt nou plis efikas nan demach pou nou pran pouvwa a.

Li enpòtan anpil pou nou chache genyen lyen ak yon seri espas ki ap konbat kont dominasyon enperyalis la. Nan opozisyon ki genyen ant Lachin ak Etazini an, li plis favorab pou nou kanpe ak

Lachin. Men tou nou dwe gade ki lyen nou ap konstwi, ki pwojè nou ap defann epi gade nan ki espas nou kapab konstwi pwojè sa yo.

Solidarite a dwe fèt nan mitan sektè pwogresis yo anvan, pou yo kapab fè yon fòs.

Youn nan feblès ki genyen nan sektè lagoch la, se kapasite pou pwofite kontradiksyon ki genyen ant pisans enperyalis yo. Sa lakòz nou rate anpil okazyon.

Nan kad yon batay pou retire Ayiti anba dominasyon Etazini an, yon koperasyon ak Lachin osinon Larisi enpòtan anpil.

Parapò ak fòs mondyalizasyon kapitalis la, genyen anpil teyorisyen ki pwopoze pou genyen yon seri alyans rejyonal ki kapab pwopoze yon lòt dinamik. Men alyans rejyonal sa yo, anpil fwa yo se mekanis entegrasyon ki makonnen ak pwojè kapitalis la, tankou Linyon Ewopeyèn. Kapitalis yo pwofite pran espas entegrasyon sa yo pou pou kraze valè pèp yo. Genyen yon lòt konsekans mondyalizasyon an lakòz tou, li mete travayè nan mond la nan konpetisyon. Sòti lane 1998 pou rive 2015, te genyen yon pakèt gwo inisyativ ki te pran chè nan Amerik Latin nan, ki te pwopoze mekanis entegrasyon diferan ki nan dimansyon pou konstwi sosyalis la. Etazini pran anpil inisyativ pou kraze alyans sa yo.

Pwosesis konstriksyon nouvo alyans ak lòt peyi mande investisman tan ak aktivite. Malerezman nan mouvman sosyal ak popilè ayisyen yo, nou pa genyen okenn pwojè pou nou konstwi solidarite entènasyonal. Nou souvan panse se sèlman ann Ayiti ki genyen tout pwoblèm sa n ap viv yo. Li estratejik pou si genyen yon pwojè nasyonal altènatif parapò ak dominasyon kapitalis la, pou nou apiye li. Se sèlman Ayiti nan rejyon an ki pa genyen yon komite solidarite ak Kiba. Kidonk pou alyans sa yo posib, fòk aktè nan mouvman sosyal ak popilè yo devlope relasyon entènasyonal ak yon konsyans politik sou sa Ayiti ap viv jodi a. Aktè yo dwe chache konprann koneksyon ki genyen ak reyalyte lòt pèp tou epi ki fòm solidarite konkrè ki kapab rive tabli.

**Branch Lit revandikatif ak dyalòg  
politik**

## **5 Reyòganizasyon lit revandikatif yo ann Ayiti: defi ak opòtinite jounen jodi a**

---

**Entèvenant: Sabine Manigat**

### **5.1 Enpòtans aksyon nan batay nou ap mennen yo**

Jounen jodi a, anndan anpil òganizasyon genyen anpil dyagnostik ki ap fèt. Dyagnostik sa yo enpòtan, men manke refleksyon pou poze aksyon. Lè nou nan yon sitiyasyon kote manke refleksyon pou poze aksyon, nou vin tonbe nan denonsyasyon. Poutan se aksyon yo ak lit revandikatif yo ki pral di nou kisa nou kapab fè nan peyi a. Jounen jodi a, li nesèsè pou nou fè yon evalyasyon sou lit revandikatif yo. Nan sans sa a, li enpòtan pou òganizasyon pwogresis yo konekte.

### **5.2 Divizyon kòm feblès mouvman popilè a**

A pati 2015, te genyen yon konsantrasyon mouvman sosyal la. Te genyen anpil mobilizasyon tankou: leve kanpe kont Jovenel, kont bidjè kriminèl, leve kanpe 6 ak 7 jiyè 2018 la, leve kanpe kont ogmantasyon pri gaz la an septanm 2022 a, ansanm mobilizasyon legliz te konn fè yo tou. Kondisyon politik yo te fè òganizasyon ki nan mouvman sosyal la te ranmase tout sa ki te kapab pèmèt yo rete mobilize kont pouvwa PHTK a. Malgre te genyen anpil mobilizasyon, yo pa t rive lwen. Sa rive paske òganizasyon lagoch yo pa t sezi opòtinite sa yo oubyen yo pa t genyen kapasite pou mennen mobilizasyon sa yo nan yon transfòmasyon sosyal. Sektè ki t ap manifeste yo pa t rasanble tout revandikasyon yo sou menm tèren batay. Yon kote nou jwenn legliz, yon lòt kote nou jwenn etidyan, ouvriye, se divizyon sa yo ki te lakòz feblès mouvman an. Jounen jodi a, sitiyasyon sa a lakòz genyen yon dekourajman, yon demobilizasyon nan mouvman popilè a ki fè li fè bak.

### **5.3 Posiblite pou batay yo te relanse**

Aprè kò sasinay ki te fèt sou Jovenel Moïse la, enperyalis la te plis chita anndan peyi a. Lagoch te kapab mize sou sa pou li batay kont entèvansyon etranje nan zafè politik peyi a, pou

souverènte nasyonal, menm la ankò nou pa t sezi okazyon. Men toujou genyen neseseite ak opòtinite.

Jounen jodi a mouvman sosyal la ta dwe pwofite yon pwoblèm tankou batay pou salè minimòm, move kondisyon travay pou li ranfòse tèt li. Anndan sosyete a genyen yon separasyon ki fèt ant kondisyon lavi ak priyorite nou bay tèt nou.

#### **5.4 Opòtinite Akò Montana a te ofri**

Akò Montana a ki se yon pwosesis laj anpil, te genyen yon pwojè dèyè li pou li te reponn ak revandikasyon mas yo epi akouche yon Leta nasyonal ki ap reponn ak de (2) objektif: rejwenn souverènte nou epi reponn ak revandikasyon sosyal yo. Apati de (2) objektif sa yo, Akò Montana a te kapab eseye rale yon pati nan opinyon piblik la ak mouvman sosyal yo. Men pou lit la fèt, fòk nou rekonsidere plas ideyoloji a genyen nan òganizasyon yo.

#### **5.5 Konsta echèk Leta a**

Genyen yon konsta jeneral ki fèt kote nou rive nan yon moman kote Leta a kaba. Konsta echèk sa a mete kriz la nan yon nivo entènasyonal. Men nou pa kapab genyen menm lekti ak enperyalis la, lè sa a nou dakò nou enpuisan, nou pa genyen konpetans. Sa ki pa ditou verite, paske si entènasyonal la pa rive fè sa li vle nan peyi a jodi a, se paske nou reprezante yon fòs. Konsa, fòk nou fè yon lòt analiz sou Leta a ki kaba pandan nou ap gade kote fòs nou yo chita, epi konsantre fòs sa yo sou kesyon souverènte peyi a epi Leta a ki pou sèvi tout moun.

Opòtinite pou sektè popilè yo se rive mete tèt yo ansanm pou kreye yon fòs. Piske lapatri an danje, se nou ki pou defann souverènte a. Se sa ki pral fè nou demake nou ak yon seri peyi ki di yo vle ede nou.

## 5.6 Diskisyon ak kòmantè

*Akò Montana a te bite sou enperyalis la. Li pa rive rasanble ase fòs pou mete puisans enperyalis la devan yon sitiyasyon kote yo oblije fè bak. Li kreye yon atant ki pa t konekte ak mas popilè yo, ni ak fòs ki genyen kapasite vyolans popilè ki kapab deranje aktè ki kenbe sitiyasyon an jan li ye jounen jodi a. Kijan nou kapab soti nan yon konsyans endividyèl pou nou ale nan yon konsyans kolektif pou nou kapab abòde danje ki anfas nou an?*

Akò Montana a rate yon moman pou li te mobilize mas yo. Nou vin plis nan dyaloge ak puisans enperyalis ki kenbe nou nan sa nou ye la a olye nou chèche fòs ak enèji ki nesèsè pou nou chavire sitiyasyon an jiskaske sa Montana a te reprezante a li bese. Nan je anpil moun, Montana a se yon gwoup moun ki anfas yon lòt gwoup ki ap goumen pou pouvwa. Kòman nou kapab pwofite opòtinite sa a ki se danje ki genyen sou lapatri a, epi mobilize sektè ki genyen plis enèji, plis fòs ki pi laj posib pou nou chanje sitiyasyon an?

Nou poze pwoblèm koneksyon ki pa genyen ant òganizasyon yo. Konsa tou, òganizasyon ki ap batay yo pa vrèman gade fòs yo, yo souvan gade feblès yo kòm si pa genyen espwa. Genyen yon pwoblèm fòmasyon politik tou, anpil fwa, moun ki devan laprès yo pa souvan genyen yon ankraj ideyolojik. Nou ta dwe chita sou fòs nou pandan nou ap gade feblès nou pou nou wè kijan nou kapab pote yon diplis nan listwa.

Kesyon ideyolojik lan fondamantal, li pèmèt nou reflechi pou nou wè ki kote ki genyen yon platfòm revandikasyon. Fwon politik nou genyen pou nou konstwi jounen jodi a, mande pou nou reflechi anpil sou kontradiksyon prensipal ak segondè yo.

Jounen jodi a, pèspektiv la se wè kijan nou kapab pote ansanm yon pwojè politik altènatif ki pou pèmèt òganizasyon pwogresis yo ranfòse yo anfas enperyalis la, nou pa kapab chita sèlman nan denonsyasyon.

*Nou di genyen defi nou kapab transfòme an opòtinite, èske nou kapab transfòme fenomèn gangsterizasyon an opòtinite?*

Nou dwe soti nan reziyasyon nou ye a pou nou pase nan yon rezistans aktif ki kapab mennen nou nan yon antant sou yon pwojè sosyete. Òganizasyon pwogresis yo dwe reyini fòs yo ansanm.

Pou nou ta reyini fòs pwogresis yo, fòk nou ta reyini yo sou yon objektif ki byen espesifik. Montana a pa itilize imaj fòs sa a pou nou menm eksplwate itilizasyon yon seri puisans jewopolitik ap eseye fè ak dosye Ayiti a. Orijin kriz Ayiti a enplike enterè ekonomik yon seri puisans ki ap tatonnen. Nan nivo konsèy sekite Nasyonzini an, dosye Ayiti a tounen yon dosye pou Lachin ak Larisi mete Etazini devan yon seri responsablite epi mete aksan sou yon seri aksyon li ap poze ki diferan ak sa li ap klewonnen. Men akò Montana a pa eksplwate posiblite sa a ase. Avèk chwa nou fè sou kote nou ap mete enèji nou nan echanj sou dosye Ayiti a, li kase posiblite pou nou jwe sou opòtinite lapatri an danje. Sou baz sa a, nou kapab mobilize plis fòs posib pou nou rejwenn dwa grandètmajè nou, pou nou sispann nan yon dyalòg san rete avèk Wachintonn. Ayiti vini yon espas entènasyonalize, li plis pase yon pwosesis.

Lè Lachin, Larisi, Brezil ap entèveni pou bay dizon yo pa rapò ak politik ameriken an ann Ayiti, yo itilize nou kòm pyon, se pa paske nou pi enpòtan pase sa. Men tou sa pa vle di nou pa kapab jwe sou sa, men fòk nou ta genyen yon Leta ki kapab jwe yon wòl entèlokitè sou sèn entènasyonal la.

Sitiyasyon degradasyon kondisyon lavi moun nan peyi a jounen jodi a ak degradasyon enstitisyon yo reprezante yon opòtinite tou nan sans genyen yon ansanm kategori nan sosyete a ki viv sitiyasyon difisil sa yo kòm yon menas. Si nou rive fè yo wè menas sa a, nou kapab mobilize yon bon pati nan sosyete a nan kad yon pwojè pou nou rejwenn dwa grandèt majè sou plan politik ak ekonomik. Nan sans sa a, li reprezante tou yon opòtinite ki genyen ladan li yon eleman taktik. Sou plan taktik, pandan nou ap kontinye rete klè sou sa nou genyen kòm pozisyon ideyolojik avèk tout sa sa mande kòm vizyon sou sosyete a, sou chanjman sou sosyete a, men taktikman fòk se pa pozisyon ideyolojik sa nou mete devan nan rasanbleman nan yon ansanm fòs nan kad konba pou nou rejwenn souverènte politik peyi a.

Nan kontèks jounen jodi a, avèk sanksyon sible entènasyonal la ki genyen yon objektif politik gwoup oubyen peyi ki ap bay yo a. Kesyon an se kisa sa bay kòm opòtinite nan febli yon seri fòs politik, kisa ki kapab fèt pou ranmase dosye sa a pou li sispann yon dosye kote se nan yon sèl sans kèk peyi ap bay kèk sanksyon sible nan sans objektif politik yo. Kòman ranmase kesyon sa a? Kòman nou kapab fè sanksyon Nasyonzini yo kapab pèmèt nou mete sou kote yon seri aktè ki pi enpòtan toujou, kisa sa kapab bay kòm opòtinite nan kad pou nou repanse lit revandikatif yo nan peyi a jounen jodi a?

Akò Montana a se yon ekspresyon yon regresyon ideyolojik nan sans se paske aktè pwogresis yo konstate, se tankou yo avwe yo enpuisan, antre nan espas ki chaje ak diferans ki vrèman laj. Sa kontribiye nan bay yon efè demobilizatè nan lit yo avèk tout sa sa te bay kòm atant ki pa abouti.

***Kisa ki kapab fèt ak Montana a jounen jodi a, swa pou reyoryante akò a epi pèmèt li konekte ak lit revandikatif yo, oubyen pou fòs pwogresis yo soti ladan li pou konstui lòt altènativ?***

Fòm revandikasyon yo ak sou ki dosye yo fè yo. Anpil fwa nou nan yon seri lit revandikatif sou dosye ki pi imedya yo men pa genyen yon travay ki chita sou yon tan ki plizoumwon long ki fèt.

Sektè pwogresis la dwe fè yon ranmase sou memwa lit yo epi pataje enfòmasyon sa yo. Li dwe gade tou kontradiksyon ki genyen menm nan mitan mas yo. Li dwe chèche konstui lit la sou baz kalite pandan nou ap chèche kantite a. Nou dwe konstui yon veritab fòs ki kapab ranmase lit yo. Kreye yon entèlokitè valab anpil moun kapab tandè. Nou dwe sansibilize mas yo plis pou devlope lakay yo yon konsyans klas. Multipliyè medya ki ap pale pawòl mas yo.

***Akò Montana a konstwi tèt li kòm yon entèlokitè pou diskite ak entènasyonal la nan kad yon dyalòg politik pandan li neglije aspè lit revandikatif yo, sa ki rann lit yo ralanti. Pa rapò ak pozisyon Lachin ak Larisi souvan ap pran sou dosye Ayiti a, poukisa pa genyen eleman nan sektè pwogresis la ki pwofite sityasyon sa a pou kase ejemoni Etazini sou Ayiti?***

Aktè pwogresis yo pa souvan afiche klèman epi piblikman pozisyon politik yo kòm maksis revolisyonè. Manke diskou sou mouvman sosyalis, kominis, revolisyonè. Mas yo pa wè tèt yo nan yon pwojè politik klè



## **6 Bès lit revandikatif yo ak mank enfliyans aktè/aktris mouvman sosyal ak popilè yo : ki leson?**

---

**Entèvenan : Marc-Arthur Fils-Aimé**

### **6.1 Èske se mank enfliyans aktè mouvman sosyal ak popilè yo ki lakòz bès lit revandikatif yo? Ki kote mank enfliyans aktè sa yo soti?**

Pou nou rive konprann bès lit revandikatif yo ak mank enfliyans aktè/aktris mouvman sosyal ak popilè yo, li enpòtan pou nou pa melanje lit revandikatif yo oudimwens bès lit revandikatif yo ak mank enfliyans aktè mouvman sosyal ak popilè yo. Menmsi genyen yon rapò alevini ki egziste ant yo, youn aji sou lòt men ak yon vitès ki diferan. Se kòm si se mank enfliyans aktè yo ki lakòz bès lit revandikatif yo. Èske se mank enfliyans aktè mouvman sosyal ak popilè yo ki lakòz bès lit revandikatif yo? Ki kote mank enfliyans aktè sa yo soti ?

Pi fò moun nan popilasyon an branche sou politik. Yo genyen emisyon politik yo yo tande epi yo pale li anpil kote yo ye. Men yo pa nesèsman genyen yon konpreyansyon kritik sou sa yo ap tande a, pandan se sa ki pi enpòtan pou nou konnen vrèman, kisa mas yo panse yon fason jeneral. Men pou nou rive fè sa, se ankèt pou nou mennen, paske nou pa dwe konfonn panse nou ak bezwen imedyata mas yo. Sa pa vle di revandikasyon nou yo pa ni nesèsè ni enpòtan pou nou tiboujwa ak pou majorite mas yo. Anpil nan revandikasyon sa yo pa kapab motive mas yo nan konjonkti moman an. Kisa lit revandikatif yo ye jounen jodi a ?

Pou yon kesyon konsa byen poze, fòk nou analize tout kontradiksyon ki egziste nan sosyete a. Nan sans sa a, pou nou analize tout kontradiksyon ki genyen nan sosyete a, fòk nou analize konkrètman reyalyte konkrè a. Analiz sa yo dwe derape apati yon etid sou fòmasyon sosyal ayisyèn nan ki ap pèmèt nou dekouvri egzistans tout klas sosyal ki ap batay nan sosyete a. Fòmasyon sosyal la vle di kantite mòd pwodiksyon ki egziste anndan yon sosyete. Analiz sa yo ap pèmèt nou dekouvri tout kontradiksyon ki travèse tout klas sosyal ki ap batay ant yo nan sosyete a.

### **6.2 Klas sosyal ak mòd pwodiksyon**

Nou dwe voye jete lide se de (2) klas sosyal ki egziste nan peyi a. Pou nou jwenn konbyen klas sosyal ki egziste nan yon peyi, nou dwe dabò konnen konbyen mòd pwodiksyon ki egziste

nan peyi a. Chak mòd pwodiksyon genyen de (2) klas fondamantal ki pa p janm monte menm chwal. Jounen jodi a nou jwenn gran don/demwatye oubyen patwon kapitalis/ouvriye, anplis ti boujwazi a. Nicos Poulantzas separe klas tiboujwazi a ant tiboujwazi modèn ak tradisyonèl. Depi genyen klas sosyal, tou genyen lit nan mitan yo. Lè nou fin dekouvri kontradiksyon yo, nou dwe chèche konnen kiyès ki prensipal paske yo tout pa genyen menm fòs. Epi sa ki parèt pi fò nan yon konjonkti kapab chanje bay yon lòt kontradiksyon plas li nan yon lòt konjonkti, paske prensip dyalektik la se mouvman.

Alain Badiou montre nenpòt ki kontradiksyon genyen yon miwo, yon miba. Genyen yon aspè ki prensipal, se sou aspè prensipal la mas yo dwe plis fokis. Se pa tout pwoblèm ki ap travèse sosyete ayisyèn nan jodi a ki genyen menm enterè nan je mas yo, menmjan an tou yo pa genyen menm enterè nan klas dominant yo. Si nou pa konnen ki kontradiksyon ki travèse sosyete a epi ki wòl mas popilè yo ap jwe nan kontradiksyon sa yo, kijan nou kapab ankouraje yo mennen menm batay avèk nou sou tèren pa nou ? Èske enterè nou kòm tiboujwa, menmlè nou fè chwa batay nan mitan mas yo, ak mas yo, sanble ak enterè mas yo ? Konsa tou, Tout pawòl pa nou pa fòseman pawòl mas yo, sa nou panse pa nesèsman prensipal revandikasyon ak premye pwoblèm mas yo. Epi mo pèp ak mo popilè pa vle di menm bagay. Pèp la se tout klas ki, nan yon konjonkti, mete tèt yo ansanm pou rezoud yon pwoblèm espesyal. Yo pote chaj politik ak ideyolojik diferan dapre limyè materyalis dyalektik la. Yon moso klas sosyal ki fòme pèp la jodi a, pou rezon chwa klas oubyen enterè kapab deside pa fè pati mas la ankò. Jounen jodi a mas yo pa jwe wòl motè lit yo ankò, se yon pòsyon nan tiboujwazi a ki jwe wòl sa a.

Nan sans sa a, nou kapab fè yon seri konsta :

- Genyen yon tandans ki pa separe aklè sosyal demokrasi, demokrasi kretyen, sosyalis ak kominis.
- Anpil enstitisyon jodi a plis patisipe nan egzekite pwojè olye mete aksan sou fòmasyon politik ak ideyolojik jan sa te ye kèk lane avan.
- Militans lan pran move kou.
- Fason Linyon Sovyetik te kraze a te jete yon bokit dlo frèt sou lit la.

Konsa tou genyen kèk eleman ki kapab eksplike mank patisipasyon mas la, yon mannyè jeneral nan diferan mobilizasyon ki te pran chè nan lane 2019 pou rive 2020.

- Nivo mizè a patisipe nan kase fe lit la.
- Èske revandikasyon pati tiboujwazi sa a te soulve a koresponn ak prensipal revandikasyon mas yo? Kisa petwokaribe a vle di pou majorite mas yo?
- Fason laprès/medya yo ap fonksyone yon mannyè jeneral.
- Fason enperyalis ameriken an fini ak òganizasyon popilè yo.
- Èske desepsyon politisyen tradisyonèl yo jwe tou nan bès mobilizasyon yo?
- Larelijyon kontinye ap jwe wòl refij politik natirèl.

Èske pa rapò ak rejè politisyen tradisyonèl yo, popilasyon an pa p tann nouvo figi ki enspire konfyans? Pa genyen yon vid ideyolojik, paske sa ki ta vid la larelijyon gentan bouche li. Èske se gang yo ki anpeche mas yo pran lari, oubyen represyon lapolis ? Larelijyon kontinye ap jwe wòl refij politik natirèl. Jounen jodi a li nesèsè pou nou mande ki kategori sosyal ki motè mouvman popilè a jodi a ?

Si nan nivo teyorik nou klè sou sa mouvman popilè a ye, èske nou rive fè deja yon analiz an pwofondè sou mak fabrik klas li ? Si se nati mouvman popilè a ki eksplike mak fabrik popilè a, nou pa dwe konfonn kantite ak kalite nan konpozisyon li. Sa ki pi enpòtan, kijan pote revandikasyon yo nan mitan klas ki konsène yo tankou pwason nan dlo. Se la pou nou ale chèche yon fason syantifik bès revandikasyon yo. Se pa paske mas yo depolitize, yo toujou ap chèche sa ki bon pou yo. Se byen domaj se nan fouk larelijyon yo ale chèche refij jodi a. Lit la pa pèdi pou sa, depi li fèt jan syans revolisyonè a mande a, laviktwa a se pou nou.

### 6.3 Diskisyon ak kòmantè

#### *Èske tiboujwazi a pi pwòch patwon yo?*

Poulantzas fè yon diferans ant tiboujwazi tradisyonèl ki genyen: chapantye kòdonye elt. ki sanse ap disparèt, avèk tiboujwazi modèn ki genyen enjenyè, tout kad yo. Tiboujwazi modèn nan genyen plis tandans pou li al jwenn klas dominant yo tandiske tiboujwazi tradisyonèl la genyen plis tandans pou li al jwenn mas yo, men se pa yon bagay ki otomatik.

Jounen jodi a, menmsi nou nan yon aspè konjonktirèl, sou plan taktik, fòk nou retounen nan baz la, sa vle di tounen nan mitan mas yo, ranmase dimansyon panse kritik yo, aktè pwogresis yo kijan yo wè nou. Kijan pou nou fè yon revèy konsyans nasyonal nan mitan mas oprime yo, pandan nou fonn ak yo tankou pwason nan dlo. Priyorite a se gade kijan nou kapab desann nan mas yo, remobilize yo pou nou rive nan transfòmasyon sosyal la. Menmsi nou ap pale sou fòmasyon sosyal la pou yon tan ki plizoumwenn long, men aspè konjonktirèl la fòk nou plis devlope yo sou plan taktik.

Nou pa kapab fè yon analiz konjonktirèl san nou pa genyen yon minimòm konpreyansyon sou estrikti a. Konsa tou nou pa kapab separe estrikti a avèk konjonkti a, yo genyen yon relasyon alevini ant yo (dyalektikman lye), sa vle di sa ki ap pase nan peyi a jodi a genyen lyezon ak revolisyon 1804 la.

Chak fwa ladwat wè mouvman popilè yo vle reparèt, lè li pa mande okipasyon, li toujou itilize yon bra ame. Aprè okipasyon 2004 la te genyen anpil rezistans, malgre te genyen anpil feblès. Tranblemanntè 12 janvye 2010 la te kase fe mouvman popilè yo epi ranfòse puisans enperyalis yo. Lèfinitou mouvman mas yo pa vrèman konekte. Jounen jodi a genyen yon aspè jewopolitik ki vrèman enpòtan kote nou kapab pwofite kontradiksyon ki genyen ant Lachin, Larisi avèk puisans enperyalis yo. Sektè pwogresis la divize, nou manke atache ak revandikasyon mas yo, nou plis nan denonsyasyon, genyen yon travay alabaz ki pa fèt. Fòk nou genyen mwayen pou nou defann tèt nou.

***Fenomèn migrasyon ki se yon konsekans ensekirite a genyen gwo enpak sou batay nou ap mennen yo, paske genyen anpil moun ki konsekans nan lit la ki oblije kite peyi a. Pou nou ta relanse mobilizasyon popilè a fòk nou pi estratejik epi fòk nou priyorize kalite.***

Nou toujou ap mande tèt nou nan ki moman pawòl kominis lan, pawòl lagoch la se te pawòl sa ki t ap mennen batay ak tout mouvman sosyal yo. Mouvman 1946 pou kèk moun se yon mouvman tiboujwa ki te genyen kèk revandikasyon nou te kapab wè, aprè li te debouche sou popilasyon an, èske li pa t yon mouvman popilè? Kategori sa a pral genyen yon panchan pou maksis se aprè yon seri moun tankou André Malraux, Aimé Césaire elt. Te antre nan peyi a. Kategori entèlektyèl ki t ap mennen lit la pa t nesèsman konnen nati li pandan se pawòl maksis ki t ap pale nan mond lan nan peryòd 1940, 1946. Anpil jèn ki t ap mennen mouvman 1946 la te di se pat yon revolisyon, men se te yon mouvman revolisyonè paske si se te yon revolisyon, yo t ap chavire pouvwa ki te la a epi mete pouvwa pa yo pou yo fè sa yo te vle fè a. Jounen jodi a, nou menm ki nan sektè pwogresis la, li nesèsè pou nou pote diskou kominis lan, maksis revolisyonè a pi lwen.

***San nou pa vle prete moun ki t ap ekri sijè pou panèl la entansyon, men nou genyen enpresyon li pati sou konsta lit revandikatif yo bese. Epi nan dènye moman sa yo li pa vrèman wè enfliyans yon seri aktè/aktris pwogresis nan mouvman sosyal la. Apati konsta sa a li poze yon kesyon kisa nou dwe fè pou nou abòde pwoblèm sa a? Nou panse gansterizasyon an, mouvman sosyal la ki divize a, mank konfyans pa rapò ak trayizon lit mas la se yon seri eleman ki lakoz lit revandikatif yo bese.***

Li nesèsè pou genyen yon travay fòmasyon, konsyantizasyon ak yon etid sou fòmasyon sosyal ayisyèn nan. Nou pa fouti konprann sitiyoasyon mizè mas la ap viv la pi byen pase li. Nan sans sa a, se ale jwenn yo, diskite avèk yo nan sousi pou nou rive konstui avèk yo yon veritab fòs opozisyon. Jounen jodi a fenomèn gangsterizasyon an se youn nan pwoblèm nou kapab mize sou li pou nou remobilize mas popilè yo.

***Lè Mao di fonn nan mas la tankou pwason nan dlo a, kisa li vle di?***

Sa vle di nou pa kapab fè revolisyon an san mas la, ni tou nou pa kapab fè li pou li tou, se avèk mas la pou nou fè li. Men pou sa rive fèt, fòk nou antre anndan mas la, fonn avèk li tankou pwason nan dlo.

**Branch refleksyon sou Pouvwa  
Piblik**

## **7 Vid enstitisyonèl ak degradasyon pouvwa piblik yo : defi ak opòtinite pou mouvman sosyal ak popilè yo kreye nouvo rapò fòs**

---

### **Entèvenan Chenet Jean Baptiste**

Pou nou konprann kesyon vid enstitisyonèl la ak degradasyon pouvwa piblik yo nan fason anpil moun ap klèwonnen li an, li enpòtan pou nou fè yon tantativ pwoblematizasyon sou fòmilasyon sijè a apati de (2) eleman fondamantal : destriktirasyon total Leta a ak defisi yon altènativ politik.

#### **7.1 Destriktirasyon total Leta a**

Destriktirasyon total Leta a se tout enstitisyon Leta yo ak pouvwa piblik yo ki pa ranpli wòl ak fonksyon yo te dwe ranpli. Destriktirasyon total Leta a tou, se konsekans vid politik la paske Leta a se yon kesyon politik. Nan sans sa a, nou pa kapab di se yon vid enstitisyonèl, men se pito yon vid politik, entitisyonèl ak degradasyon pouvwa piblik yo kote enstitisyon yo an kriz epi pa genyen altènativ. Pandan entitisyon yo an kriz, Leta an kriz tou, men genyen lòt enstitisyon ki ap jwe wòl Leta a. Se sa ki fè li pi fondamantal pou nou di vid politik ak enstitisyonèl.

Nou di vid politik ak enstitisyonèl, paske politik la pi global epi moun ap fè politik depi lè yo egziste. Nan yon langaj sosyolojik, politik la se yon maryaj teyori ak pratik ki ap fèt depi limanite egziste. Alòske enstitisyon yo se yon konstriksyon sosyal epi ki varye nan yon moman istorik ak yon lòt. Politik la, se tout sa ki konsène lavi sosyal. Kidonk pwoblèm enstitisyonèl yo p ap kapab rezoud si nou pa poze pwoblèm Leta a.

Politik la se yon fòm, yon modèl, yon chapant òganizasyon sosyal. Alòske enstitisyon yo pa vrèman di ki chapant yo reprezante. Leta sa a nou ap pale a, se Leta modèn. Men anvan sa, te genyen lòt modèl òganizasyon sosyal tankou : SITE, TRIBI ak ANPI ki pa t genyen menm karakteristik ak Leta modèn nan.

## 7.2 Defisi yon altènativ politik

Defisi sa a lye yon kote ak efondreman Leta a, yon lòt kote ak enposiblite pou yon altènativ politik parèt (emèje). Altènativ la se yon pwojè politik men fòk nou genyen fòs ak kapasite mobilizasyon pou nou enpoze li. Defisi altènativ politik la tou se konsekans absans vizyon, pwojè politik ak kapasite nan mitan aktè ki nan mouvman sosyal ak popilè yo. Se pou rezon sa yo nou di defisi a enplike de (2) eleman ki lye : Leta epi kesyon altènativ la.

Leta a destriktire, dechapante, sou lagraba epi enstitisyon yo fè bèk atè. Mete sou sa tou, mouvman sosyal la, sektè popilè a, sektè pwogresis yo ak sektè politik altènativ yo nan enposiblite pou pwopoze yon veritab altènativ. Aktè pwogresis yo kanpe tankou espektatè ki ap gade yon vid politik ak enstitisyonèl san yo pa pwopoze yon veritab altènativ ki akonpaye ak yon fòs mobilizasyon nan pèspektiv pou enpoze li. Pa genyen okenn kote sou latè aktè politik ak sosyal yo rete ap tann lè pou yo fè chanjman. Altènativ politik la vle di pran pouvwa a.

## 7.3 Èske vid la se yon defi?

Nan pèspektiv sa a, nou dwe gade kesyon pran pouvwa a. Pa genyen kondisyon ki reyini nan peyi a pou moun pran pouvwa ak zam nan konjonkti nou ap evolye a. Li enposib pou nou pran pouvwa ann Ayiti jounen jodi a si nou di nou pa p patisipe nan eleksyon ki genyen pou fèt yo. Si nou vize fè yon seri transfòmasyon, se pouvwa pou nou genyen pou nou fè yo. Nan dinamik sa a, patisipasyon nou nan eleksyon yo se yon bagay fondamantal. Eleksyon se rapò fòs, depi popilasyon an kanpe avèk nou, pa genyen okenn fason pou yo vòlè eleksyon yo. Nan eleksyon 16 desanm 1990 yo, se paske popilasyon an te kanpe dèyè vòt li ki te fè enperyalis la pa t kapab vòlè eleksyon an, menm lè nou rekonèt kontèks yo diferan jounen jodi a.

### 7.3.1 Lòt aspè enpòtan ki fè vid la se yon defi:

- Li charye twòp move konsekans pou mas yo. Genyen plis mizè, plis grangou, plis enflasyon, vyolans gang elatriye. Nan dinamik sa a, ekonomi mafya kriminel la ap layite kò li epi ajan ekonomik mafya kriminel yo vin pi rich.
- Se Enperyalis la, patikilyèman Etazini, ki sèl kòk chante nan bay lòd sou sa ki pou fèt nan peyi a.



- Kriz yo toujou bay posiblite pou rebat kat sistèm politik, ekonomik ak sosyal la. Men, pwogresis yo pa ranmase li pou yo fè yon bagay avèk li.

#### **7.4 Èske vid la pa pote opòtinite ?**

Wi, vid la pote opòtinite, men genyen kondisyon fondamantal pou sa fèt :

- Konsantre nou sou tach demokratik yo, sa vle di gade ki pi gwo refòm ki nesèsè jounen jodi a ak kijan pou refòm sa yo fèt.
- Mete kanpe yon platfòm politik, elektoral, demokratik ak popilè nan dinamik pou pran pouvwa a epi pote amelyorasyon nan kondisyon lavi mas popilè yo.
- Refonde mouvman sosyal ak popilè yo epi gade ki lòt oryantasyon nou kapab ba yo.
- Byen ranmase chanjman ki ap fèt nan nivo jewopolitik la nan kad lit pou altènativ yo.

## 7.5 Diskisyon ak kòmantè

*Sa nou rele palman an pa fonksyonèl menm, men gouvènman an pa genyen okenn pwoblèm ak sa a paske se li ki jwe wòl tout enstitisyon ki pa la yo. Lè sa a, olye nou di vid enstitisyonèl pito nou di vid politik.*

*Si nou genyen vizyon an ak pwojè politik la, men se rapò fòs yo ki pa anfavè nou epi nou pa genyen kapasite mobilizasyon pou nou aplike pwojè politik la. Nan sans sa a, èske nou kapab di pa genyen altènativ ?*

Depi nou genyen vizyon an, nou genyen pwojè politik la, nou ap genyen kapasite mobilizasyon an menm lè li pa yon gwo fòs pou nou enpoze altènativ la. Paske kapasite mobilizasyon an se sou teren an li ap konstui, se pa nan vid. Koudeta Evo Moralès la nan peyi Bolivi se yon egzanp vivan. Se fòs la ki te ba yo kapasite ki fè moun ki te bay koudeta yo pa t kapab kenbe pouvwa a. Malgre se yo ki te òganize eleksyon yo, pati politik MAS ki se pati politik Evo Moralès la, te ranpòte eleksyon an depi nan premye tou. Se vizyon an ak pwojè politik la ki te ba yo kapasite sa a.

Men kanmenm, fòk nou rekonèt pati politik Evo Morales la te genyen yon tan sou pouvwa a, kidonk yo te plizoumwon prezan nan kèk enstitisyon. Èske se pa sa ki te ba yo kapasite pou re pran pouvwa a rapid konsa?

Nan yon sèten nivo nou kapab di wi, men pa bliye anvan yo te rive nan enstitisyon sa yo, yo te goumen pou yo te pran pouvwa a. Se paske yo te genyen yon vizyon, yon pwojè politik, ak kapasite pou yo enpoze vizyon ak pwojè politik la.

*Nan jefò pou nou konstui altènativ la ak pwojè politik la, èske nou kapab fè li pandan Leta a fè bèk atè ?*

Nou kapab toujou konstwi altènativ men nou dwe konstwi fòs pou nou enpoze li. Se poutèt sa nou di pwojè politik, se pa pwojè ONG. Sa vle di Leta a dwe anba kontwòl mouvman sosyal ak popilè yo. Nan sans sa a, nou pa kapab konstwi altènativ ak pwojè politik an deyò Leta a.

***Nan ka Ayiti a, parapò ak aktè an prezans yo (pouvwa ki la a epi entènasyonal la) ki pare pou yo touye nan ze tout tantativ inisyativ ki ta kapab bay kapasite pou konstui yon pwojè politik sou tèren, kijan nou kapab konstui kapasite sa a sou tèren an ?***

Nou pa kapab di altènativ politik si nou pa anvizaje pran pouvwa. Si nou anvizaje pran Leta a, lè sa a nou pral gade posiblite ak mwayen yo. Nou nan sa yo rele mobilizasyon ak kontestasyon. Menm lè nou rekonèt kontestasyon yo enpòtan.

***Nan ka kote nou pa genyen pouvwa nan men nou, èske nou pa kapab pwopoze epi fòse gouvènman an aplike altènativ politik la ?***

Kòman pou nou vle nou fabrike plan pa nou, ki kont enterè oligachi a ak enperyalis la epi nou mobilize pou nou mande pou yo aplike li pou nou ? Se yon ilizyon. Politik la se yon bagay konkrè, pandan nou ap konstwi altènativ politik la, nou dwe batay pou nou pran pouvwa a pou nou aplike li. Nou renmen pran egzanp anpil sou lòt peyi, men nou pa etidye eksperyans peyi sa yo. Parapò ak move sitiyasyon Brezil t ap konnen avan kryeyasyon Pati Travayè yo (PT) nan fen ventyèm syèk la, travayè yo te fenk kare fè grèv si pati a pa t pran pouvwa a epi amelyore kondisyon lavi moun.

***Parapò ak evolisyon ki genyen nan kontinan Afrik la atravè koudeta ki ap fèt yo kote peyi yo ap repoziyone sou plan jewopolitik, nou menm ann Ayiti kouman nou kapab abòde sa epi aji sou li ?***

Peyi sa yo nan yon kondisyon ki pi favorab pase nou. Chanjman sa yo ki ap fèt nan kontinan Afrik la se lame ki nan tèt tout mouvman sa yo. Alòske nou menm, nou pa genyen gwoup militè pwogresis ki pou pran pouvwa a nan kontèks jewopolitik nou ap viv la. Chavez ki te yon militè epi li te genyen yon pati nan lame a avèk li, sa te rann li pi fò pou li pran pouvwa a. Nan ka Ayiti a, dirijan ki la yo se restavèk enperyalis etazini mete sou pouvwa a pou garanti enterè li. Se ansanm bagay sa yo ki fè nou pa kapab pwofite sa ki ap pase nan kontinan Afrik la.

Aktè pwogresis yo dwe rekonstwi yon espas politik ak yon kad refòm pou pouvwa piblik yo parapò ak Leta a. Yo dwe bay mouvman sosyal ak popilè yo plis jarèt nan ede yo refonde tèt yo epi konstwi alyans ak lòt sektè pwogresis pou chache resous nou pa genyen nan lòt peyi tankou fòme militan pou nou sou plan militè.

***Èske nou pa kapab konsidere sanksyon entènasyonal la ap bay kèk dirijan politik kòm yon koulwa pou nou konstwi yon altènativ?***

Sanksyon sa yo se yon pòt li ouvè. Enperyalis la sanksyone moun li vle, pou rezon li vle, pou objektif li vle, nou kapab itilize sanksyon sa yo nan benefis tach demokratik nou ap pale a. Se pa nou ki di moun sa yo nan gang ak nan koripsyon, sa pou nou fè, se mete kanpe yon jiridiksyon kont koripsyon pou nou jije moun sa yo ak lòt ankò.

Mete kanpe jiridiksyon kont koripsyon se yon bagay ki kapab fèt apre. Kesyon sanksyon nou ap pale a se nan kad pou mete kanpe yon platfòm politik parapò ak vid ki genyen sou sèn politik la. Sa ki fondamantal pou nou gade, se kòman sanksyon sa yo kapab sèvi nou kòm boustè pou nou mete kanpe platfòm politik la.

Se pa sanksyon yo ki pral bouste nou pou nou mete kanpe platfòm politik la. Se pito enterè pa nou pou nou genyen. Men anpil fwa nou pa etidye bagay yo nan dimansyon yo. Lè Lula te rive sou pouvwa a, li te fè alyans ak anpil pati ladwat ki te vin okipe yon bon pati nan pouvwa a. Pati ladwat sa yo te genyen anpil enfliyans nan palman an.

***Parapò ak eksperyans Lula te fè nan kad alyans li te fè ak anpil pati ladwat yo, kijan nan ka pa nou ann Ayiti pou se sektè pwogresis yo ki genyen lidèchip nan kad yon alyans konsa?***

Se fòs ak kapasite nou ki pral fè nou genyen lidèchip la. Pafwa se moun nan pouvwa a ki konn vin kanpe nan opozisyon. Si nou pran egzanp Henrique Capriles la, se yon moun ki te nan pouvwa a ansanm ak Chavez epi ki ta pral vin lidè opozisyon nan peyi Venezuela. Men parapò ak fòs epi kapasite pouvwa Chavez la te genyen, yo te rive kontwole li. Nan kad alyans yo, se kèk aspè konsa pou nou konsidere.

Pou nou rive mete kanpe platfòm politik la fòk nou genyen yon figi efikas. Men nou pa wè okenn moun nan mouvman sosyal ak popilè a ki kapab genyen eleksyon an vre, paske enperyalis la ap boude li.

Pito nou gade nan ki nivo nou kapab patisipe nan eleksyon yo (kolektivite teritoryal ak lejislatif) epi fè alyans ak yon figi entènasyonal la pa genyen pwoblèm avèk li. Si nou rive genyen kèk pwogresis nan palman an, se yon gany ki ap pèmèt nou fè kèk refòm. Nan eleksyon ki sot pase yo, malgre Guerchang pa te genyen mwayen finansye, men li te rive an twazyèm pozisyon. Pandan li pa t menm genyen mwayen pou li te fè kanpay pou eleksyon yo.

***Nan kad yon posiblite pou nou ta fè yon alyans politik, èske nou pa ta dwe elabore taktik pou nou goumen ak enperyalis la ?***

Pou nou rive mete platfòm politik la kanpe, nou bezwen yon bon ekip pou palman an, yon bon reprezantasyon nan nivo komin yo. Aprèsa, nou kapab fè alyans ak yon kandida pou pòs prezidan ki pa yon menas pou enperyalis la. Nou patisipe nan plizyè tantativ pou monte yon platfòm politik, elektoral ak demokratik deja anndan peyi a, men toujou genyen difikilte pou sa reyalize. Anpil fwa se ti bagay pèsònèl ki anpeche platfòm yo monte, se pa kontradiksyon ki konn genyen nan mitan diferan pati yo.

Se vre nou poko wè kouman nou pral mete platfòm politik sa a kanpe, men parapò ak kontèks nou ap viv jounen jodi a, nou gen obligasyon pou nou mennen batay kont enperyalis la epi pote yon amelyorasyon nan kondisyon lavi mas popilè yo. Nan sans sa a, fòk nou pran pouvwa a. Nan dinamik sa a, nou dwe defini tach demokratik yo nan kad refòm nou ap genyen pou nou fè yo. Genyen kèk refòm ki fondamantal nou pa bezwen fè yon revolisyon sosyalis pou nou fè yo.

***Sa nou rele vid politik ak enstitisyonèl la, li lye ak yon kriz renouvèlman enstitisyonèl. Nan dinamik sa a, nou konstate anpil moun genyen pozisyon pou diktati retounen nan peyi a. Nou pa konnen si se eritaj 1986 la ki fè fòs ki ap aji yo vle konsève sistèm kraze zo a. Parapò ak konsta sa a, kisa nou ap fè ? Èske nou ap konstwi yon fòs politik pou nou kapab ale nan eleksyon sa ? Èske fòs politik sa a ta dwe konstwi sèlman pou eleksyon? Nou panse aspè sa yo kapab konstitiye yon veritab deba sou patisipasyon fòs pwogresis yo nan eleksyon ki pral vini yo.***

Nou konstate kesyon konstriksyon fòs politik la parèt plizyè fwa nan diskisyon yo, men fòk nou fè atansyon pou nou pa redui fòs politik la ak konba elektoral. Nan fòmasyon fòs politik sa a, fòk nou gade ki pwa nou genyen ladan li. Nou pa kapab konstwi yon fòs politik sou baz nou se aktè/òganizasyon pwogresis sèlman. Si se nan kad konba elektoral yo nou ap konstwi fòs politik la, fòk nou gade kapasite chak aktè/òganizasyon yo, sa yo reprezante sou tèren batay la epi kòman prezans aktè/òganizasyon yo marande ak espas lit revandikatif yo. Sa yo ap pèmèt nou rive fè kèk gany.

Nan kad diskisyon yo, youn nan pwèn ki entèrese nou se platfòm politik, elektoral, demokratik ak popilè a. Men se pa premye fwa bagay sa yo parèt nan kad batay nou ap mennen sou tèren politik la. Nou genyen kèk platfòm politik ki egziste deja tankou Fwon Patriyotik Popilè (FPP) ak akò 30

dawout 2021 ki pote non akò Montana. Youn nan bagay ki poze pwoblèm nan dinamik mete ansanm sa yo, se kesyon ideyolojik yo. Anndan platfòm sa yo, nou jwenn yon melanj ideyolojik. Yon moun ki ap batay pou genyen yon chanjman radikal parapò ak politik ki ap aplike anndan peyi a, pa kapab enskri tèt li nan yon melanj ideyolojik. Nan yon dyalòg politik, ideyoloji pa dwe yon eleman blokaj. Nou estime bagay sa yo kontrè ak sa nou pataje kòm valè.

Youn nan bagay sistèm lan rive fè, li fè nou demake sou pozisyon ideyolojik nou, pou ale diskite sou yon seri bagay ki pa p menm bay rezilta. Olye nou ale nan yon melanj ideyolojik, nou te kapab ranfòse Rasin Kan Pèp la kòm pati politik pwogresis, pou li vin yon veritab fòs politik pou li patisipe nan konba elektoral yo nan pèspektiv pou pran pouvwa a. Olye nou ranfòse sa nou genyen deja, nou pito antre nan yon seri alyans pou nou kapab domine pandan nou pa p janm dominan anndan yo vre.

## 8 Ki pwojè politik pwogresis devan vid enstitisyonèl ak degradasyon pouvwa piblik yo nan peyi a ?

---

Entèvenan : Guy Numa

### 8.1 Kisa yon pwojè politik osnon yon pwojè sosyete ye ?

Yon pwojè sosyete, se yon vizyon, yon manyè nou vle pou sosyete a òganize/ fonksyone. Se yon objektif nou fikse, ki marande ak aksyon nou vle poze yo, epi mwayen nou bay tèt nou pou nou poze aksyon sa yo pou atenn objektif sa a. Yon pwojè sosyete se yon fòm pwogram politik. Pwojè sa a pa kapab ateri si pa genyen yon estrikti politik ki pou ranmase li. Estrikti politik ki ap pote pwojè a kapab yon òganizasyon, yon pati, yon fwon oubyen yon platfòm politik.

Si se yon pwojè altènatif ki vize chanje sosyete peze souse a, li enpòtan pou aktè pwogresis yo ak pèp la patisipe nan mete li sou pye. Youn nan konsta nou fè anndan peyi a, li difisil pou jwenn yon estrikti politik ki genyen yon pwogram politik. Anpil estrikti politik anndan peyi a, se ak eslogan yo mobilize pèp la. Si toutfwa ta genyen kèk estrikti politik ki genyen yon pwogram politik, popilasyon an pa konnen sa ki ladan li. Anpil fwa, nan estrikti politik ladwat yo, lidè yo chita nan biwo yo Pòtoprens epi yo reyalize yon bagay epi yo rele li pwogram politik. Alòske nan yon pwogram politik, mas popilè yo dwe bay dizon yo sou li.

Lè nou pran pouvwa a, pwogram politik sa a ki dwe pwogram gouvènman an. Nan dinamik sa, nou kapab bay de (2) egzanp sa yo kòm pwogram politik:

- *La chance qui passe, la chance à prendre*<sup>2</sup>.
- *L'avenir en commun / La France insoumise*<sup>3</sup>.

---

<sup>2</sup> -Se yon pwogram politik Fwon Nasyonal pou Chanjman ak Demokrasi (FNCD) te mete sou pye nan lane 1990.

<sup>3</sup> - Se yon pwogram politik Jean Luc Mélenchon, yon ansyen kandida pou pòs prezidan nan peyi Lafrans nan eleksyon 2017 yo.

## 8.2 Ki pwojè politik ki ap aplike nan peyi a/kisa ki nannan pwojè politik sa a ?

Nou konstate anndan peyi a, depi yon bon bout tan, peyi enperyalis yo jwe yon wòl enpòtan nan desizyon ki ap pran yo. Se pa ni kounye a ni pandan peryòd lokipasyon amerikèn nan peyi enperyalis yo ap jwe wòl sa a. Depi anvan peryòd lokipasyon an, nou te toujou genyen peyi Ewopeyen yo : Lafrans, Almay ak Langletè ki te ap jwe wòl sa nan pran desizyon yo nan nivo politik, ekonomik ak sosyal anndan peyi a. Apati peryòd lokipasyon an, Etazini te ranplase peyi Ewopeyen yo nan desizyon ki ap pran yo anndan peyi a. Malgre nou rekonèt puisans Ewopeyèn yo toujou la, men se Etazini ki prensipal peyi ki ap bay lòd sou ki desizyon ki pou pran nan peyi a.

Pwojè ki ap aplike nan peyi a, se yon pwojè ki vle kenbe peyi a anba dominasyon kapitalis enperyalis la epi piye richès li yo. Nan tout dènye tan sa yo, kapitalis la genyen kèk wòl espesyal yo bay peyi a jwe tankou :

- Founi mendèv bon mache nan lide pou ogmante ekonomi lakay yo. Youn nan estrateji yo itilize pou libere mendèv la se kreye plis mizè.
- Pwodui pou mache kapitalis la nan nivo entènasyonal. Pwodiksyon sa yo fèt nan pi fò soutretans yo (faktori). Nan sa ki gen pou wè ak agrikilti, nou pa bezwen pwodui manje paske genyen manje pou tout moun nan mond lan.
- Founi kapitalis la matyè premyè. Sepandan, depi yo devlope teknoloji pou sa, yo kite matyè premyè sa yo nan men nou.
- Konsome yon seri pwodui yo fè espesyalman pou Ayiti. Konsa nou pa bezwen devlope kapasite pwodiksyon lakay nou. Wòl nou anndan pwojè sa a, se konsomatè.

Pou yo rive atenn objektif sa yo, kapitalis la bezwen dirijan restavèk ki pou fè aplike lwa epi dirije peyi a nan enterè li. Se pou sa li genyen enterè kenbe popilasyon an deyò tèren politik la, yon manyè pou popilasyon an pa mete moun ki kont enterè enperyalis la sou pouvwa a. Lè lapolis ak lame pa kapab byen fè djòb mete popilasyon an sou kote, yo itilize estrikti paramilitè oubyen gang pou fè sa.



### **8.3 Konsekans pwojè politik sa a sou peyi a globalman, sou mas yo ak sou enstitisyon yo**

Kòm se yon pwojè ki ap aplike kont mas yo, li genyen konsekans sou peyi a ak sou enstitisyon yo. Pwojè sa a pèmèt yo :

- Refòmasyon fòmasyon sosyal ayisyèn nan, dekonstonbre milye peyizan yo ak pwodiksyon agrikòl la.
- Piye resous peyi a.
- Eksplwate mendèv travayè yo pou yon salè mizè anndan kou deyò peyi a.
- Mete peyi a nan plis depandans politik ak ekonomik.
- Plonje peyi a nan yon kriz pèmanan san parèy.
- Dekonstonbre enstitisyon yo.

### **8.4 Lit ki mennen kont pwojè sa a**

- *Nan nivo revandikatif*

Pandan tout peryòd apre 1986 yo pou rive jounen jodi a, lit revandikatif yo toujou parèt dominan sou tèren batay politik la. Se yon seri òganizasyon nan mouvman sosyal ak popilè a ki pote lit sa yo. Revandikasyon yo fèt nan nivo politik, ekonomik ak sosyal. Nan revandikasyon sa yo, genyen ki ap mande : chanje leta a, pou pèp la patisipe nan desizyon ki ap pran yo, tè pou peyizan yo travay ak ankadreman pou yo pwodui manje pou peyi a (refòm agrè), edikasyon ak lasante pou tout moun elt.

- *Nan nivo politik / batay pou pran pouvwa a*

Estrikti politik pwogresis yo pa rive poze aklè kesyon pran pouvwa a. Yon seri estrikti pwogresis kwè se ak zam pou yo pran pouvwa a, men yo pa rive pran dispozisyon pou sa fèt. Estrikti sa yo chita ap fè travay konsyantizasyon, prepare yon bann militan san objektif ki klè. Sa lakòz estrikti ladwat yo toujou jwenn plis fay pou rekipere lit mas popilè yo. Epi genyen anpil militan lagoch fòme ki al jwenn ladwat sitou lè genyen eleksyon.

## **8.5 Pou yon pwojè politik altènatif**

Genyen pou pi piti twa (3) eleman ki enpòtan nan mete kanpe yon pwojè politik altènatif.

### **8.5.1 Nou dwe klè sou kalite pwojè nou vle pote a**

Si nou itilize mo pwojè politik altènatif, sa vle di nou ap pale konsènan yon pwojè ki anfas pwojè enperyalis la ak klas dominan lokal yo. Sa vle di, yon pwojè politik ki genyen objektif pou transfòme modèl sosyete peze souse a, epi ki ranmase revandikasyon fondamantal klas domine ak eksplwate yo.

### **8.5.2 Estriktiki pou pote pwojè a**

Yon pwojè politik osnon yon pwojè sosyete dwe genyen yon estrikti politik ki pou pote li. Estrikti sa a kapab: yon òganizasyon politik pwogresis, yon pati politik pwogresis, yon platfòm politik, osinon yon fwon pwogresis.

### **8.5.3 Mete kanpe yon pwogram politik**

Pwojè politik altènatif nou ap pale a, dwe soti anndan yon pwogram politik. Pwogram politik sa a dwe :

- Montre aklè vizyon ak chanjman estrikti a pote
- Ranmase revandikasyon fondamantal klas oprime yo
- Fikse yon seri objektif ki klè
- Defini prensipal priyorite estrikti a genyen pou li kapab pote chanjman li vle pote a
- Gade kijan li ap òganize Leta a ak enstitisyon yo
- Gade kad legal li ap mete anplas pou atenn objektif li yo
- Defini klèman nan konbyen tan epi ak ki mwayen chak etap ap reyalize.

## 8.6 Diskisyon ak kòmantè

***Nou di pwojè politik la dwe koresponn ak aspirasyon mas popilè yo, men si se yon pwojè politik ladwat li pa oblije ranmase aspirasyon mas popilè yo.***

Nou ap pale nan kad yon pwojè politik altènatif kote se aktè pwogresis yo ki konstwi li ansanm ak mas popilè yo. Yon pwojè politik ladwat pa p ranmase revandikasyon mas popilè yo paske pwojè politik sa a depaman ak sa mas popilè yo genyen kòm revandikasyon. Mete sou sa, yon pwojè politik ladwat pa konstwi sou tèren batay. Se nan biwo kèk moun chita ansanm epi yo ponn pwojè politik sa a.

Si nou pran pati politik Pitit Desalin nan, parapò ak sa lidè li a genyen kòm diskou, li ta vle sanble ak yon pati politik pwogresis. Men lè nou gade nan pratik yo, se demagoji nèt ale. Tout bagay yo santre sou yon sèl moun, se lidè a ki jwe tout wòl yo anndan pati politik la. Yon pati politik konsa depi lidè a pa la ankò, li difisil pou li egziste paske li pa genyen yon veritab estriki.

***Kisa peyizan Latibonit yo kapab fè pou reziste kont pwojè enperyalis la nan vann peyi a diri pèpè pou kraze pwodiksyon diri nan peyi a?***

Plantè nan Latibonit yo rive nan yon sityasyon kote yo pa kapab kenbe ankò. Pwodiksyon diri a vin bese. Nan kesyon libere mendèv la nan peyi a, genyen yon epòk nan rejyon Gran Nò a, prèske tout mendèv yo te konsantre sou Latibonit nan rekòlte diri. Premye bagay enperyalis la fè se kraze pwodiksyon diri nan Latibonit lan nan vann peyi a diri pèpè. Lè yo wè peyizan yo ap reziste, jounen jodi enperyalis la kreye latwoublay ak gang li nan Latibonit pou kraze ti rès nou te rete nan pwodiksyon diri a. Sa lakòz anpil nan peyizan yo kouri deplase epi yo oblije ale vann fòs kouray yo nan faktori. Se tout estrateji sa yo enperyalis la mete kanpe pou li rive nan libere mendèv la nan peyi a.

***Kapitalis la di pwoblèm manje rezoud nan mond lan, pandan pwodui sa yo ap pale a se yon seri pwodui ki genyen OGM (Òganik Jenetikman modifiye) ladan yo. Pwodui sa yo genyen anpi move konsekans sou sante moun.***

Kapitalis la di nou pwoblèm manje a rezoud nan mond lan, genyen manje pou tout moun pandanstan se plizyè milya moun ki ap mouri grangou nan mond lan. Se vre genyen manje pou tout moun, men yo pa mete li disponib sou mache a nan sousi pou pwodui sa yo pa kase pri mache

a. Olye yo mete pwodui sa yo sou mache a, kapitalis la pito jete yo. Se yon sistèm kriminel ki pa genyen okenn konpasyon pou moun. Makfabrik li se fè lajan, masakre moun ak lanati.

Nan tout diskisyon ak refleksyon ki ap fèt yo, nou neglije aspè kiltirèl la. Nan dinamik pwojè ki ap aplike anndan peyi a, aspè kiltirèl la ki genyen ladan li tout eleman tankou : mizik, literati, atizana, pwodiksyon konesans elatriye, anpil fwa chita sou twa (3) sektè : manchann, kapitalizasyon epi privatizasyon. Lè nou di sektè machann nan, nou vle pale sou vag migrasyon ki ap fèt yo, kit se etidyanosinon sosyopwofesyonèl, anpil nan yo pral travay nan yon seri domèn ki pa twò enpòtan. Se sa nou rele mendèv bon mache a. Men genyen yon lòt kategori ki yo menm pral rapousib etid akademik yo. Pafwa genyen nan moun sa yo ki ap vin jwe wòl ajan peyi enperyalis la.

Parapò ak diferan wòl enperyalis la defini pou peyi a, nou kapab di yo pa menm bay peyi a jwe wòl founi matyè premyè. Yo mete kanpe yon seri mekanis pou pou fè dappiyanp sou tout sa nou genyen kòm richès. Pou peyi enperyalis yo tabli dominasyon yo pou fè dappiyanp sou richès a, se dirijan restavèk yo itilize kòm koulwa. Se sa ki fè pandan tout tan pwojè sa a ap aplike a, yo rive kenbe aktè pwogresis nan mouvman sosyal ak popilè yo deyò tèren batay politik la nan lide pou pa deranje pwojè ki ap aplike a.

Nan kad aplikasyon politik baryè lib yo, se enperyalis la ki deside sou kisa nou ap pwodui. Youn nan bagay yo te di pou Ayiti pwodui se legim ak mango fransik. Nan lane 2009, Paul Collier, yon ekonomis britanik, te vin fè yon etid nan peyi a sou kouman pou rann ekonomi an dinamik. Rezilta etid li a te montre se kreyasyon zòn franch anndan peyi a ki ap pèmèt ekonomi an dinamik. Li repran menm resèt ak kèk etid peyi enperyalis yo te deja reyalize ann Ayiti.

Nou poze pwoblèm nan nan yon dimansyon ki senp, se tankou dappiyanp enperyalis la ap fè sou peyi pa antre nan kad yon pwojè. Nou rete kwè sitiyasyon nou ap viv jounen jodi a se yon bagay ki byen panse epi ki antre nan kad yon modèl politik piblik. Se peyi enperyalis yo ki panse modèl politik sa a ki ap aplike nan peyi a avèk konkou yon seri restavèk. Nan peryòd lokipasyon Etazini nan peyi a, Franklin Delano Roosevelt te minis nan depatman Leta nan peyi Etazini, li te travay sou konstitisyon ki te ap aplike nan lane 1918 la ann Ayiti. Nou pran egzanp sa pou nou moutre sitiyasyon sa a Ayiti ap viv la, se yon bagay ki antre nan kad yon pwojè.

Jounen jodi a, mas popilè yo ap sibi yon dominasyon anba men oligak yo melanje ak enperyalis la, kote Leta a se prensipal zouti ki pèmèt yo chita dominasyon sa a. Men, si aktè pwogresis nan mouvman sosyal ak popilè yo rive konstui yon altènativ ki pèmèt yo rive pran pouvwa a, rapò fòs yo ap ranvèse, se pwojè altènativ la ki ap dominan.

Depi yon sosyete divize an klas sosyal, genyen yon klas ki ap domine yon lòt. Nan dinamik kote pwoletè yo ta ranvèse rapò fòs la anfavè yo epi pran pouvwa a, se klas pwoletarya ki pral domine klas ki te sou pouvwa a. Sa yo rele demokrasi a, li alafwa diktati. Pou demokrasi total la egziste, fòk sosyete yo pa chita sou klas sosyal. Se nan pèspektiv sa, Lenine rele revolisyon sosyalis la diktati pwoletaryèn ki se yon faz ant kapitalis la ak kominis lan. Nan sosyete kote ki genyen klas sosyal yo, demokrasi/diktati toujou genyen yon kalifikatif dèyè li : demokrasi/diktati boujwa ak demokrasi/diktati popilè. Demokrasi/diktati popilè a se lè pouvwa a sou kontwòl pèp la pou anpeche boujwazi a ak enperyalis la piye richès yo.

Kesyon pèp la ap dirije a, sa pa egziste, se yon reprezantasyon lide, se pito pwojè popilè a ki ap aplike atravè yon ekip pwogresis, men se pa pèp la ki ap dirije.

Sou aspè sa a, kapab genyen yon reprezantasyon pèp la nan plizyè lòt enstans. Lè yon moun rive Kiba, Komite Defans Revolisyon (CDR nan lang franse) konnen li rive nan peyi a. Genyen yon nivo kontwòl baz la genyen sou tout sa ki ap pase nan peyi a. Pa rapò ak fason peyi enperyalis yo kanpe anfas Kiba a, genyen yon nivo demokrasi pèp la p ap kapab egzèse. Si yo ta kite pèp la egzèse nivo demokrasi sa a, enperyalis la ap anvayi peyi a epi kraze pwojè popilè ki ap aplike Kiba.

***Nan kad pou mete kanpe pwogram politik la, se vre nou gade aspè tan ak mwayen an, men nou pa gade aspè reyalizasyon pwogram politik la parapò ak aktè anfas yo ki reprezante yon veritab obstak pou nou.***

Nan sans sa a, nou t ap gade eleman chapant ak kontni pwogram nan. Pou nou aplike pwogram nan, sa antre nan kad yon batay politik, ekonomik ak sosyal. Nou plis nan yon nivo teyorik, men nou konnen pa genyen moun ki pral kwaze bra yo pou yo kite nou aplike pwogram politik la. Lè nou ap dirije, se konpetans ak kapasite nou ki pral fè nou reyalize yon seri bagay fondamantal paske se pa tout moun ki ap dakò ak inisyativ nou ap pran yo.

Nan dinamik pou mete pwogram nan sou pye, nou di fòk genyen yon estrikti ki pote li, se kapab yon òganizasyon politik, yon pati politik, yon fwon politik osinon yon platfòm politik. Si se yon platfòm politik kote nou kapab jwenn enterè yo depaman, èske sa pa kapab lakòz genyen yon seri eleman ki deyò anndan pwogram politik la ?

Nan dinamik sa a, genyen plizyè bagay ki pou fèt. Premye bagay ki pou fèt la, se diferan estrikti sa yo ki pou mete yo dakò sou eleman ki ap pèmèt platfòm politik la kanpe. Si nou travèse premye etap la, lòt etap yo ap vin pi fasil. Si nou ta pran 10 òganizasyon osinon pati politik ki mete yo dakò pou kanpe yon pwogram politik, lè sa nou pral monte yon komisyon ki genyen yon reprezantan chak estrikti sa yo nan pèspektiv pou elabore pwogram politik la. Si estrikti sa yo pa te genyen yon pwogram politik deja, komisyon sa ap monte pwogram politik la. Men, si yo te genyen yon pwogram deja, komisyon an pral analize nan chak sektè ansanm eleman komen ki konstitiye pwogram politik la, ki kote youn kapab konplete lòt nan fason pou bati yon pwogram ki ranmase vizyon chak estrikti sa yo. Paske pwogram politik la dwe ranmase revandikasyon mas popilè yo epi dwe konstwi ak patisipasyon mas popilè yo sou tèren an.

Nan kad mendèv bon mache nou ap pale a epi parapò ak pwojè altènativ nou ap konstui yo, kesyon salè tibèkiloz la ta dwe yon bagay fonmantal pou nou gade epi li ta dwe sèvi nou chwal batay menm. Lè genyen yon pwojè altènativ ki ap monte nan òganizasyon yo, nou dwe bay pèsonèl yo yon salè ki ap pèmèt yo repwodui lavi yo. Pafwa òganizasyon sa yo mete anpil lajan pou fè mouvman kont salè tibèkiloz Leta a ak patwona ap bay travayè yo, poutan menm òganizasyon pwogresis sa yo pa bay pèsonèl pa yo yon salè ki ap pèmèt yo viv.

Anpil nan enstitisyon altènativ yo se lajan diri ak pwa yo bay anplwaye yo. Men, fòk nou rekonèt tou òganizasyon sa yo genyen pwoblèm finansman. Menm fòmasyon politik ak ideyolojik mas popilè a, yo pa kapab rive fè. Li pi fasil pou jwenn finansman pou konstwi latrin kominotè ak pwojè pou bay kabrit olye yo jwenn finansman pou fè fòmasyon politik ak ideyolojik mas popilè yo. Nan dinamik sa a, genyen anpil òganizasyon ki nan domèn konsyantizasyon ki reziyen yo ak reyalite sa a, yon manyè pou yo kapab egziste.

Nou mete nou dakò se ti pwojè latrin, kabrit ak kèk ti pwojè lojman yo finanse, men nou menm kòm eleman altènativ, nou dwe chache yon mwayen pou nou sispann reziyen nou ak sa a. Menm lè finansman yo se pou pwojè latrin ak kabrit, nou kapab fè fòmasyon politik ak ideyolojik benefisyè yo tou. Kòm anndan pwojè yo toujou genyen aktivite fòmasyon ak sansibilizasyon, nou

kapab chanje kontni fòmasyon yo nan pèspektiv pou nou tou fè fòmasyon politik ak ideyolojik moun yo.

Genyen yon lòt dimansyon pou nou konsidere nan kesyon fòmasyon nou ap pale a, li pi fasil pou mezire rezilta pwojè latrin ak kabrit la pase fòmasyon yo. Genyen plis evidans lè yo bay kabrit yo osinon konstwi latrin yo. Se nan dinamik sa a ki fè moun yo plis dakò ak dimansyon sa yo ki se yon bagay konkrè pou yo, pase eleman ki chita sou syanzimèn ak sosyal ki pi difisil pou evalye nan kad yon pwojè.

# **BRANCH ALTÈNATIV EKONOMIK**



## 9 Chapant ekonomi peyi a

---

**Entèvenan : Camille Chalmers**

### 9.1 Kisa ekonomi an ye

Genyen yon diskou dominan sou ekonomi an ki fè nou kwè ekonomi an se tout sa ki genyen rapò ak lajan osinon mache. Alòske lajan pa t toujou egziste, genyen yon pakèt sivilizasyon ki egziste depi plizyè mil ane ki t ap fonksyone san lajan. Lajan parèt nan yon moman nan listwa pou li te jwe wòl echanj nan rapò sosyal yo ki te konn fèt sou fòm byen ak machandiz. Lè echanj yo vin ap miltipliye, lèzòm kreye yon monè ki vin jwe yon wòl santral apati triyonf sistèm kapitalis la. Wòl fondamantal monè a se pèmèt echanj k ap fèt nan diferan kominote yo vin pi rapid. Jounen jodi a monè a plis yon byen sistèm kapitalis la itilize pou fè pwofi.

Genyen yon lòt apwòch menm ki konsidere ekonomi an tankou pwodiksyon byen ak sèvis pou satisfè bezwen endividyèl ak kolektif. Kidonk pou moun kapab rive repwodui tèt li, li bezwen enèji ki sòti nan pwodui l ap konsome yo.

### 9.2 Peryòd Nomad yo

Se yon peryòd kote limanite te nomad pandan anpil tan, sa vle di moun pa t janm genyen yon teritwa fiks. Pandan sivilizasyon sa a, lòm te konn viv apati tout pwodui lanati te ofri yo. Se nan mache chache tout kote, nan bwa, fè lakeyèt, lapèch ak chase bèt moun te konn rive satisfè bezwen manje yo. Separasyon yo te konn fèt an komen tou. Peryòd sa a te bout avèk revolisyon neyolitik la ki chanje mòd lavi moun.

### 9.3 Peryòd sedantè yo

Revolisyon neyolitik la parèt avèk agrikilti a kote lòm vin genyen yon teritwa fiks. Nan peryòd sa a, moun pa t sèlman ap chache pwodui pou manje, men yo te òganize yo pou travay latè pou pwodui sa yo bezwen manje. Avèk agrikilti a, moun pwodui plis manje pase sa yo kapab konsome. Se la tou batay ant moun pou separe pwodui an plis yo parèt, epi apati batay sa a tou pwopriyete prive mwayen pwodiksyon yo ak klas sosyal parèt.

Kidonk apwòch ideyoloji dominan an sou ekonomi an pa t toujou egziste. Modèl ekonomi sa a, se rezilta evolisyon dinamik nan rapò ekonomik yo ki chanje dapre listwa. Rapò ekonomik

sa yo menm chita sou relasyon sosyal pwodiksyon yo ki te konstwi aprè revolisyon neyolitik la, kote yon gwoup moun deside fè dappiyanp sou tout mwayen pwodiksyon yo ak fòs.

## **9.4 Relasyon sosyal pwodiksyon yo**

Relasyon sosyal pwodiksyon yo chita sou twa pilye ki ranfòse aprè revolisyon neyolitik la :

- Pwopriyetè (moun ki fè dappiyanp sou mwayen pwodiksyon yo, se sa tou ki pral bay kreyasyon Leta pou pwoteje mwayen pwodiksyon sa yo epi klas sosyal yo)
- Travayè yo (se prensipal moun ki ap kreye richès yo)
- Mwayen pwodiksyon yo (tè, zouti, konesans elatriye)

### **9.4.1 Kijan nou kapab etidye relasyon sosyal pwodiksyon yo**

Lè nou ap etidye relasyon sosyal pwodiksyon yo, nou dwe gade rapò ki tabli ant pwopriyetè ak travayè yo, ant travayè yo ak mwayen pwodiksyon yo, ant pwopriyetè yo ak mwayen pwodiksyon yo. Se tout rapò sosyal sa yo ki bay mak fabrik ekonomi an epi ki defini mòd pwodiksyon an ki se yon konsèp maksis. Se sosyete a ki tabli relasyon sosyal yo tankou demwatye ak salè.

## **9.5 Analiz sistèm ekonomik**

Ideyoloji dominan an toujou fè kwè se antrepriz kapitalis yo sèlman ki ap kreye richès. Poutan chaje lòt espas ki ap kreye richès men nou pa ba yo valè ak enpòtans. Nan sans sa a, si nou di objektif fondamantal ekonomi an se asire bon jan kondisyon pou moun viv, lè nou ap analize yon sistèm ekonomik, nou dwe gade tout espas ki ap pwodui richès yo. Mete sou sa tou, mak fabrik sistèm ekonomik global lan chita sou nati rapò ki tabli nan mitan espas sa yo. Rapò sosyal espas sa yo chita tou sou lojik diferan.

- Fanmi (solidarite menmsi genyen dominasyon gason sou fanm)
- Leta (ki ta dwe nan enterè jeneral)
- Mache kapitalis la (eksplwatasyon fòs travayè yo)
- Kominote yo (solidarite kominotè)
- Ekonomi Sosyal Solidè Popilè (repatisyon egal ego richès ki ap pwodui yo)

## 9.6 Mak fabrik ekonomik peyi Dayiti

Pou nou rive tabli mak fabrik peyi Dayiti, n ap konsidere kèk moman enpòtan nan listwa peyi Dayiti. Genyen diskou dominan ki vle fè kwè Ayiti se yon peyi ki te toujou pòv alòske pandan diznevyèm syèk la. Men chif estatistik yo montre nan tout ekspòtasyon ki t ap fèt nan Karayib la, Ayiti poukont pa li te reprezante ant 40 ak 50% nan richès Karayib la t ap voye lòt kote sou planet la. Yon lòt kote tou, diskou dominan an toujou vle fè kwè se revolisyon an ki fè pwodiksyon nasyonal la bese, men chif estatistik yo montre anvan peryòd lokipasyon ameriken yo nan lane 1915, sòti lane 1817 pour rive 1913, ekspòtasyon kafe a te toujou ap ogmante. Avon peryòd lokipasyon an, Ayiti te konn vann Lafrans kafe ki genyen valè 21 milyon dola kafe nan yon lane sèlman. Ayiti te konn vann peyi Lafrans plis pase li te achte pwodui nan men li.

Genyen yon batay tou ki te fèt pandan tout diznevyèm syèk la ant ansyen esklav yo ak Leta ayisyen. Ansyen esklav yo ki te vin tounen peyizan te anvayi yon pakèt plantasyon epi yo te deside pwodui manje pou tèt yo ak mache nasyonal la. Leta ayisyen menm te vle retire tè sa yo nan men peyizan yo, pou fè pwodiksyon kann pou yo te kontinye fè ekspòtasyon sik. Kidonk se te yon batay ant viv alimantè ak danre ekspòtasyon. Pou Leta te kanpe kont peyizan yo, li te vote plizyè lwa pou mete peyizan yo deyò sou tè yo epi distribye tè sa yo bay yon seri gran don pou yo te kapab genyen gwo plantasyon pou fè pwodiksyon sik la.

Pandan peryòd sa a, nou te genyen yon ekonomi kote sa ki t ap pwodui ann Ayiti yo te pou nou menm ann Ayiti sèlman. Men Leta ayisyen menm te itilize plizyè mwayen pou kraze sa a epi pou retounen ak ekonomi plantasyon an, ki se yon zouti enperyalis la mete anplas nan Karayib la ki te sèvi baz rapò kolonyal yo te defini ak Amerik latin nan. Ekonomi plantasyon an chita sou rapò esklav epi li ap pwodui parapò ak moun ki kontwole mache mondyal la, sa vle di tou se yon ekspòtasyon ki depandan, yo ap itilize teritwa yo pou plante pwodui yo bezwen lakay yo. Depi lanmò Christophe ak zak sasinay Dessalines, nou genyen yon Leta neyokolonyal, sa vle di yon Leta ki genyen pwojè retabli lyen depandans kolonyal la.

Pandan tout diznevyèm syèk la, genyen yon pakèt batay ki t ap mennen kont Leta sa a tankou : mouvman Peyizan yo, mouvman Goman an pandan 13 lane, Accau ak mouvman *piquet* yo elt. Se te yon batay klas tou ant ti peyizan yo ak klas dominan yo ki genyen rapò sere ak kapitalis mondyal la ki bezwen retabli ekonomi plantasyon an. Revandikasyon prensipal peyizan yo se yon ekonomi ki chita sou bezwen kolektif popilasyon an.

Se sa a ki sous blokaj ekonomi an kote genyen yon seri enstitisyon dominan ki kanpe kont tout dinamik pou kreye aktivite ekonomik majorite moun ap fè nan peyi a. Sòti nan lane 1840 pou rive 1914, bidjè Leta ayisyen an te neglije agrikilti a anpil. Ayiti te nan yon sitiyasyon kote boujwazi enpò/ekspò a fè dappiyanp sou Leta a, yo mete politik piblik ki ale an favè sektè ekspòtasyon an epi y ap batay pou yo wè si yo te kapab retounen ak plantasyon an men rezistans peyizan yo te anpeche sa fèt.

Dèt endepandans la se youn nan bagay ki genyen anpil konsekans negatif sou ekonomi peyi a. Jean Pierre Boyer te siyen yon akò ak Charles 10 nan lane 1825 pou peye Lafrans 150 milyon fran an lò pou repare pwopriyetè esklav ak pwopriyetè plantasyon ki te pèdi tout sa yo te posede nan peyi a aprè revolisyon 1804 la. Desizyon sila a te genyen gwo konsekans sou ekonomi peyi a, Lafrans te pran kontwòl finans peyi a epi Bank Santral la te vin sou kontwòl Lafrans. Pandan plis pase 100 lane, richès prensipal peyi a te sèvi pou peye Lafrans. Anpil enfòmasyon fè konnen youn nan pi Gwo bank miltinasyonal ki egziste jounen jodi a ki rele Kredi Endistriyèl ak Komèsyal (CIC an franse) fè richès li sou baz kòb ki t ap soti nan peyi Dayiti, *la tour Eiffel* ki nan peyi Lafrans konstwi apati richès ki te soti nan peyi a tou. Kidonk se senyen yo te senyen ekonomi peyi a. Nan lane 1825 pou rive 1828 pa t genyen kòb likid pou te peye dèt sa a ankò tèlman enterè a te wo. Boyer te voye kèk moun al negosye ak kapitalis angle ak Franse pou prete Ayiti kòb pou peye Lafrans. Kounya sa vin bay de (2) dèt : dèt endepandans la epi dèt kapitalis franse ak angle yo ak enterè ki wo anpil. Daprè dènye rechèch ki fèt yo, parapò ak tout lajan ak richès Ayiti bay Lafrans pandan plis pase 100 lane, Lafrans dwe Ayiti 14 milya ewo.

Okipasyon 28 jiyè 1915 la te boulvèse ekonomi peyi a tou, se ameriken ki t ap pran tout desizyon nan peyi a. Marines ameriken yo te mennen yon batay san rete kont peyizànri ayisyèn nan. Se te yon batay militè kote yo te touye anviwon 30 mil Ayisyen, li te yon batay ekonomik tou paske yo te mete yon mas peyizan deyò sou tè yo pou yo te bay yon bann pwopriyetè miltinasyonal ameriken. Yo te kraze anpil sous revni ekonomik peyi a tankou gildiv kote pèseptè ameriken yo te egzije pwopriyetè gildiv yo pou yo peye yon pakèt taks, plis pase 600 gildiv te fè fayit.

Ameriken yo te egzèsè anpil vyolans sou peyizan pou te fè yo travay gratis. Yo te menm ekri yon lwa sou kòve ki te mande pou peyizan yo bay jounen yo pou fè travay kolektif tankou wout, netwaye kanal elatriye. Yo te pran lwa sa a pou yo te fè peyizan yo tounen esklav. T outotan travay lan pa te fini yo te konn al chache peyizan yo chak maten, mare yo ak chèn pou mennen yo travay epi si yo te eseye sove, yo touye yo. Yo te pran kontwòl tout ministè yo kote se te sitwayen

ameriken ki te ap dirije yo. Yo te pran kontwòl lame tou, se sèlman ofisye ameriken ki te nan tèt lame a. Yo te vote yon lwa ki te rele *Konvansyon Ayisyèn Amerikèn Septanm 1915* ki te di se twa (3) moun ki t ap dirije peyi a : kòmandan marines yo, yon konseye finansye ak yon kontwòlè ladwàn. Yo te piye ekonomi peyi a divès fason, yo te vòlè anpil lò, yo te fè koupe anpil pyebwa pou voye vann nan lòt peyi. Yo te pran gwo lajan nan trezò piblik pou voye Etazini pou konstwi gwo enfrastrikti. Anpil nan kòb peyi a te ale nan *World Street* pou finansye plizyè envestisè ameriken. Yo te fèmen lakou dèkont ki te rele nan epòk sa lachanm dèkont ki te la pou kontwole tout depans ki t ap fèt nan peyi a.

Youn nan lòt mekanis ameriken yo te itilize pou vòlè resous peyi a, se te migrasyon, kote yo te fòse anpil moun pati kite peyi a. Yo te envesti anpil lajan pou modènize izin ki t ap pwodui sik yo nan peyi Kiba ak Repiblik dominikèn, pou òganize yon migrasyon fòse pou Ayisyen yo al travay tankou esklav nan chan kann Kiba ak Repiblik Dominikèn. Pandan 12 premye lane okipasyon an, sou 2.8 milyon ayisyen ki te konstitiye popilasyon an nan epòk sa a, te genyen anviwon 400 mil travayè Ayisyen ki te kite peyi a pou al travay Kiba, paske kondisyon yo pa t reyini pou yo te viv nan peyi a. Sitiyasyon sila te bay yon gwo kriz agrikòl kote agrikilti a pa janm kapab kanpe depi lè sa a.

Pandan tout 20èm ak 21èm syèk la, migrasyon an rete yon zouti fondamantal kote enperyalis la pa sispann vòlè richès peyi a nan jan li vòlè sèvo moun. Menm jan jounen jodi a pwogram *Biden* nan fè nou kontinye ap pèdi moun kòm richès peyi a.

An 1934, lè marines ameriken yo kite peyi a gras ak mobilizasyon patriyòt yo ann Ayiti epi ak mouvman solidarite entènasyonal ki te genyen Etazini ak nan Amerik latin an, yo te kite konseye finansye a ak kontwòlè ladwàn nan nan peyi a jis nan lane 1947 sou baz Ayiti dwe yo lajan.

Kidonk makfabrik ekonomi Ayiti a, se yon :

- Ekonomi bloke ki soti nan opozisyon ant dominan yo ak dinamik ki genyen nan peyizànri an
- Ekonomi depandan (sou plan finansye, kiltirèl, politik enstitisyonèl ak alimantè)
- Ekonomi dezatikile (diferan sektè pwodiktif yo pa makònen)
- Ekonomi an espekilasyon

- Ekonomi polarize kote yon ti gwoup moun kontwole pi fò richès peyi a epi yon mas moun pòv
- Ekonomi enfòmèl san kanpe.

### **9.7 Konstriksyon altènativ ekonomik**

Pou kanpe fas kare ak sistèm peze souse a, ki rann lavi mas pèp la plis mizerab chak jou pi plis, solisyon an se sistèm sosyalis la. Yon ekonomi kote se travayè yo ki genyen pouvwa pou deside sou kijan repatisyon richès yo ap fèt nan sosyete a. Pa genyen okenn koneksyon ant demokrasi ak sistèm kapitalis la, kapitalis la pa nan lojik demokrasi a menm. Egzanp lan klè nan izin yo, pa genyen demokrasi vre. Sèl grenn moun ki ap pran tout desizyon yo, se mèt kapital la. Demokrasi a rive nan pòt izin yo. Nou menm, lè nou ap konstwi sosyete pa nou an, li dwe demokratik sou plan politik, kiltirèl ak ekonomik. Youn nan bagay fondamantal sosyalis la ap ede nou fè, se kreye nouvo relasyon pouvwa nan chak espas pwodiksyon ekonomik.

## 9.8 Diskisyon ak Kòmantè

*Parapò ak diskou ki fè kwè nou pa pwodui a, èske nou pa fè ekspòtasyon nan dènye lane ki pase yo?*

Oryantasyon diskou sou kesyon ekonomi an chita sou lide se tout sa ki genyen koneksyon avèk mache mondyal la ki genyen valè. Youn nan egzanp nou kapab pran, Ayiti pwodui 650 mil tòn metrik mango chak lane avèk 129 kalite mango diferaan. Pa genyen okenn lòt peyi ki genyen tout varyete sa yo. Depi kèk lane, genyen kèk antreprenè ki ap voye anviwon 2,5 milyon kès mango vann nan peyi Etazini chak lane. Kantite sa a reprezante ant 10 ou 12 mil tòn metrik mango. Sa pa vle di anyen parapò ak kantite mango ki ap pwodui nan peyi a. Kidonk mango yo gaspiye paske pa genyen oken izin transfòmasyon pou mango ki se yon richès nan pwodiksyon nasyonal la. Men Leta pa entèrese ak sa a, li pito aplike politik pou kraze richès sa a. Mete sou sa tou, nan lane 2000 pou rive 2011, pwodiksyon agrikòl la te ogmante nan tout domèn. Se pandan dènye lane sa yo la, pwodiksyon agrikòl la vrèman ap pran kou. Malgre tout politik neyoliberal Leta a ap aplike, men jiskaprezan se peyizasyon yo ki pwodui anviwon 44% sa nou ap manje yo. Malgre jan kondisyon yo ye a, richès peyi a chita sou pwodiksyon manje.

Enfrastrikti wout yo tou se youn nan eleman ki konstitiye yon blokaj pou pwodui yo sikile sou teritwa a. Tout enfrastrikti leta mete sou pye yo antre nan lojik pou favorize enpòtasyon ak ekspòtasyon, yon fason pou konekte ekonomi an ak mache mondyal la.

Diskou dominan ki toujou ap di Ayiti se yon peyi ki fini, agrikilti an fini, nou pa pwodui anyen, se pa yon diskou ki inosan. Se yon diskou ki rive travèse menm mantalite peyizasyon yo. Diskou sa a kontribye anpil nan kase vag mobilizasyon yo pou nou sispann batay pou konstwi peyi a.

*Èske ekspòtasyon an pa ta kapab jwe nan avantaj peyi a ? Èske nou pa te kapab voye vann nan lòt peyi tout sa ki rete anplis nan pwodiksyon an ? Menmsi nou konnen tou se yon ti gwoup moun ki kontwole mache ekspòtasyon an.*

Pwoblèm nan se lè objektif fondamantal la se ekspòte nenpòt jan sitiyoasyon an ye, kèlkeswa kantite ki genyen an epi kraze pwodiksyon nasyonal la pou fè ekspòtasyon. Si genyen

anplis sou sa nou pwodui yo ki rete, nou kapab voye vann lòt peyi. Tankou nan elvaj, nou genyen kapasite pou nou pwodui pou tèt nou. Genyen lòt peyi tankou Jamayik ak Sendomeng ki achte bèf, kabrit pentad elt. nan men nou. Men sa pa kraze pwodiksyon nasyonal la. Sa pou nou gade se kijan koneskyon an fèt ak mache kapitalis mondyal la pou pèmèt yon ti gwoup moun ap fè lajan. Fè ekspòtasyon an pa yon lojik ki chita sou bezwen vre. Daprè chif ofisyèl yo, peyi a genyen 5.2 milyon moun ki ap mouri grangou epi gouvènman prezidan defakto Jovenel Moïse la te bay 980 ekta tè nan Nòdès la pou fè pwodiksyon bannann òganik pou Almay. Pandanstan kantite tè sa a te kapab itilize pou pwodui plis manje pou popilasyon an. Nan menm zòn sa a tou, genyen tè ki ap pwodui *stevia* pou pwodiksyon kola. Chwa sa yo kont enterè nasyonal la epi yo ap rann peyi a pi pòv.

Leta te kapab mete sou pye yon politik ekspòtasyon pou pwodui atizanal nou yo, kòm Ayiti se yon peyi ki genyen anpil kreyativite nan domèn atizanal epi ki toujou pran premye pri nan fwa atizanal yo. Menm jan leta pa enterese ak kesyon manje a, domèn atizanal la pa enterese li tou.

Genyen kèk ekonomis se yo menm ki fè anpil moun nan popilasyon an kwè ekonomi peyi an chita sou valè dola a genyen an.



## 10 Konstriksyon altènativ ekonomik yo: nan kad ki pwojè politik global.

---

Entèvnan : Ricot Jean-Pierre ak Kepler Aurelien

### 10.1 Kisa ki yon altènativ?

- Yon altènativ se yon koupe fache ak sistèm kapitalis la pou pwopoze nouvo fòmil ekonomik, ki diferan parapò ak estrikti ekonomi kapitalis la ki chita sou eksplwatasyon.
- Se yon pwojè pou reyalize yon bagay oubyen rezoud yon pwoblèm.
- Se yon pèspektiv ki pa ale nan menm sans ak pratik anvan yo
- Se yon modèl ekonomik ki ale nan sans enterè mas la
- Se yon opozisyon ak mondyalizasyon kapitalis la
- Se yon chanjman

Metè sou tout definisyon ki bay sou altènativ la, sa pa vle di yon repons rapid sou yon seri pwoblèm. Se pito yon lòt sitiyasyon ki plase yon lòt pèspektiv ki pa anndan mondyalizasyon kapitalis la. Kesyon nou kapab poze, se koman pou nou konstwi yon altènativ ? Ki sans altènativ sa a dwe pran ? Èske altènativ sa a kapab yon solisyon n ap chache pou reponn yon pwoblèm mondyalizasyon kapitalis la kreye pandan nou ap chache kijan nou kapab viv avèk li ? Osinon èske nou ap chache konstwi yon lòt vizyon ekonomik sosyal ?

Altènativ la dwe konsidere anvan tout bagay, diferans ki genyen ant yon vizyon ak yon lòt. Sa vle di lè nou ap reflechi sou yon altènativ, nou dwe reflechi l sou yon baz kontrè parapò ak modèl dominan an ki egziste deja epi ki pa kadre ak sa nou genyen kom pwojè politik. Altènativ la pa kapab konstwi pandan se menm eleman yo ak menm pratik modèl dominan an nou ap itilize. Paske lè sa a, se tankou yon pansman nou mete sou maladi a epi ki pral pete yon lòt kote paske maladi a pa geri vre. Nan yon modèl ekonomi sosyalis, si nou pa jwenn yon mwayen pou nou kraze sistèm kapitalis la, nou enskri nan pèspektiv kapitalis la tou. Nou jis ap ralanti konsekans modèl kapitalis la genyen sou nou menm kòm moun.

Lè nou ap konstwi yon altènativ, nou pa dwe pran yon sèl dimansyon nan pwoblèm nan, nou dwe gade tout dimansyon yo. Sinon, li pral yon repons ak yon grenn pwoblèm. Paske altènativ la dwe konsidere tout aspè politik yo, ki pral pote mak li ak gwoup sosyal ki ap pote altènativ sa a. Epi kijan gwoup sa a eksprime altènativ sa a parapò ak vizyon politik li genyen an ki dwe konekte ak moun kom sijè istorik pwosesis chanjman sa a. Chanjman sa a dwe fèt nan pèspektiv pou chavire modèl ki la a pou mete sou pye yon nouvo modèl. Kidonk, altènativ la dwe enskri nan yon pèspektiv pou li granmoun tèt li. Sa vle di, li dwe antre nan pwosesis konstriksyon rapò fòs yo epi batay pou pran pouvwa a. Kèlkeswa altènativ la a, si li pa enskri tèt li nan dinamik konstriksyon rapò fòs la, li se yon branch nan modèl dominan an ki genyen anpil move konsekans sou lavi moun anjeneral. Pou fini, altènativ la dwe chita sou kesyon satisfaksyon bezwen moun, men pa sou ogmantasyon pwofit pou yon ti gwoup moun.

## **10.2 Kisa nou idantifye kòm eksperyans nan òganizasyon yo ki se altènativ ki ap boujonnen ?**

Nou mete sou pye yon atelye k ap fe pwodui atizanal ak serigrafi, yon fason pou nou mete atizana ayisyen an an valè. Men li pa fasil pou nou jwenn kredi nan kès popilè yo pou nou fonksyone. Lè nou resi jwenn prè yo, se ak yon enterè 25% chak mwa. Sa lakòz nou pa kapab kenbe vre. Mete sou sa tou, nou pa kapab jwenn zouti pou nou travay. Anpil zouti sa yo se Repiblik Dominikèn nou jwenn yo achte, alòske chaje jèn nan inisyativ sa a ki pa menm genyen yon viza osinon yon paspò. Yon lòt bò, nou chaje konkiran ki genyen mwayen pase nou pou yo achte zouti yo. Sa ki lakòz pri pa yo a pi ba sou mache a parapò ak pri nou kapab vann pwodui pa nou yo. Malgre tout difikilte nou jwenn pou nou kenbe atelye a, men parapò ak pozisyon ideyolojik nou, nou pa pral mande lajan tout kote.

Nou panse koperativ la, se li menm ki ap nan avantaj nou menmsi jounen jodi a li prèske fin disparèt depi aprè gagòt ki te fèt sou prezidan Aristid la. Li enpòtan pou nou menm sektè pwogresis yo gade kijan nou te kapab mete inisyativ sa yo sou pye ankò epi fè pèp la re pran konfyans nan yo pou yo kapab patisipe ladan yo.

Genyen yon koperativ Anse D'Hainault ki rele Koperativ Pwodiktè pou Devlopman Anse D'Hainault (COPDAH an franse). Koperativ sila fè pwodiksyon kakawo. Se yon òganizasyon ki te bay fon dewoulman pou aktivite a te kapab kòmanse fè eksperyans lan. Pou yon moun manm

koperativ la, fòk li genyen pou pi piti yon pasèl kakawo. Lè yon moun prete kòb nan koperativ la, lè gran rekòt moun nan kapab pote kantite kakawo ki genyen valè kòb li te prete a. Enterè sou prè yo pa depase 2% epi koperativ la pa bay moun prè pou al achte pwodui pèpè. Lè yo kakawo a fin vann sou mache a, yo bay manm yo ristoun. Genyen yon lòt bagay anndan koperativ la ki rele *pa privilejye*, se lè yon manm koperativ la chwazi envesti pou achte lòt pwodui pou koperativ la vann sou mache a. Lè kòb la rantre, se moun ki te envesti yo ki ap prensipal benefisyè. Lòt manm koperativ yo ap sèlman benefisyè ristoun yo tire pou moun ki pa t fè *pa privilejye* yo, li kapab 2%. Youn nan pi gwo defi nou rankontre anndan koperativ la, nou pa kapab sekirize kantite lajan nou vin genyen an. Nou oblije al mete kòb nou labank, sa ki pa nan avantaj nou. Paske nou konn bezwen lajan pou nou fè aktivite nou, epi bank lan pa vle bannou kantite nou bezwen an. Pou nou jwenn kòb sa a, fòk se 15 osinon 22 jou anvan pou nou rele pou nou mete yo okouran nou ap bezwen kantite lajan sa a pou yo kapab retire li pou nou. Koperativ la genyen yon kès solidarite tou ki la pou ede manm yo nan kèk sitiyasyon difisil. Koperativ la envesti tou nan sektè pèchri a. Men nou toujou genyen menm pwoblèm pou nou sekirize lajan nou.

Sou Ginette Cherubin, minis kondisyon feminen, yo te bay plizyè òganizasyon yon fòmasyon sou mityèl solidarite. Apre sa yo te vini ak yon lide pou mete sou pye yon bank altènatif pou ede medam yo jere aktivite y ap mennen tankou pwodui yo fè nan jaden yo. Men li pa t rive reyalize. Se yon rèv nou toujou ap nouri nan lespri nou lè nou gade sa ki ap fèt sou mache a, kote genyen yon seri moun kèk bank lage nan lari a ki ap mache envite moun vin pran kredi. Kondisyon an se sou chak 5000 goud yo prete yon moun, moun sa a genyen pou li remèt 5000 goud sa a plis 2000 goud chak dizyèm jou nan mwa a. Depi yon moun pa respekte dat sa, li ap genyen pou li remèt 4000 goud anplis 5000 goud li te prete a. Objektif bank sa yo se kase ponyèt malere ak malerèz yo pou rann yo pi pòv chak jou. Nan eksperyans mityèl solidarite nou fè yo, se pa pratik sa yo nou te konnen. Tankou te genyen yon èd nou te mande pou manm yon mityèl, nou pa t bay moun yo lajan pou yo te fè komès. Kondisyon an se te pou peyizan yo achte yon kabrit osinon yon poul, lè kabrit la oubyen poul la fè pitit, yo ap remèt youn nan biwo òganizasyon an yon fason pou òganizasyon an kapab toujou genyen mwayen pou li kapab envesti nan lòt sektè tou.

### **10.3 Pèspektiv ki kapab pèmèt altènativ n ap mennen yo deplòtonnen epi enpoze yo kòm modèl ekonomik**

- Yon evaliyasyon san rete sou rezilta eksperyans yo.
- Chache yon mwayen pou sekirize lajan yo pou nou pa al sere l labank.
- Tabli yon koneksyon nan mitan diferan òganizasyon pwogresis ki ap fè menm aktivite yo, pou pèmèt genyen echanj sou reyisit ak echèk eksperyans yo. Epi lè lajan nou rive fè a pete plafon, nou kapab investi li nan aktivite ekonomik yon lòt òganizasyon ap mennen, pandan nou ap tabli kondisyon pou sa byen mache epi fè pledwaye pou sa a.
- Tabli yon rezo nan mitan diferan koperativ yo, yon fason pou sa ki gentan genyen eksperyans yo kapab pote kole ak sa ki genyen mwens eksperyans pase yo osinon ki genyen difikilte pou kontinye egziste yo.
- Genyen aktivite ekonomik ki pran twòp tan, yo pa kapab pote rezilta ki rapid. Lè sa nou vin nan yon sitiyasyon ap jere lamizè. Nan sans sa a, genyen nesosite pou nou fè jefò pou jwenn lòt altènativ.
- Dimansyon politik la dwe entegre aktivite ekonomik yo
- Mete sou pye yon komisyon ki ap genyen pou fè envantè sou eksperyans ki ap fèt nan diferan òganizasyon pwogresis yo (gade nan ki rejyon yo ye, nan ki domèn, defi yo rankontre yo). Epi parapò ak potansyalite yo genyen yo, gade kijan kreye yon koulwa pou youn soutni lòt pou reponn ak yon seri bezwen tankou finansman, fòmasyon, enfrastrikti, eksperyans nan jesyon.
- Fòs politik sa nou ap pale a, dwe konekte ak altènativ ekonomik yo pou kraze yon seri obstak nan ladwàn tankou franchiz, epi kreye relasyon ak lòt peyi. Fòs politik la kapab patisipe tou nan mete sou pye lwa sou Ekonomi Sosyal Solidè.

### **10.4 Kijan fòs politik pwogresis yo kapab ranmase altènativ ekonomik yo pou entegre yo anndan yon pwojè politik global ?**

- Altènativ ekonomik nou ap konstwi yo dwe jwenn yon plas enpòtan nan pwogram politik yo

- Òganizasyon pwogresis yo dwe rive tabli Ekonomi Sosyal Solidè kòm yon estrikti ki genyen kapasite ak resous, ki genyen dizon sou desizyon ki ap pran sou ekonomi peyi a. Pa genyen okenn espas ki rekonèt nou kòm gwoup ki kapab bay dizon nou sou politik ekonomi peyi a. Fòk nou rive enpoze nou kòm aktè.

## 10.5 Diskisyon ak kòmantè

*Parapò ak repons ki bay sou altènativ yo, èske tout altènativ kont sistèm kapitalis la? Lè nou konsidere modèl ekonomi nou genyen la nan peyi a ki chita sou lojik achte/revann, enpòtasyon/ekspòtasyon, vann deviz/dola san pa genyen okenn pwodiksyon. Sityasyon sa lakòz yon chomaj san parèy. Nan sans sa a, èske yon modèl altènativ ki konstwi sou pwodiksyon epi ki rive kase chomaj masif la san li pa atake sistèm kapitalis la, se yon altènativ parapò ak modèl sa a ?*

Lè nou ap pale sou kesyon altènativ, sa vle di nou sitiye nou nan yon lot pèspektiv ak vizyon men sa pa vle di se sèlman nou menm ki ap fè altènativ. Si sa ta rive se sosyalis la ki dominan anndan yon modèl ekonomi, sa vle di lòt kan an li menm ap kreye altènativ fas ak modèl dominan sa a tou.

Jounen jodi a labank pa prete nou kòb, pandan nou genyen kòb nan men yo epi nou mete kòb nou tou nan kès popilè yo ki mete yo labank tou. Pratik sa a pa yon altènativ, paske li anndan kapitalis la menm, li anndan dinamik pou fè dappiyanp sou moun ak resous nan planèt la. Li enpòtan nan refleksyon nou ap fè yo, pou nou mete altènativ la kòm yon pèspektiv osinon yon vizyon ak pratik diferan. Kidonk sa vle di, altènativ nou ap konstwi a pa dwe genyen menm pratik ak modèl dominan nou ap goumen pou chavire a. Nan yon pèspektiv sosyalis, si nou pa jwenn yon mwayen pou chavire sistèm kapitalis la, nou senpman ap ralanti konsekans sistèm kapitalis la genyen sou lavi nou.

Se vre nou pale sou kesyon altènativ la kòm konstriksyon, men li t ap enteresan pou nou fè yon evalyasyon an pèmanans sou eksperyans altènativ n ap fè yo. Tankou kès popilè nou rive mete kanpe yo, anpilfwa se reyisit finansyè yo rive fè. Se vre yo rive ranmase anpil kòb men labank toujou mande pou kontwole kòb sa a. Sa ki bloke reyisit sosyal la ki te objektif fondamantal la. Kidonk anpil fwa sa nou ap mennen kòm altènativ ekonomik yo ki te genyen objektif pou kanpe kont sistèm kapitalis la antre nan lojik ogmantasyon pwofi kapitalis la.

Anpil fwa moun ki ap prete nan kès popilè yo pa kapab reponn ak egzijans yo fè yo sou enterè yo ki wo epi sou kantite tan yo defini pou yo remèt kòb la. Nan sans sa a, moun yo konn pa kapab ale prete nan kès popilè yo. Nan Vèrèt, genyen kès popilè anvan yo prete moun yo lajan, yo vin gade kisa moun nan genyen kòm byen pou yo kapab pran si moun nan pa ta kapab remèt kòb la.

***Anpil inisyativ ki pote non kès popilè pa kès popilè vre parapò ak jan y ap fonksyone tankou enterè yo ki fikse 20 pou rive 25 % chak mwa. Lojik kès popilè a chita sou baz moun yo ap depoze lajan pou yo kapab jwenn pou yo prete. Enterè a pa dwe depase 3% epitou fòk kès popilè a fè ristoun. Konsa tou, genyen yon bann inisyativ lè yo t ap fenk kòmanse ki te pran liy kès popilè, epi ki vin pa kès popilè ankò aprè yon peryòd.***

Anpil fwa kès popilè yo se yon seri inisyativ ki vle fè kwè yo enskri tèt yo nan yon dinamik altènativ parapò ak sistèm ekonomik an plas la, men poutan nan reyalyte a se yon seri estrikti ki la pou kontinye fè menm travay ak sistèm ekonomik an plas la. Sa konn rive lè yon moun al prete kòb nan yon kès popilè, pa genyen kòb disponib. Lè sa a, kès popilè a voye chache kòb la nan bank. Kidonk kès popilè yo genyen yon wòl yo ap jwe nan rann sistèm kapitalis la pi konfòtab. Li enpòtan pou nou fè anpil pridans ak yon seri inisyativ ki vle fè kwè se nan dinamik konstriksyon altènativ yo ye.

Sòti lane 2017 pou rive 2019, twa dènye lane Inivèsite Popilè a te chita sou Ekonomi Sosyal Solidè. Genyen yon ti dokiman sentèz ki fèt sou rapò chak edisyon yo. Nan dènye pati dokiman an, genyen yon analiz ki fèt sou anviwon 17 eksperyans ki di tèt yo se eksperyans Ekonomi Sosyal Solidè. Analiz sa a gade limit yo tou ak sa yo te rive bay kòm rezilta. Inisyativ sa yo te chita sou twa kategori : kredi finans solidè, pwodiksyon agwo alimantè, yon lòt kategori ki te piti parapò ak lòt yo ki te nan lojman. Analiz la montre pi fò nan inisyativ finans yo reyisi bay rantabilite finansyè kote yo te rive rasanble yon kantite epay rapid. Aktivite pwodiksyon yo menm bezwen anpil enfrastrikti epi yo fè fas ak anpil lòt konkiran ki genyen zanmitay politik, sa rann yo pran plis tan osinon yo genyen plis defi pou yo rive bay randman sou plan finansyè. Men yo kreye anpil travay, yo genyen ankraj nan sosyete a, kidonk rantabilite sosyal la te plis parèt posib.

Parapò ak kèk eksperyans nou pataje yo, nou reyalize genyen yon seri aktivite nan kesyon kredi ki rive ranmase yon kantite epay, epi ki rive yon moman yo pa konn kisa pou yo fè avèk lajan an. Lè yo bay moun yo kredi se pou yo achte pwodui enpòte. Genyen yon lòt seri eksperyans kote moun yo ap goumen nan kesyon pwodiksyon lokal epi yo pa kapab jwenn kredi. Kidonk genyen de (2)

reyalite diferan nan mitan nou menm ki ap eseye konstwi altènativ la. Genyen kèk eksperyans mityèl ki rive ranmase yon kantite lajan epi ki bay kredi pou moun achte pwodui enpòte, epi yon lòt bò menm genyen lòt òganizasyon tankou MOLEGHAF, ki ap eseye fè pwodiksyon atizanal men ki pa kapab jwenn kredi. Nou wè genyen yon pwoblèm koneksyon ant diferan òganizasyon ki nan dinamik altènativ yo. Mityèl solidarite ki rive ranmase anpil kòb yo te kapab itilize yon pati nan lajan an pou investi nan yon seri inisyativ kolektif ki nan pwodiksyon, epi mete kontwòl sou tout investisman ki ap fèt yo. Koneksyon an se youn nan pi gwo defi si nou pa rive leve, ki ap rann li difisil pou inisyativ pwodiksyon yo bay rezilta pou yon kantite tan.

Ekonomi Sosyal Solidè a kòm pwojè altènatif la genyen limit li nan sans kote eksperyans yo rive ranmase anpil kòb, men finalman se sistèm kapitalis la ki ap jere yo. Nan sans sa a, genyen diskisyon ak yon seri aksyon ki dwe fèt pou nou gade kisa nou kapab fè ak lajan yo, pou nou rive kanpe kont Bank Repiblik Dayiti (BRH an franse) ki fòse nou mete kòb la nan bank pou nou pa pran yon seri kontravansyon. Paske bank la bay tèt li kòm misyon pou sekirize depo ak epay moun yo. Nou dwe reflechi kisa nou kapab fè pou nou pa rive nan gonfle twòp lajan an, men pou nou gade kijan nou te kapab toujou kenbe liy investi lajan ki ap antre yo nan pwodiksyon lokal.

Parapò ak eksperyans mityèl ki prete kòb pou moun yo investi nan fè elvaj la epi moun nan ap genyen pou remèt òganizasyon an yon bèt la, li genyen limit. Se vre nou rive dekouraje moun yo antre nan dinamik ki ap kase ponyèt yo, men moun yo bezwen aktivite pou yo brase lajan. Lè nou konsidere kantite tan pou yon kabrit fè pitit, yon altènativ pa kapab pran tout tan sa a pou li konstwi. Paske moun yo chaje bezwen chak jou nan lavi yo pou yo jere. Yon dinamik ki pran tout tan sa a, sanble antre nan yon jesyon lamizè. Nou dwe gade kisa nou kapab fè pou altènativ yo rive deplòtonnen tout bon vre pou yo rive enpoze yo.

Òganizasyon AJ3L te patisipe nan yon rankont nan palè nasyonal an me 2008 sou yon pwojè agrikilti prezidan Preval. Nou te fè yon pwopozisyon pou mete kanpe yon bank kominotè nan nivo nasyonal. Bank sa a t ap genyen pou ranmase danre peyizan yo epi bay machann yo yon kantite nan pwodui yo pou al vann nan mache selon pwodui yo abitye vann. Men machann yo t ap genyen yon pousantaj sou pwodui yo vann yo. Men yo pa t kenbe pwopozisyon an.

***Parapò ak tout dezòd ki ap fèt nan koperativ yo sou kesyon enterè yo, èske pa genyen yon lwa ki ekri sou sa?***

Genyen yon lwa ki ekri sou koperativ ki di enterè yo pa dwe depase 3%.

Genyen yon lòt lwa sou koperativ, ki te ekri nan lane 1980 yo sou rejim bout di a ki te fikse yon plafon sou enterè global la ki pa t dwe depase 20% sou yon lane. Nan lane 1995, peyi ki te patisipe nan fè koudeta nan peyi a 30 sektanm 1991 lan avèk akò Pari a ki siyen nan mwa dawout 1994 la kondisyon pou Aristid te retounen nan peyi a ak pwojè neyoliberal yo, genyen yon dekrè ki te kraze plafon ki te fikse a. Se depi lè sa a, pa genyen yon plafon vre ki limite kesyon kredi yo, malgre aktivite sa yo ap toupizi moun yo, men se tankou yo pa ilegal.

Lè nou ap reflechi sou kisa yon moun kapab investi nan peyi a pou li mache, se toujou yon defi. Paske nou nan yon ekonomi global sovaj ki lakòz anpil nan inisyativ nou ap pran yo pa kapab mache. Parapò ak plizyè eksperyans ki ap fèt yo, nou remake investisman ki fèt nan domèn agwoalimatè yo sanble plis kapab bay rezilta. Genyen yon eksperyans boulanjri Marigo ki mache byen, li bay anpil rezilta sou plan finansyè. Nan yon moman se 8 sak farin, boulanjri an te konn itilize pou fè pen chak jou. Aktivite a tèlman ap byen mache, se kat yo te konn distribiye pou moun ki ap achte yo, tèlman te konn genyen moun. Domèn agwo alimantè a satisfè bezwen chak jou (manje) moun yo. Sa ki t ap enteresan nan domèn sa a, se gade kijan itilize yon seri pwodui ki ap gaspiye nan peyi a. Epi li enpòtan tou pou ta genyen yon koneksyon nan mitan tout eksperyans yo, paske chaje lòt eksperyans ki ap fèt men moun pa rive konnen yo.

Eksperyans ki ap fèt nan pwodiksyon kakawo a ta dwe gade kijan yo te kapab varye pwodiksyon an. Paske nou menm ann Ayiti nou konsome chokola vre, men se pa nan menm nivo ak anpil lòt peyi. Genyen yon kantite chokola se nan lòt peyi nou ap oblije voye vann li. Epiou pa bliye nan listwa peyi nou, nan peryòd kolonyal yo, nou te genyen espesyalite nan pwodui kakawo ak kafe pou voye vann nan lòt peyi. Se te yon modèl ekonomi ki te chita sou fè yon seri pwodui ki pa endispansab nan konsomasyon moun yo vre.



## **Pou fini**

Diskisyon yo pa t sèlman chita sou refleksyon teyorik. Te genyen echanj ak pataj lide ak eksperyans ant divès òganizasyon ki te patisipe yo. Se te yon fason pou nou te pwodwi ansanm reflesyon kritik sou mouvman sosyal ak popilè ayisyen yo epi fè lòt pwopozisyon pou kore epi ranfòse batay mas popilè yo ap mennen pou byennèt li ak dwa grandètmajè peyi a.